

INTAMBARA IHAMBAYE

CANE YIGEZE KUGWANWA



Urakoze, Mwene Data Orman. Umwami Aguhezagire.

²

Mwaramutse, bagenzi. Ndanezerewe cane kuba ndi hano ubugira kandi kino gitondo, kandi bisa n'uko bitari vyitezwe, ndibaza, kuri jewe ubwanje, kandi ndazi neza ni ko biri no kw'ikoraniro. Nariko ndasoma gusa hanyuma... Urakoze, mushiki wanje. Kandi bisa n'uko Umwami Yanshize ikintu kimwe gito ku mutima, nozanira Ishengero, kandi niyumviriyeye yuko cari igihe co kubikora. Rero ubu ibi...

³

Igihe nashika, ico gihe ntari nzi ko twobaye turi hano uyu w'iyinga, Nari namenyesheje ko mfise U-Ubutumwa kw'Ishengero. Kandi nshaka, Imana Ibishatse, kuzana ubu Butumwa kuw'iyinga uza. Kandi buzofata umwanya muremure, rero, birashoboka ko tutazosohoka imbere y'isaha zitandatu n'inusu, isaha indwi, kumbure, bibaye ayo masaha. Bumaze igihe kirekire buri ku mutima wanjye, kandi nibaza ko ntegerezwa guha abantu inyishu ku gituma namaze igihe ntaboneka mu gikorwa. Narigishije ndabica i ruhande, ariko ndazi neza ko bitarigera bitomorwa uko vyategerezwa. Rero niyumvira, Umwami Abishatse, ku w'iyinga uza, nshaka nyene gufata umwanya ndavyerekane, imvo n'igituma, hanyuma ndabamenyeshe, mfatiye ku Vyanditswe, ibiriko biraba, murabona, imvo y'ivyoyose. Kuko, birashoboka ko nzoja hakurya y'amazi canke ahantu kanaka vuba cane. Ndarindiriyeye ngo ndabe aho Azompamagarira kuja. Ubushize...

⁴

Nko mu majoro atatu aheze, canke abiri, narahamagawe kuri terefone hafi mu gicugu; kandi kwari ugusengera umugore umwe yari mu bitaro. Maze barampamagara, bavuga ngo: "Senga." Ndibagiye izina bampaye, ryo... Bavuga ko yari umugenzi w'Umupfasoni James Bell, mushikiwacu hano mw'ishengero, mushikiwacu w'umwirabure, umwizigirwa cane, umugore ameze neza. Nibaza ko iryo zina ryari Shepherd, iryo bampaye. Rero naciye mva mu gitanda nca ndapfukama, nca—nca ndabwira umugore wanjye. Inkengeri ya terefone, yaramuvyuye. Nca mvuga nti: "Dutegerezwa gusengera Umupfasoni Shepherd, mushikiwacu yaterefonye, ni umugenzi w'Umupfasoni James Bell." Rero twaramusengeye, turasubira mu gitanda.

⁵

Hanyuma rero nk'isaha zine canke zitanu, bukeye, baranterefonye kandi. Yari Billy. Aca avuga ngo, ntiyari Umupfasoni Shepherd, ngo yari Umupfasoni Bell ubwiwe, ntiyari umugenzi w'Umupfasoni Bell. "Yari Umupfasoni Bell,

kandi ari mu bitaro, araremvye cane.” Nca ndihutira ku bitaro, ariko yari yamazze kugenda. Umwami Yari Yahamagaye Umupfasoni Bell, i Muhira.

⁶ Umupfasoni Bell yabaye umwizigirwa akoranira hamwe natwe hano kw’ishengero, imyaka myinshi. Umugabo wiwe, James nanje, twarakoranye, hamwe na data, haraheze imyaka myinshi, twinjiza...twinjiza amabehewa y’ishirahamwe ry’inziya y’indarayi rya Pennsylvania tuyinjiza mu bubiko bwa Colgate hano, haraheze imyaka myinshi, ndibaza haraheze imyaka mirongo itatu, canke irenga. Kandi turakunda Mushikiwacu Bell. Yari umuntu w’igitangaza.

⁷ Kandi ku vyo numvise yafashwe n’indwara y’utuvyimba two mu ndurwe, baca ba...Umuganga wiwe, yari azi neza iyo ngorane, ntiyari mu gisagara muri icyo gihe. Hanyuma umuganga mushasha aza kumuraba, a—aca abagira inama ko bamubaga vyihuta, nawe ntiyaharokotse. Kandi—kandi yari... nibaza we...Uko ndabitahura, n’uko umuganga yari asanzwe amukurikirana atari kwandika ko ba—bamubaga, kuko yari asanzwe avyibushye n’indurwe yiwe yari imeze nabi. Yari afise utuvyimba, niko nibaza, canke harimwo ikintu kinaka muri yo, a—ariko Umwami Yari Yabaye Umunyembabazi. Yahora afatwa imbere yaho hanyuma Umwami Akavyitaho, incuro nyinshi. Ariko vyarashitse bigenda...Egome, tubishize ku gipimo, twovugaga tuti: Imana Yarahamagaye Mushikiwacu Bell, kandi uko ni ko vyategerezwa gufatwa, murabona.

⁸ Kandi ukuntu Yahushije...babimbariye nabi, nkiyumvira ko yari Umupfasoni...Umwigeme Shepherd. Sinari nzi Umwigeme Shepherd. Uwo mupfasoni ashobora kuba ari hano, kino gitondo, nshobora kuba nomumenya ndamubonye mu maso. Ariko, bavuze ko yari Umupfasoni Shepherd. Nimba vyose vyagenze gutyo, kugira ngo niyaba...Iyo nza kumenya ko yari Umupfasoni Bell yari amerewe gutyo, Kumbure nari guca ngenda nkamusengera ako kanya nyene. None rero, murabona, yuko, Imana Itashaka ko tubikora, kumbure. Rero, “Turazi yuko ibi bintu vyose bifataniriza hamwe kuzanira ivyiza abakunda Imana.”

⁹ Kandi ndazi neza ko Mushikiwacu Bell yakunda Umwami wacu. Yari umugore ameze neza. Rero, ni umwe muri twe. Hano, nta karimbi k’amacakubiri y’amoko dufise. Umuryango w’Imana ntuca akarimbi k’amoko. Twoba abatukura, ab’inzobe, abirabura, abasa n’umuhondo, ntaco bitwaye, canke twera. Ivyo ari vyo vyose, turi abavukanyi muri Kristo. Rero tu—turamukunda. Kandi tuzomukumbura, ikoraniro. Ukuntu nzokumbura, za “amen” zikomeye, nini, z’ijwi risaraye za Mushikiwacu Bell, hariya inyuma mu mfuruka. Iyo bamugarukanye muhira, yaba ariko avugaga ivy’Umwami Yesu.

¹⁰ Namba natahuye neza, ntavyo nari nzi ndabimenye mu

kanya gaheze nyene, ariko niyumvira yuko ibijanye n'amaziko bizobera hano nyene mw'ishengero. [Mwene Data Neville avuze ati: "Ni vyo."—Umw.] Kuri uyu wa kabiri uza ["Isaha indwi."] isaha indwi. Niyumvira ko jewe na wewe ari twe tuzorongora ["Ni uko biri."] mur'ico gikorane c'amaziko.

¹¹ Ariko, nk'ishengero nyene, twacitse intege kuko tuburamwo umuntu umwe kano gatondo, mu kwubaha Mushikiwacu Bell, reka duhagarare akanya gato, mu gihe twunamitse imitwe.

¹² Imana y'ubuzima, Itanga kandi Iगतwara ubuzima, nk'uko Yobu yavuze kera, "Uhoraho ni We Yagavye kandi Uhoraho ni We Agaburujye; Izina ry'Uhoraho rishimagizwe." Haraheze imyaka, Warungitse Mushikiwacu Bell hagati yacu, ngo abe umwenegihugu hamwe natwe, wa wa muryango munini rusangi w'ubutunzi bw'Imana. Kandi turaGushimiye kukuba icitegerereze kwose yari ari imbere yacu, ingene yakunda kuririmba no gushinga intahe, n'ingene yuzura cane Mpwemu gushika aho akoma induru avuza akaruru. Ntiyaterwa isoni n'Ubutumwa Bwiza bwa Yesu Kristo, kuko, kuri we, Bwari Ubushobozi bw'Imana kubw'agakiza. Twabona imyaka yiwe yongerekana, kandi igihe kirashitse aho twese tuzokwitaba umuhamagaro. Wamukuye hagati yacu, kino gitondo, ngo abe mu Nyonga zaWe. Kuko, ni ivy'ukuri ko, iyo tuvuye hano, tuba mu Nyonga h'Imana.

¹³ Ewe Mana, turaGushimiye kuri vyose. Turasaba ngo Uhezagire umugabo wiwe, umugenzi wanjye, James; umuhungu wiwe, abakobwa biwe, abo bose. Turatahura ko umuhungu wiwe ari mu ndege aya mu Budagi, avuye mu nzego z'umutekano, aza muhira, kugira ngo ashere ubwa nyuma uko ashoboye, hano kw'isi, umuhisi mama wiwe. Ukuntu umutima w'uwo musore utegerezwaga kuba uriko uradihagizwa kano gatondo. Ndamusengeye, Mwami. Mana, muhezagire. Hezagira Jimmy, ese ukuntu a... Kumubona akora hariya, amasaha aruhije, kugira abesheho umuryango wiwe. Ndasenze ngo uwo muryango uhambaye ngo ntuzotandukane, ariko ca kigurudumu c'umuryango kizobe ikidacika muri ca Gihugu, hariya hakurya.

¹⁴ Ese, Mwami, kano kanya twogumisha rwose ibirwanishwa, n'igikenyezo, tukabigumisha kurusha, maze tugasohoka tukaja ku rugamba ubu, tukarwana tuburamwo umuntu uwo twari dufise mu ndwi iheze. Turasenze ngo Udushigikire kandi Udukomeze, Udufashe mu gihe tubandanya, maze umunsi umwe twese tuze twongere dukoranye hamwe hariya hakurya. Kuko tubisavye mw'Izina rya Yesu. Amen.

¹⁵ None rero reka umushaha w'umuhisi mushikiwacu uruhukire mu mahoro. Nashaka kuvuga ko a—amaziko yiwe tuzovuga ubutumwa hano kuw'iyinga nako kuwa kabiri, kandi tuzo... Abipfuzaga kuzoza bese barahawe ikaze ngo bazoze.

Nibaza ko Mwene Data Neville hano afise integuro, namwe mwayironse. Rero, uno munsu, nashaka gusa . . .

¹⁶ Murabona, nta benshi bahari. Nimba hashobora kuba intebe ahantu hamwe mwozanira Mwene Data na Mushikiwacu Slaughter bari hariya inyuma. Nararonse terefone yawe, Mushikiwacu Slaughter, nca ndagenda gusengera intuze yawe . . . Mushikiwacu wundi Slaughter, Mushikiwacu Jean Slaughter afise inyonko y'urukwavu, tularemia. Koko iramumereye nabi, ariko turizigiye Imana ko azokira.

¹⁷ Ubu dushaka gusoma Icanditswe kimwe. Kandi nshaka gusa kwigisha muri iki gitondo, gufata umwanya ukwiye, kuko kuva ngarutse mvuye muri Arizona, emwe, umuhogo wanje urasariye gatoya.

¹⁸ Kandi rero, ku w'iyinga uza, ntimwibagire, kandi niyumvira ko Billy yamaze kurungika a—amatangazo. Kandi kizoba ari igikorane kirekire, turavyibaza, rero muzoze kare uko mushoboye. Dushaka gutangura, neza na neza nk'isaha zitatu n'igice, canke nshaka kuvuga, isaha zine. Kandi kumbure, mwibuke, nk'isaha indwi canke indwi . . . kumbure, canke isaha zitandatu n'igice, isaha indwi, ikintu nk'ico, ni amasaha atatu canke ane, canke arenga, nashaka gufata, mfate gusa Ivyanditwse. Muzozane amakaramu n'amakaye, muvyandike gusa. Hari kibazo kanaka, muzobaze—muzokibaze, murabona, kumbure twashobora kugisigura, gukora ico dushoboye ngo dufashe.

¹⁹ Reka rero dusome Ivyanditswe bimwe, ubwa mbere, ubu. Ndafise ahantu hatatu muri Bibiliya, nashaka gusoma. Ica mbere muri vyo, namba mushaka kuvyandika, kandi mufise ikaramu, nashaka kwishimikiza, kino gitondo, ibisomwa vyinshi nashaka . . . canke Ivyanditswe vyinshi, nako, nashaka kwishimikiza. Ubwa mbere ni 1 Petero 5:8-10, Abanyefeso 6:10-17, na Daniyeli 12:1-14. Rero, mu gusoma, dufate umwanya wacu.

²⁰ Mu bisanzwe abantu bose baricaye. Rero, bake baracahagaze, inyuma no ku ruhande. Ariko turaza kugerageza kunyarutsa uko bishoboka kugira ngo ndabarekure, hanyuma turaza gusengera abarwaye.

²¹ Turafise umugore mutoya aryamye ng'aha iki gitondo, arwaye cane. Natahuye ko yari arwaye cane, ejo hahise. Na—nashaka gusa ko yumva kino gitondo, ubwa mbere, imbere y'uko ndamusengera. Ndazi uko uwo mupfasoni muto amerewe. Ararembye cane, ariko dufise Data wo mw'Ijuru Akomeye cane Arushirije kuba Yaranesheje indwara zose. Ndafise i—intuze ntoya . . .

²² Nari nabajije Umupfasoni Wood nimba yashobora kubisoma, ariko ya—yasa n'uwijijanya umutima ku—kubikora. Ikinyamakuru, aho umuganga yari yatangaye vy'ukuri. Mu

gihe, we yari uwunegura ivyo ugukiza indwara kw’Imana ku buryo atanemera ko hagira n’umuntu n’umwe anabivugako mu biro vyawe; n’umuforoma wiwe, na we. Rero, vyarashitse, aronka umurwayi yari agwaye kanseri, kanseri igeze kure. Ntaco yashatse kubikorako, n’uko aca amurungika ku bindi bitaro. Ntibashatse kugira ico babikorako na ho nyene, n’uko baca baramusubiza inyuma. N’uko ba... Oo, yari kw’ibere, kandi ryari rimeze nabi cane. Urusato rwari rwarariwe rwose. Kandi iyo kanseri, yari yamanutse mw’ibere, mu mbavu. Nibaza ko mutahura ico nshaka kuvuga.

²³ Turafise umuganga w’umugenzi wacu ava muri Noruveje ari kumwe natwe iki gitondo.

²⁴ Aca arategura ibikoresho vyose, kuko yavuga ko azi ko—ko yashaka ko amubaga agakurako nya bere. Kandi cari igikorwa gituma ava amaraso cane. Nuko—nuko arategura ibikoresho vyose, ibintu vyose. Umuforoma arategura uwo mugore aramujana mu cumba c’ibagiro, hanyuma aca asubira inyuma kuzana ibikoresho vya... vyari gukoreshwa n’umuganga n’uwumufasha, kugira ngo bamuce ibere. Kandi bari bamufutse n’ibitambara n’ibindi. Hanyuma baratangura...

²⁵ Igihe yatangura kuzunguruka, umugabo wiwe yarashatse kumenya nimba yoshobora kwicara mu mfuruka y’icumba agasenga. Yari umuvugabutumwa w’ubweranda. Yaciye yicara iruhande y’ukuguru kw’igitanda, ariko arasenga. Nta nkeka, umuganga ntivyamunezereje, murabizi, kubona we yari aho. Ariko mu gihe atariko araraba, hanyuma ngo bimubabaze, emwe, ati: “nibaza ko ari neza; ntaza—ntaza guta ubwenge.”

²⁶ Rero igihe yari yicaye, asenga, haciye haza uguhuhuta mu cumba. Hanyuma umuganga arahindukira aja ku... n’ibikoresho vyawe, ngo atangure gukurako iryo bere. Yakurako igitambara ku kindi. Nta n’inkovu yari kw’iryo bere; nta n’inkovu. Aravugaga ati: “Mbe ri—rira... Riragenda?” Aca atangura... Umuforoma aca amushingira intahe. Bose hamwe baciye bagenda bahinduka abapentekoti, buzuye Mpwemu Yera, bakorera Umwami. Nta n’inkovu!

²⁷ Muganga Holbrook yarashinze intahe, ubwiye avugaga ati: “Umunota umwe imbere y’aho, hari uwo—uwo mugore ariyame ng’aho, n’umuforoma, n’iyo kanseri yasatuye yakwiragiye hose kw’ibere ryiwe. Hanyuma haheze umunota umwe, nta n’inkovu yari iri aho yavuye.” Uwo ni umwe mu baganga beza cane dufise hano muri Amerika. Yavuze ko yaciye yemezwa ako kanya nyene. Kandi we, yamara, yari umudiyakoni mw’ishengero rimwe. Murabona?

²⁸ Murabona, abantu biyumvira gusa ko ishengero ari ikintu co kujamwo gusa, bikaba ari: “Oo, ujaye ngo wige kuba umuntu ameze neza, canke ikintu nk’ico.” Ivyo si vyo, mugenzi. Oya. Imana ni Imana. Irahambaye uyu muni nk’uko Yari, uko Yamye.

Kandi niko Izokwama ibihe vyose. Kandi Yo ni . . . Tura Yikunda gusa.

²⁹ Ubu, dushaka gusoma ubwa mbere muri 1 Petero, igice ca 5, umurongo w'8 n'uw'10, kugira dutangure.

Mwirinde ibiboreza, . . . mwame mugavye, umwansi wanyu ari we Satani, . . . agendagenda nk'intambwe yivuga, arondera uwo arotsa:

Mumurwanye mufise ukwizera . . . gushikamye, muzi yuko imibabaro ihwanye n'iyanyu ishitswa no kuri bene Data bari mu'isi.

Kandi Imana igira ubuntu bwose, yabahamagariye ubwiza bwayo budashira muri muri Yesu Kristo, nimwaheza kubabazwa akanya gato, izobahingura rwose ubwayo, izobaremesha, ibahe inkomezi.

³⁰ Ukuntu Imana Yoshimwa! Ubu naho mu Gitabu c'Abanyefeso. Twashaka kuzingurura hano mu Gitabu c'Abanyefeso, igice ca 6, nashaka dusome ku murongo wa 10 kugeza ku wa 17, nari navyanditse.

Ibisigaye, bene Data, muremesherezwe mu Mwami wacu, no mu bushobozi bwiwe bwinshi.

Mwambare ibirwanisho vyose vy'Imana, kugira ngo mushobore guhagarara mudatsinzwe n'ubugunge bwa Satani.

Kuko abo tunigana atari abo inyama n'amaraso, ariko tunigana n'abakuru n'abafise ububasha n'abaganza isi— iyi si y'umuzimagiza, n'impwemu mbi z'ahantu ho mu'ijuru.

Kubwo ivyo mwakire ibirwanisho vyose vy'Imana, kugira ngo mushobore kudatsindwa ku musu mubi, . . . kandi nimwaheza vyose mugahagarara mushikamye.

Nuko rero mushikame, mukenyeje ukuri, . . . mwambaye ukugororoka nk'icumana gikingira igikiriza; mwambaye ibirato, ari kwo kwitegurira kuvuga ubutumwa bwiza bw'amahoro.

Kandi hamwe n'ivyo vyose, . . . mwakire inkinzo y'ukwizera ni yo muzoshoboza kuzimisha imyampi ya wa Mubi yose yaka umuriro.

Mwakire inkofero yagakiza, hamwe n'inkota ya Mpwemu, ni yo jambo ry'Imana:

³¹ Ubu naho mu Gitabu ca Daniyeli, nari nipfuye gusoma iyindi. Rero, Daniyeli igice ca 12. Nshaka gutangurira ku murongo wa 1, nsome i—igice kinini cavyo, imirongo cumi n'ine.

Maze ico gihe . . . Mikayeli azohaguruka, ni we mukuru w'ingabo ahagarikiye ubwoko bwanyu; kandi hazoba . . . igihe c'umubabaro utigeze kubaho uherye

igihe amahanga yabereyeho, ukageza ico gihe: Ariko ico gihe umuntu wese wo mu bwoko bwanyu azoboneka ko yanditswe mu gitabu azorokoka.

Kandi benshi bo mu bazoba basinziriye muvuru hasi bazokwikangura, bamwe bikangurire ubugingo budashira... abandi bikangurire ibimaramare n'ibiteterwe bitazohera.

Kandi abagize ubwenge bazokayangana nk'ugukayangana kwo mu kirere c'ijuru, n'abashikanye—abashikanye benshi ku bugororotsi bazokwaka nk'inyenyeri ibihe bitazoshira.

Nuko rero wewe Daniyeli, ugumize muvubanza ayo—ugumize muvubanza ayo...ico gitabu, ugifatanishe ishashara idomyemwo ikimenyetso ntihagire uwo uyahishurira gushitsa mu gihe c'iherezo: ni ho abantu benshi bazosesangura muri ico gitabu kandi ubwenge buzogwira.

Maze jwe Daniyeli nditegereza, mbona abandi babiri bahagaze,...umwe ku nkombe yo hakuno y'uruzi, uwundi kuyo...hakurya.

Umwe abaza wa muntu yambaye impuzu zera, yari hejuru y'amazi yurwo ruzi ati: "Ivyo bitangaza bizogeza ryari?"

Mbona wa muntu yambaye impuzu zera, yari hejuru y'amazi yurwo ruzi, amanika ukuboko kuw'iburyo n'ukwo mu bubamfu, ayatunga muv'ijuru; numva arahira Iyibaho ibihe bitazoshira ati: "Bizomara igihe n'ibihe n'igice c'igihe, kandi nibamara guherengeteza ubushobozi bw'abantu b'Imana ivyo vyose bizoba biheze."

³² Nibaza ko mpagarikira hano. Nashaka gufata icigwa, nimba nocita icirwa nkuye hano, kugira ngo nshike ku gusozera ngo: *Intambara Ihambaye Cane Yigeze Kugwanwa*. Ni co nshaka gukoresha nk'icigwa.

³³ Rero, ukuntu nashitse kuri bino nk'icigwa ca kino gitondo: Duherutse kugaruka vuba hano muv'ishengero; abazewabantu bakeyi, nanje ubwanje, twari muri Arizona. Twaragiye, mu bisanzwe, gukoresha igikorane i Phoenix, twe na Mwene Data Sharrit, muv'ikoraniro ryiwe. Ariko igihe namenya ko ha—hari mwene Data yari mu gisagara, akoresha ibikorane muv'ihema, emwe, rero numvise nsa n'uwohesha ku bijanye no gukoresha igikorane. Nibajije ko nogikoresha kumbure kuw'iyinga ku muhingamo, kugira ngo ntihagire n'umwe ngora mu mashengero yabo. Ariko, nasanze yari afise igikorane no kuw'iyinga ku muhingamo, naho nyene. Nasa n'u—uwudatekanye ku bijanye no gukoresha igikorane.

³⁴ Nuko rero bene Data, aho kubandanya umunsi, nk'uko twariko turahiga, twaciye tuja mu gisagara, turitegura, duca tuja mu bikorane kwa Mwene Data Allen. Mwene Data A. A. Allen yariko akoresha ibikorane. Rero twaciye tuja muri ivyo bikorane, kandi Mwene Data Allen yigishije ubutumwa bw'inkomezi. Twaragize i—ibihe, ibihe vyiza, twumviriza Mwene Data Allen, twumviriza a—abaririmvyi, n'ibindi, ukuntu baririmba, bavuzza akaruru, tugira igikorane gihambaye.

³⁵ Kandi rero twarabonye, mu nzira yose, ukuboko kw'Umwami. Aho twagiye hose, Umwami Yesu twarahura. Kandi hari ikintu c'umwihariko ku bijanye no kugenda ukaba wenyene, hiyo mu bugaragwa. Hari ikintu kuri ivyo, ko iyo ubaye wenyene muri ubwo buryo, hariho ikintu kinaka kigukwega. Ico, ndibaza, ni kimwe mu bituma nkunda uko kuba hiyo muri ivyo bibanza vyitanguye. Uja kure y'inkomezi z'umwansi, nyinshi cane nk'iziri hano.

³⁶ Idayimoni bisa n'uko ata kibi yoshobora gukora itaronse ico ikoreremwo. Ate... Muribuka ba badayimoni bari birukanywe muri Gitero? Bari... bashaka gukora ikibi kurushiriza, n'uko baca bashaka kuja mu ngurube. Rero, abadayimoni bategerezwa kuronka ikintu bakoreramwo, umuntu bakora baciye mwo.

³⁷ Kandi ni uko n'Imana na Yo Ikora. Itegerezwa kuba Idufise. Ni twebwe Yishimikiza, ngo Ikore Iciye muri twebwe.

³⁸ Benshi baraje igihe twari mu rugendo, bafise indoto. Umwami Yesu ntiYigeze Ananirwa kubaha insobanuro y'ukuri, kandi vyaba uko nyene, neza neza uko nyene.

³⁹ N'uko rero Yatubereye mwiza, Aturongorera ku bikoko Atubwira n'aho vyari. Kandi, murazi, kuba gusa aho nk'uko, ni vyiza cane. Kwicara, mw'ijoro, mukikuje umuriro, kure y'abantu bose, ku birometero n'ibirometero n'ibirometero, mwitegereza ingene u—umuriro uravya ibirimi i ruhande y'udusongero tw'ibitandara. Kandi, oo vyari gitangaza!

⁴⁰ Mwene Data umwe hariya, yari afise ingorane n'umugore wiwe, yari afise... Haraheze imyaka, yunamuye umutwe mu gikorane, aho nariko ndakoresha igikorane. Nari nabasavye ko baguma bunamitse imitwe; hariho impwemu mbi itashaka kuva ku—ku mugore umwe, yari imbere. Hanyuma uwo mugore, n'ukutubaha, aca yunamura umutwe uko biri kose. Iyo mpwemu ica iva muri uwo mugore, aho imbere, ica imujako. Ubu haheze nk'imyaka cumi n'ine ivyo bibaye, kandi uwo mugore amereye nabi cane; nabi cane, mbere no mu mutwe, gushika n'aho akora ibintu nyene bitanabereye. Nk'akarorero, yaravuye ku mugabo wiwe bwite, aragenda aja kurongorwa n'uwundi mugabo mu gihe yari akibana n'umugabo wiwe; yemeza ko yabikoze atabizi. Kandi rero ba—baragerageje kumusuzuma kubw'iy... Mbega muvyita gute, igihe mwi... Urwiba? Ni... Bagenzi, uko vyokwitwa kose. Nibaza ko ari vyo, muganga. Ariko ntivyari

ivyo. Yari impwemu. Kandi we... Uwo mugore yari umugenzi wanjye mwiza. Ariko kuva kuri uwo mugoroba, kubandanya, yaranyanse n'ibigirankana. Nta nkeka, murashobora kubona igituma vyari uko.

⁴¹ Ariko rero igihe umugabo wiwe yaza, hanyuma tugapfukama mu cumba tugasenga, Mpwemu Yera Yaciye Amanuka. Vyari ivyo. Yaciye Yiyereka umugabo wiwe iryo joro, mu ndoto. Yaragarutse afise indoto, yibaza ko kwari ugufyina. Yaje gusanga yari yo nyishu nyene yari ikenenewe ku gukira kw'umugore wiwe. Ukuntu Mpwemu Yera Yakoze!

⁴² Twarabandanije gushika i Tucson, na Mwene Data Norman hamwe n'abandi, aho ni ho Umwami Yatanguye gukora kandi ibintu bihambaye, vy'inkomezi no guhishura ibintu.

⁴³ Ijoro rimwe, icatumye nshika kuri iyi ntahuro hano, nari mpagararanye na Mwene Data Wood na Mwene Data Sothmann. Kandi twari... hari nk'isaha zine z'ijoro, nariko nitegereza mu kirere, hanyuma hanzako ugutangara guhambaye. Nca mvuga nti: "Ehe ni mwigereze gusa! Izo ngabo zihambaye zo mw'Ijuru!" Mvuga nti: "Vyose biri mu guhuza ntangere."

⁴⁴ Mwene Data Wood aca avuga ati: "Uravye utunyenyeri tubiri ukuntu twegeranye cane, ku buryo dusa n'utugize umuco umwe."

⁴⁵ Nca mvuga nti: "Ariko, urazi ga Mwene Data Wood, bijanye n'ubushakashatsi, muri wa murwi w'inyenyeri bita Idubu, Idubu Ntoya, Idubu Nini, izo nyenyeri zisa n'uko zidatandukanywa n'amasantimetero n'atanu; ariko ziri kure na kure hagati yazo kuruta uko turi kure yazo. Kandi hamwe zoza zigana kw'isi, zigenda ku muvuduko w'ibirometero ibihumbi kw'isaha, vyotwara, vyotwara imyaka amajana n'amajana kugira ngo zishike kw'isi." Nca mvuga nti: "Muri uwo mukorere uhambaye, wagutse hano, kandi banatubwira ko barabira muri za jimeri, aho bashobora kubona igihe c'imyaka y'umuco imiriyoni ijana na mirongo ibiri, kure hariya; kandi haba hakiriyo amezi n'inyenyeri. Kandi—kandi, yamara, Imana ni Yo Yaremye kimwe kimwe cose muri vyo. Kandi Ivyagiye hagati yavyo."

⁴⁶ Nca mvuga nti: "Ahantu hamwe hariya, baranyeretse, igihe kimwe mu nzu y'irabiro, zodiacake; zitangurwa n'Inkumi, hanyuma hakaza Igihe ca Kanseri, bikabandanya gushika ku ca nyuma cari intambwe, Leo intambwe. Ukuza kwa mbere kwa Kristo, vyacye ku nkumi; ukuza kwa kabiri, bica ku Ntambwe yo mu muryango wa Yuda." Navuze nti: "Naragerageje uko nshoboye kwihweza iyo zodiacake, ariko sinshobora kuyibona. Ariko, n'ubwo biri uko, ni ho iri. Abigishijwe, barazi ko ariho iri. Yobu yarayibonye. Abantu bahora bayiraba. Yari Bibiliya, igihe kimwe. Ariko muri ico kirundo kinini c'amamiriyoni n'amamiriyaridi y'imyaka y'u—y'umuco, Imana Ivyagiye hagati y'ivyo vyose, Yitegereza kw'isi. Paulo arimwo hariya. Mama arimwo hariya, ahantu hanaka, yitegereza kw'isi."

47 Nariyumviriye ku rutonde rw'izo ngabo zo mw'ijuru, nta na kimwe kiva mu kibanza caco. Kimwe cose kiguma ku mwanya waco, neza cane. Ingabo zihambaye z'Imana! Nariyumviriye kuri abo basirikare; ingene hamwe ukwezi vyoshika kukava mu rutonde, isi yoca isubira kurengerwa n'amazi, mu minota mikeyi gusa. Isi yoca isubira kumera nk'uko yari igihe Imana Yafata ingingo yo kuyikoresha, kugira ngo Idushire hano kuri yo. "Ntiyagira ishusho, ntacari kuri yo, umwijima, amazi apfutse ibenga ry'isi." Kandi hamwe uko kwezi kwokwikoma, vyosubira kumera gutyo nyene ubugira kandi. Iyo ukwezi kwikomye kukigira kure y'isi gatoyi, amazi aca aduga. Iyo kumanutse hakurikira ugusuriranya kw'amabahari. Ni zo ngabo zihambaye z'Imana. Iyo niyumviriye ku...ko izo ari zo ngabo zihambaye z'Imana ng'aho...

48 Rero, twagiye kuryama. Nca ntangura rero kwiyumvira ukuntu ata na kimwe muri ivyo kiva mu kibanza caco. Vyose biguma mu kibanza. Hagize icyunguruza muri vyo, kija ahantu na hamwe, n'uko haba hari impamvu, kandi biragira ingaruka kw'isi. Turabona ingaruka zavyo ubu, kuri bimwe biva mu bibanza vyavyo bikaja mu bindi bibanza vyavyo. Birafise ico bikora. Bigira ingaruka ku bintu vyose.

49 Naciye nibaza, rero, nimba inzo ngabo zihambaye zo mw'ijuru, nk'uko, zitegerezwa kuguma mu bibanza vyazo, kugira ngo ibintu vyose bibe mu rutonde, ni gute ku kajagari k'ingabo zo mw'isi? Ingene, igihe umwe avuye ku rutonde, ingene vyose bica bihungabana! Umugambi wose w'Imana uca uvurungana igihe hari umuntu umwe avuye ku rutonde. Dutegererezwa igihe cose gukora ibishoboka ngo tuzigame urutonde rwa Mpwemu.

50 Nanje nosaba Imana, kino gitondo, ko dushikana ibi ku gikorane c'ukuri co gukira indwara, ko twogumana kino gice... uyu mugwi twakoranirije muni ya runo rusago iki gitondo, mu rutonde nk'uru, ko Mpwemu Yera Ashira buri rugingo rw'Umubiri, ruri hano kino gitondo, muri urwo rutonde, gushika aho dushikira ugukira kwizana ubwakwo kw'umushaha n'umubiri, hamwe twoguma mu ruhagararo rwacu.

51 Rero, nk'uko nabivuze mu ntango, uyu mugore yari afise kanseri Muganga Holbrook yafashe...yari agiye kubaga. Rero, iyo Mana Yatumye iryo jwi rihuhuta riza muri ivyo bitaro, Igakuraho iyo kanseri ata n'inkovu isigaye, mbega ntumuzi ko iyo Mana nyene Iri hano? Kandi ikintu conyene Irindiriye, ni uko i—ingabo za Yo zifata ikibanza cazo, nka kurya kw'inyenyeri, zije mu kibanza cazo.

52 None, mwari muzi, ko habayeho intambara inyuma y'izindi, n'impuha z'intambara? Kandi namba isi ikibayeho, tuzobona n'izindi ntambara nyinshi. Ariko muramaze kubona ko hariho vy'ukuri ubushobozi bubiri bwonyene mw'isi

yose? Mu kutumvikana kwacu kwose hagati y'amahanga, n'ukutumvikana hagati y'umwe n'uyundi, n'ibindi, hejuru ya vyose hari ubushobozi bubiri. Hari ubushobozi bubiri gusa, kandi hari ubwami bubiri gusa; ubushobozi bubiri, n'ubwami bubiri. Ibisigaye vyose, utuntu dutoduto cane, dufatanye na bumwe muri ubwo bushobozi. Kandi ubwo bushobozi ni ubushobozi bw'Imana be n'ubushobozi bwa Satani. Ivyo ni vyo... Buri ntambara yose, buri kajagari kose, ibintu vyose biba, biba biganzwa n'inkomezi z'Imana canke inkomezi za Satani, kuko ni zo nkomezi zibiri zonyene ziriho. Izo na zo ni inkomezi z'ubugingo n'inkomezi z'urupfu. Rero, izo ni zo nkomezi zibiri zonyene.

⁵³ Kandi Satani ashoboye gusa... Inkomezi ziwe, afise, ni inkomezi z'Imana zigoretswe. Si inkomezi z'ukuri. Ni ukugorekwa kw'inkomezi z'Imana, ikintu cose Satani afise. Urupfu ni ubuzima bugoretswe gusa. Ikinyoma ni ukuri kuvuzwe ukutariko gusa. Murabona? Ubusambanyi ni—ni igikorwa gikoreshejwe nabi, ni igikorwa ciza gikoreshejwe nabi. Murabona? Ibintu vyose Satani afise ni ikintu cagoretswe, ariko ni inkomezi.

⁵⁴ Kandi uno munsu twicaye hano, ni ubushobozi bumwe canke ubundi buza kutuganza. Reka rero twirukane ubw'ikibi. Reka dufate ikibanza cacu nk'inyenyeri zo kw'ijuru.

⁵⁵ Nk'uko Bibiliya ivuga, "Inyenyeri ziyerera," hariya mu Gitabu ca Yuda, "babimba ifuro ry'ibiteye isoni vyabo." Ntidushaka kuba inyenyeri ziyerera; twibaza namba *bingo* ari vyo, twibaza nimba *birya* ari vyo, twibaza nimba bizoshika, twibaza namba... ingene vyoshoboka. Ntimuyerere. Nimugume nk'izo nyenyeri zo kw'ijuru, nk'umusoda nyawe aguma mu kibanza ciwe. Hagarare aho, mufise ukwizera! Ubugingo n'urupfu.

⁵⁶ Rero, igisoda, vy'ukuri iyo igisoda, iyo ihanga ryitegurira gutera irindi hanga, ryategerezwa kubanza kwicara rikaraba ibibereye n'ibitabereye, namba boshobora gutera iryo rindi hanga canke batotera. Ivyo Yesu Yaravyigishije. Kandi iyaba abantu bokora ivyo, iyaba amahanga yo—yokwicara, agahagarara akiyumvira ivyo bintu, impande zompi, nta ntambara twosubira kugira.

⁵⁷ Rero, turabona yuko, iyo umuntu adakoze ivyo, hamwe abakuru b'igisirikare c'iryo hanga batobanza kwicara, ngo bihweze kandi barabe ko bari mu kuri, n'uko ibituma n'intumbero vyabo ari ivy'ukuri, kandi ko bafise inguvu zihagije n'ubushobozi vyo gutsinda ico kindi gisirikare, aho rero babwirizwa gutsindwa.

⁵⁸ Aho niho Jenerare Custer yakoreye ikosa ry'agacamatwe. Jenerare Custer, nk'uko navyumvise, yari afise amategeko yahawe n'igihugu, ngo ntaje mu karere k'aba Sioux, kuko cari

igihe cabo c'ivyo gusenga. Cari igihe co gusenga. Bari bafise umunsi mukuru. Ariko Custer araborerwa, aca yibaza ko yopfa kubikora uko biri kose. Ko yojabuka, yoba afise amategeko canke atayafise. Hanyuma rero bashika n'aho barasa abantu bamwe ataco bazira, barabarasa. Niyumvira ko bagemye bamwe muri bo. Bari inderetsi bari bagiye kurondera ivyo kurya, ivyo kugaburira abantu babo—babo mu gihe bariko barasenga. Hanyuma Custer, ajabutse, arababona aca yiyumvira ko baje kubatera, nuko baca barasa izo nderetsi. Izo nderetsi zica zirabasiga zisubira inyuma. Baciye bakora iki? Baciye bafata ibirwanisho, ng'abo baraje. Iryo niryo ryabaye iherezo rya Jenerare Custer, kuko atabanje kwicara ngo yiyumvire, ubwa mbere.

⁵⁹ Ntaco yari afise akoraye. Nta burenganzira bwo kuhaba yari afise. Yari yarirukanye Abahindi kuva ku Nkengeri yo mu Buseruko, arabirukana gushika mu Burengeru, uko biri kose. Baca bagira amasezerano, ariko amasezerano yarayahonyanze. Igihe yarenga ku masezerano baciye batsindwa intambara.

⁶⁰ N'uko rero igisirikare, ubwa mbere, mu kwitegurira intambara, bategerezwa kubanza gutoranya abasoda kanaka. Bategerezwa kwambarira urugamba. Bategerezwa kumenyerezwa kugwana.

⁶¹ Kandi nibaza ko intambara ihambaye cane yigeze kugwanwa, ubu yiteguriye gutangura. Ndibaza ko Imana Yatoranije abasoda baYo. Ndibaza ko Yabambitse, Ikabamenyereza. Kandi ahabera intambara hashizweho, biteguriye gutangura.

⁶² Intambara ihambaye, ya mbere yigeze kugwanwa, yatanguriye mw'Ijuru, igihe Mikayeli n'Abamarayika biWe bagwanya Lusiferi n'abamarayika biwe. Yatanguriye ubwa mbere, intambara ya mbere yabereye mw'Ijuru. Kubw'ivyo, icaha nticatanguriye kw'isi, catanguriye mw'Ijuru.

⁶³ Hanyuma akororerwa hasi avuye mw'Ijuru, yirukanwa mw'Ijuru, atererwa kw'isi, aca agwa ku biremwa muntu. Maze iyo ntambara, iva kuba iy'abamarayika, icika intambara y'abantu. Maze Satani aza guhonya ivyaremwe n'Imana, ivyo Imana Yari Yararemye ngo bibe ivyaYo bwite. Yari yaje, Satani, ngo abihonye. Iyo ni yo yari intumbero yiwe, kwari ukubihonya. Hanyuma intambara itangura hano kw'isi, itangurira muri twebwe, kandi kuva ico gihe irabica bigacika.

⁶⁴ Rero, imbere yo gutonda urugamba urwo ari rwo rwose, bategerezwa guhitamwo aho baturira, canke ikibanza intambara iza kuberamwo, ikibanza categuwe.

⁶⁵ Mu Ntambara ya Mbere y'Isi, harashizweho ikibanza nk'ico, ahantu n'ibibanza ata bantu babamwo niho barwaniye. Bategerezwa kugira ikibanza bahisemwo.

⁶⁶ Co kimwe n'igihe Isirayeli yaja mu ntambara n'Abafilisitiya, hariho u—u—umusozi kuri buri ruhande aho bari basagaje. Kandi aho ni ho Goliyati yasohotse aza gusomborotsa ingabo z'Abisirayeli. Aho ni ho Dawidi yahuriye na we, mu kiyaya, igihe yajabuka umugezi watandukanya iyo misozi ibiri, yaciye yandura amabuye.

⁶⁷ Hategerezwa kuba hari ikibanza catowe. Kandi muri ico, hariho i—ikibanza bumvikanyeko, aho ata bantu babamwo, hanyuma bakarwanira *aha* muri ico kibanza. Ntibapfa gusa, umwe ngw'arwanire *hano*, uwundi *harya* hepfo, uwundi ngo yiruke *hariya*. Hariho ikibuga c'intambara aho bahurira bagapima ubushobozi bwabo, aho igisoda kimwe gipima inguvu zaco mu kugwana n'ikindi gisoda, ikibanza bahuriramwo bose. Ubu rero, ntimucikwe na (mufate) bino.

⁶⁸ Igihe iyi ntambara ihambaye yatangura kw'isi, hategerezwa kuba ikibanza bose bahurirako. Hategerezwa kuba ikibanza catowe aho intambara itangurira, aho intambara ibica bigacika. Kandi ico kibuga c'intambara gihera mu vyiyumviro vy'umuntu. Aho ni ho intambara itangurira. Ivyiyumviro vy'umuntu ni vyo vyatowe nk'ikibanza c'intambara, niho yatanguriye, kandi ni kubera ko ingingo zifatwa bivuye mu vyiyumviro, mu mutwe. Rero, ntibigeze babitangurira mw'idini kanaka. Ntibigeze babitangurira muri mekanike kanaka. Urubuga rw'intambara ntirwatanguriye ng'aho namba. Kubw'ivyo, iryo dini ntiryoshobora na rimwe, na rimwe gukora igikorwa c'Imana, kuko urubuga rw'intambara, aho utegerezwa guhurira n'umwansi wawe, ni mu vyiyumviro. Utegerezwa guhitamwo. Urahangana navyo.

⁶⁹ Nashaka ko uyu mukobwa muto hano, uwo agwaye cane, yumviriza bino bintu neza koko, adasamara.

⁷⁰ Ingingo zifatirwa mu vyiyumviro, mu mutwe. Aho ni ho muhurira na Satani, kandi ni ho ingingo zifatirwa, kuko uko ni ko Imana Yaremye umuntu.

⁷¹ Ubu, ndafise (namba mwamye muraba ivyo nanditse hano) nacapuye igicapu gitoya. Nari ndagifise hano nta gihe giheze, ku... twaragikoresheje ku kibaho. Ikiremwa muntu kiremwe neza nk'urutete rw'ingano. Ni urubuto. Kandi ikiremwa muntu ni urubuto. Mu buryo bw'umubiri, uri urubuto rwa so na nyoko; kandi ubuzima buzanana kuri so, ikinyamanyama kikava kuri nyoko. Rero, ivyo bibiri, hamwe, irigi n'a—n'amaraso, biraja hamwe. Kandi mu karemangingo k'amaraso ni ho hari ubuzima. Kandi aho ni ho gatangurira, kagakura, bikavamwo u—umwana. Rero, urubuto rwose rurafise igishishwa inyuma; imbere hari ikinyamanyama; mur'ico kinyamanyama hakabamwo akagera k'ubuzima. Rero, uko ni ko dukozwe. Turi umubiri, umushaha, n'impwemu. Inyuma, umubiri, igishishwa; imbere muri vyo, agatimanama n'ibindi, ni umushaha; hanyuma imbere mu

mushaha, hari impwemu. Kandi impwemu ni yo iganza ibindi vyose.

⁷² Rero, ni mwicara hasi mushitse muhira, mugacapa imizingi itatu mitoya. Muza gusanga umubiri w'inyuma ufise inzira nyumviro zitanu zituma ukorwako, izo nazo ni ukubona, uguhonja, ugukorakora, ukumoterwa, ukumva. Izo ni zo nzira nyumviro zitanu zigenzura umubiri w'umuntu.

⁷³ Imbere mu mubiri hari umushaha, umushaha nawo ugenzurwa n'ivyiyumviro, agatimanama, ukwibuka, ukurimbura n'ibishika. Ico ni co kintu kigenzura umushaha.

⁷⁴ Ariko impwemu, ifise inzira nyumviro imwe. Impwemu... Oo, reka tubifate neza. Impwemu ifise inzira nyumviro imwe, kandi iyo nzira nyumviro, iyiganza, ni kimwe, ukwizera canke ugukekeranya. Ni ivyo neza na neza. Hari ibarabara rimwe rudende rishikayo, ni uguhitamwo ata gahato. Ushobora kwemera gukekeranya canke kwemera ukwizera, bivanze n'ico ushaka gukorera. Kubw'ivyo, Satani yatanguriye kuri ico gice nyamukuru, kugira ngo ateze impwemu y'umuntu gukekeranya Ijambo ry'Imana. Imana Yatanguriye kuri ico gice nyamukuru, ngo Ishire Ijambo ryaYo muri iyo mpwemu. Ng'ivyo. Ni ivyo bikora.

⁷⁵ Hamwe iri shengero, ubu nyene ryoshobora gushirwa hamwe, rikaba riyunze ku buryo abantu bose baba bahuje umutima, ata gitutu co gukekeranya na hamwe, nta munyantege nke n'umwe yosigara hagati yacu, mu minota itanu iri imbere. Nta n'umwe hano yoba yipfuza Mpwemu Yera atoMuronka, hamwe ico kintu mwoshobora kugitunganya. Rero, aho ni ho intambara itangurira, neza na neza mu vvyiyumviro vyanyu, mubishaka mutabishaka.

⁷⁶ Rero mwibuke, si ibijanye n'Ubumenyi Rukristo, rero, ko ivyiyumviro bitsinda umubiri. Ivyo ntibi... Ubwenge buremera Ubugingo, ari ryo Jambo ry'Imana, kandi ivyo ni vyo bizana Ubugingo. Iciumviro cawe gusa nticobikora. Ariko, Ijambo ry'Imana, rizananye mu muhora w'icumviro cawe. Murabona? Si iciumviro, nk'uko Ubumenyi Rukristo babikora, ko iciumviro gitsinda umubiri. Oya. Si ivyo.

⁷⁷ Ariko, ubwenge bwawe buraVyemera. BukaBicakira. Ubwenge bwawe bugenzurwa n'iki? Impwemu yawe. Hanyuma impwemu yawe igacakira Ijambo ry'Imana, ico ni co kintu gifise Ubugingo muri Co. Rizana Ubugingo muri wewe. Oo, mwene Data! Iyo ivyo bishitse, igihe Ubugingo humanukanye uwo muhora, buza muri wewe, Ijambo ry'Imana Riragaragazwa muri wewe. "Ni mwaguma muri Jewe, Amajambo yaNje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose kizobabera kuno."

⁷⁸ None ivyo bica bikora iki? Bivuye hagati mu mutima, ari wo mushaha, bivuye aho bica bigenda, bikagaburira imihora yose. Ingorane yavyo, duhagaze *aha* imbere twuzuye

ugukekeranya kwinshi, tugerageza kwemera ibiri *hariya* hanze. Mutegerezwa guhagarika ivyo; mukamanukana uwo muhora n'Ijambo ry'Imana ry'ukuri, maze bigaca bisohoka, vyonyene, atawubikoze. Ni ikiri imbere. Ni co kintu gifise ikimazi, ni ikiri imbere.

Satani atangura kuturwanya ahereye imbere.

⁷⁹ Rero, uravuga uti: "Siniba. Sinywa inzoga. Sinkora ibintu nk'ivyo." Ivyo ntaco bihuriyeko.

⁸⁰ Murabona, ni ibijanye n'ibiri ibwina. Uko woba umeze neza, ufise ingeso nziza kwose, uko woba uri umwizigirwa kwose, ivyo bintu birubashwe. Ariko Yesu Yavuze Ati: "Iyo umuntu atavyawe ubwa kabiri." Murabona? Hategerezwa kuba ikintu kinaka kibera ibwina. Bitari uko, ivyo biba ari ibihingurano, kuko ibwina mu mutima uba ugifise icipfuzo co kubikora uko biri kose. Ntigishobora kuba ico wihinguriye. Gitegerezwa kuba ic'ukuri.

⁸¹ Kandi hari inzira imwe yonyene ico gishobora kuzananamwo, ni inzira yo guhitamwo ata gahato, bikinjira mu mushaha, biciye mu vyiyumviro vyawe. "Uko umuntu yiyumvira mu mutima niko ameze." "Wobwira uyu musozi uti: 'Shinguka,' ntubikekeranye mu mutima, ariko ukizera yuko ico uvuze gikorwa, uzobona ivyo wavuze." Murabitahura? Ng'ivyo. Murabona? Ng'ico ca kibuga c'intambara. Hamwe gusa mwohera ng'aho, ubwa mbere.

⁸² Turipfuza cane kubona ibintu bikoretse. Turipfuza cane gukorera Imana ikintu kinaka. Uyu mukobwa muto nti... aripfuza cane, ata nkeka, aripfuza kubaho. Arashaka kugira amagara meza. N'abandi bari hano, barakeneye kugira amagara meza. Kandi iyo twumvise ibintu nk'ivyo, nka wa muganga, ukuzuka kw'abapfuye, vya bintu bihambaye vy'inkomezi ivyo Imana Yacu Yakoze, duca tuyipfuza cane. Ariko ikihari, tugerageza kubishikira biciye muri izi nzira nyumviro, gucakira ikintu kinaka hano, nk'agatimanama.

⁸³ Abantu benshi cane, incuro nyinshi, basobanuye nabi Ijambo. Kandi naratahuwe nabi mu gukora ibi, mu guhamagarira abantu kuza ku gicaniro. Navuze nti: "Sinabaye uwuhamagarira cane abantu kuza kuri arutari," bidasigura ko mutategerezwa kuhamagarira abantu kuza ku gicaniro.

⁸⁴ Ariko umuntu afata uwundi ukuboko, akavuga ati, "Oo, Mwene Data John, urazi? Jewe nawe turi ababanyi kuva kera. Ingo hano ku gicaniro, upfukame." Aba ariko arakora iki? Ese iyaba nari mfise ikibaho ng'aha, nari kubereka ico aba ariko arakora. Aba ariko agerageza gukorera mu mushaha wiwe, ku bishikashika. Ivyo ntibikora. Iyo si yo nzira. Ata nkeka, si yo.

⁸⁵ Kumbure aba ariko akorera (kuki?) mu kwibuka, biciye ku nzira nyumviro y'umushaha wiwe. "Oo, Mwene Data John, wari

ufise mama wawe w'igitangaza. Haheze igihe kinini yarapfuye." Ukwibuka! Murabona? Ntiwokora ivyo.

⁸⁶ Bitegerezwa kuzanana mu guhitamwo ata gahato. Wewe, ubwawe, reka Ijambo ry'Imana. . . Ntuza kubera ko mama wawe yari umugore ameze neza. Ntuza kubera ko uri umubanyi mwiza. Uza kubera ko Imana Iguhamagaye ngo uze, ugaca uYemera ufatiye kw'Ijambo ryaYo. Iryo Jambo ni ryo Risigura vyose. Iryo Jambo! Hamwe woshobora gukura vyose mu nzira, agatimanama, inzira nyumviro zose, ukareka gusa Ijambo rikinjira, iryo Jambo Rizovyara neza na neza.

⁸⁷ Hano, murabona ico Ryipfutse? Uravuga uti: "Emwe, ubu," uvuga uti: "emwe, ibi, agatimanama n'inzira nyumviro n'ibindi, nta na kimwe bifise bisana, Mwene Data Branham?" Ata nkeka, biragifise. Ariko iyo uretse Ijambo ry'Imana rikinjira, ukaripfukisha agatimanama, aho ntiRishobora gukura; rizoca riba ijambo rimugaye.

⁸⁸ Muramaze kubona urutete rwiza rw'ikigori rwatewe mw'ivu, hanyuma mukareka igiti kikarurwako? Ruca rukura ruhetamye. Umuzabibu wose, ikintu cose gikura kiduga hejuru, niko bimera, kuko haba hari ikintu cakizibiye.

⁸⁹ Emwe, iyo ni yo ngorane ku Kwizera kwa gipentekoti uyu munsu. Turareka ibintu vyinshi cane bikaKuzibira, kwa Kwizera twigishwa, umwe Mpwemu Yera Yaba muri twebwewe. Twararetse ibintu vyinshi cane, twitegereza abandi bantu.

⁹⁰ Kandi umurwanizi iminsi yose agerageza kukwereka ukunanirwa kw'uwundi, ariko akagerageza kukwegeza kure y'igishingantahe nyaco c'ukuri. Azokwereka indyadya, rimwe na rimwe, uwagiye yigana ikintu kinaka. Ntiyagikoze, kuko yariko arigana. Ariko iyo kizanyane kw'isoko ry'ukuri ry'Ijambo ry'Imana, "Ijuru n'isi bizovaho, ariko Ijambo ryaNje ntiRishobora kuvaho," Ritegerezwa kuguma aho.

Urabibona, mushikanje?

⁹¹ Ritegerezwa kwemerwa n'ubwenge, hanyuma Rikizerwa n'umutima. Maze Ijambo ry'Imana rigaca ricika ikintu c'ukuri, hanyuma buri nzira nyumviro z'umushaha n'umubiri zigaca zisukurwa na Mpwemu Yera. Rero ukwumva Imana kwawe, agatimanama k'Imana kawe, ikintu cose c'Imana, gica gitembera muri wewe. Nta gukekeranya na gatoya. Nta kintu na kimwe gishobora guhaguruka.

⁹² Nta kintu gishobora kuza mu vyiyumviro, ngo: "Emwe, ndibuka Umukobwa Jones yagerageje kwizigira Imana, n'Umukobwa *Kanaka*. Umukobwa Doe yaragerageje kwizigira Imana kubwo gukira, igihe kimwe, hanyuma arananiirwa." Murabona?

⁹³ Ariko namba uwo muhora wasukuwe ugatyororwa, ukuzuzwa imbere na Mpwemu Yera, ivyo mbere ntibinibukwa,

ntaco bivuze ivya Mukobwa Jones n'ivyo yakoze. Ni wewe n'Imana, muri hamwe, nta wundi n'umwe atari mwebwe babiri. Ni ivyo. Ng'iyi ya ntambara yanyu. Mwice hakiri mu ntango. Numuhagarikire aho nyene. Ikibazo si umwanya woshobora gutuma intambara imara. Ni, hagarikira aho nyene!

⁹⁴ Niwaza, ukagumana uko kwibuka n'agatimanama, n'ibindi, uvuyiyumvirako, uti: "Emwe, nohava nanirwa. Bishobora kuba atari vyo." Ntubikore, na gato.

⁹⁵ Terera ku ruhande vyose, wugurure wa muhora, uvuge uti: "Mana, Ijambo ryaWe ni ukuri Ibihe Bidashira, ni ko Riri kuri jewe. Naho ishengero ryose ryonanirwa, naho isi yose yonanirwa, jewe sinshobora kunanirwa, kuko mfashye Ijambo ryaWe." Ng'iyi ya ntambara. Ikintu ni co c'ico.

⁹⁶ Ni gute Imana Mushoboravyose Yokura kanseri mw'ibere ry'umugore, ntihagire n'inkovu, hanyuma ngo Ireke umwana arambarare apfe? Oya, mushingantahe.

⁹⁷ Haraje umukobwa mutoyi hano, nta gihe giheze, avuye kw'ishure rikuru. Nyina wiwe arampamagara, ati: "Mwene Data Branham, umukobwa wanjye yafashwe n'indwara ya Hodgkin." Ni kanseri, ifata nk'ibiviyimba. Abaganga bafashe agace bakuye ku gakomere mu muhogo, barakarungika, kandi yari indwara ya Hodgkin ata nkeka.

⁹⁸ Aca avuga ati: "Akandi gakomere, gashobora kuza ari agakomere ku mutima. Bibaye uko, azoba apfuye." Avuga ati: "Ntiyagize... Uravye urugero ibikomere bizako, hose, afise nk'amezi atatu yo kubaho."

⁹⁹ Nyina aca avuga ati: "Nokora iki? Ndamusubize kw'ishure?"

¹⁰⁰ Aca avuga ati: "Mureke agende, kuko birashoboka ko azogwa bukumbi." Ati: "Mureke agende abeho ubuzima busanzwe, uko ashoboye. Ntiyagire na kimwe ubimubwirako."

Rero uwo mugore aca ambwira ati: "None nokora iki?"

¹⁰¹ Nca mvuga nti: "Uramuzana umushire mu murongo w'abasengerwa." Mvuga nti: "Muzozanane." Naciye niyumva ukuntu gutangaje.

¹⁰² Igihe uwo mukobwa muto yarengana, ico gitondo, afise iminwa isa n'ubururu, yayisize, nk'uko bimeze mu mashure. Maze—maze ako gakobwa kararengana. Sinamenye uwo ari we; uwari kumpamagara kuri terefone. Naramufashe ukuboko. Nca mvuga nti: "Mwaramutse, mushikanje." Ng'uyo yari aho. Yari we. Mu kanya gato gusa, nararavye nyina wiwe mbona bose ko batagira Imana, batagira Kristo. Nca mvuga nti: "Ni gute wokwitega gukira umeze gutyo? Uraza kwakira Yesu Kristo nk'Umukiza wawe bwite?" Mvuga nti: "Mwoza muri iki kidengeri hano mukabatizwa mw'Izina rya Yesu Kristo ngo mubone guharirwa ivyaha vyanyu?"

Baca bavuga bati: "Turabikora."

103 Oo, murazi ivyacyiye biba. Uwo mugore ashobora kuba yicaye hano kino gitondo. Benshi muri mwebwe ivyo bintu murabizi. Mwene Data Mike Egan, umwe mu bazezwabintu hano, yarihweje ivyo bintu. Haheze nk'imyaka ine canke itanu. Uwo mukobwa muto baramusubije ku muganga, nta n'aho iyo ndwara ya Hodgkin yacyiye basanze muri we.

104 Ikibazo cari ikihe? Vyasaba kwugurura umuhora, ubwa mbere. Utegerezwa gushira wa Musoda, Mpwemu Yera, ku murongo w'imbere w'intambara, Afata Ijambo ry'Imana. We ni Ijambo. Kandi Ahagaze ng'aho, nta kintu na kimwe kiMuhagarika rero. Nta na kimwe gishobora...Uwundi muhora wose wo muri iyo yindi uba ukubuye. Ni nk'igikono gishaje imiheha yazivuye; iyo ushizemwo umuriro, bica biturika. Iyo ni yo ngorane ku Bakristo benshi cane baturitse, ni kubera yuko badasukura imihora, ntibagenda ngo binjire i bwina. Mutegerezwa kuwusukura, agatimanama, ukwibuka, ivyiyumviro, mushize ibintu vyose ku ruhande, bikaza biva i bwina bija hanze, na rya Jambo ry'Imana ritavanze, Iryo rikaba ari Ukuri.

105 Ntaco bitwaye namba ibihumbi cumi bopfa kuri uru ruhande, uyu muni, bizigiye; ibihumbi cumi bagapfa ejo kuri *ruriya* ruhande, bizigiye; ivyo jewe ntibindaba. Ni jewe ku gatwe kanje. Ni jewe nizigiye. Ni jewe ndavyizera. Kandi turabona hariya, nimba dushaka kugurura imihora yacu rero, namba tubishobora, tukabona. Dusanga *uyu*, *n'urya*, *n'uyu* *n'uriya*, hariho ibihumbi bariko bashinga intahe.

106 Ariko umurwanizi azogerageza kugaruka gutera. Murabona, hamwe yashobora kwinjira aho, na gato, yoca ashwiragiza ingabo zawe ubwo nyene.

107 Namba mufise inzira nyumviro zanyu, kubona, guhonja, gukorakora, kumoterwa no kwumva, zimeze neza, ariko ntumuzizigire kiretse zemeranya n'Ijambo. Zimeze neza ariko, nizaba zitemeranya n'Ijambo, ntumuzumvirize. Rero, ivyiyumviro, agatimanama, ukwibuka, ukurimbura, n'ibishika, ni vyiza nimba vyemeranya n'Ijambo. Ariko iyo ibishika vyanyu bitemeranya n'Ijambo, vyiyambure. Muhava muturitsa imiheha, vyihuta. Murabona? Namba ukurimbura kwanyu kutemeranya n'Ijambo, tandukane na vyo. Ni vyo. Imoteri... namba ukwibuka kwanyu, namba ivyiyumviro vyanyu, namba agatimanama kanyu, ico ari co cose, kitemeranya n'Ico kiri i bwina, ciyambure.

108 Muri ico gihe muba mufise iki? Mufise umukorere w'izuba. Haleluya! Ni Imana Yashize inyenyeri mu rutonde Ivuga Iti: "Ni mwenene ng'aho gushika ndabahamagaye!" Ziguma ng'aho. Nta na kimwe kizozikuraho. Iyo Imana Yironkeye umuntu mu kiganza caYo, gushika aho inzira nyumviro, agatimanama, n'ibindi bishobora guhanagurwa, gushika Imana ibaye iri

inyuma yavyo, mu mpwemu, nta dayimoni iriho mw'isi ishoboye kwinjizamwo ugukekeranya ng'aho. Ni vyo.

Iraza ng'aho ikavuga ngo: "Ntabwo wiyumva neza kurusha."

¹⁰⁹ N'agatimanama karagiye, kuri ivyo. Imiheha irasukuye neza cane, ku buryo isemerera iti: "Haleluya!" Isohokero ry'impwemu hakavuzwa uruhwaza ngo: "Icubahiro ku Mana!" Birakayangana, ata nkeka, vyogeje kandi bisukuye uko bishoboka, kugira Ijambo ry'Imana rikore riciye muri vyo, Ubushobozi bw'Imana. Murabona? Ico ni co nyamukuru.

¹¹⁰ Ng'ico ikibuga canyu c'intambara. Ikibuga canyu c'intambara kiri hano mu ntango, aha mu mushaha, mu vyiyumviro huguruka. I-ivyiyumviro ni wo muryango ugana mu mushaha, umuryango ugana mu mpwemu, nako. Ivyiyumviro biruguruka bigaca vyemera impwemu, canke bikanka impwemu. Urashobora kugira ukwiburanya gutoya, n'ibishika bikeya, n'ukwiyumva ukuntu gutoya, ivyo bintu vyose. Ivyo ntaco bisana na vyo. Ivyo ni ukwiyumva ukuntu gutoya gusa n'ibindi. Ariko iyo bishitse ku c'ukuri, ivyiyumviro vyanyu biruguruka. Ivyiyumviro biravyanka canke bikavyemera. Ni ivyo bagenzi.

Mana, ntureka ngo hagire n'umwe bicika.

¹¹¹ Murabona, ivyiyumviro vyanyu ni vyo vyugurura umuryango; canke vyugara umuryango, bikumviriza agatimanama kanyu, bikumviriza ukwibuka kwanyu, bikumviriza ibishika vyanyu. Ariko iyo ivyiyumviro vyanyu vyiyugaye kuri ivyo bintu, bikareka Imana, Mpwemu w'Ijambo RyaYo, Akinjira, Aca Asohora ibisigaye vyose. Ugukekeranya kwose kuravaho. Ubwoba bwose buravaho. Akantu ko kumva ugukekeranya kwose karavaho. Ukwiyumva ukuntu kwose kuravaho. Nta na kimwe gihagarara aho kiretse Ijambo ry'Imana, kandi Satani ntashobora kuBirwanya. Oya, mushingantahe. Ntashobora kugwana na Ryo. Rero, turazi yuko uko ari ukuri.

¹¹² Izo ntambara zarabiciye biracika kuva wa munsu mw'itongo rya Edeni, intambara mu vyiyumviro vy'umuntu. Satani niwe yayitanguye. None yakozze iki igihe yahura na Eva? Ntiyahakanye Ijambo ry'Imana, ariko yaraRisize akarangi kera. Yarazibiye uduhora tumwe ahantu hanaka. Yavuze ati: "Ariko ata nkeka Imana. . ." Itanguriro 3:1. Murabona? "Nta nkeka, Imana, ibi bintu vyose Ya—Ya—Yasezeranye. . ." Yari Azi yuko Ijambo ari ukuri. Ariko yari azi ko atashobora kuza ng'aho nyene ngo aRitere, yerure nk'uko, ariko ya—ya—yaRirengejeko agasukari.

¹¹³ Ni nka mama yahora ashaka ko dufata umuti, agaca agerageza gushira umutobe w'imicungwe mu mavuta y'ikibonobono. Bagenzi, nopfuma nywa amavuta y'ikibonobono atarimwo umutobe w'umucungwe! Ikintu cose c'uburyarya!

Murabona? Ya...Twakunda kuvyuka mw'ijoro, hanyuma akaduha ipeterori, ngo ituvure imihogo yazivye. Yafata ipeterori, agaca ashirako isukari; murabona, ikintu c'uburyarya. Ariko vyaragaturira mu mihogo, hafi, biriko biramanuka, isukari imaze kugenda.

¹¹⁴ Emwe, uko ni ko biri, mugenzi. Satani agerageza ku—kuba indyadya kuri ivyo. Agerageza kukwereka ikintu ciza kurusha, inzira yoroshe kurusha, umugambi wumvikana kurusha. Ariko nta mugambi wumvikana kurusha uwo Imana Yashizeho kw'itanguriro, Ijambo ryaYo. Fata iryo Jambo. Ryumireko. Rireke Rigucakire. Gumana na Ryo. Ico ni—ni co kibereye.

¹¹⁵ Intambara yarabiciye biracika igihe Eva yugurura ivyiyumviro vyawe, ngo yumvirize ukurimbura kwiwe. Ni muri uwo muheha yinjiriyemwo. Uwo ni—ni wo muhora yamanukanyemwo, ukurimbura kwiwe. We, mu mushaha wiwe, yararimbuye.

¹¹⁶ Amaso yiwe kwari ukubona. Yarabonye inzoka. Yari ibereye ijisho, nziza, kurusha kure umugabo wiwe bwite. Yarusha uruyeri ibikoko vyose vyo mw'itongo, kandi kumbure yari umugabo mwiza kuruta umugabo wiwe. Yaboneka nk'igikoko gihambaye gifise ubugabo gihagaze ng'aho. Ukuntu yari agahambaye! Kandi yariko igerageza kumubwira ukuntu vyari ibintu bihambaye.

¹¹⁷ Ikintu ca mbere yakoze, yuguruye ivyiyumviro vyawe. Nuko amaze kubikora, ukurimbura kw'umuntu kwaciye kubicakira. “None, mbega iki nticoba giteye umunezero?”

¹¹⁸ Ico ni co kintu akorera umugore uno munsu. Umugore umwe afise umugabo w'igikundiro mutoyi, yibonera umugabo, w'agahambaye, munini, w'ikigatanya. Uwo mugabo agaca agerageza kugurura ukurimbura. Mwibuke, uwo ni Satani. Uwo ni umurwanizi. Canke, gutyo nyene, umugabo ku mugore, umugore ku mugabo, uburyo bumwe canke ubundi. Akora iki? Akorera muri izo nkomezi zo kurimbura, ako gatimanama canke ikindi kintu, agatangura kubicamwo.

¹¹⁹ Ariko ni muhe Ijambo ry'Imana ikibanza ca mbere. Umuntu ntiyonashobora kuza ku...Ntashobora gukora icaha... Haleluya! Ni ivyo. Ibi biriko biza, ari bishasha. Umuntu ntashobora gukora icaha atabanje ubwa mbere gushira ku ruhande Ijambo ry'Imana. Ntashoboye no gukora *icaha*, arikwo “kutizera,” atabanje ubwa mbere kwiyambura Ijambo ry'Imana, Inyonga z'Imana, ntashobora gukora icaha.

¹²⁰ Eva ntiyashobora gukora icaha atabanje gushira ku ruhande Ijambo ry'Imana, akugurura umuhora wiwe wo kurimbura ujana mu mushaha wiwe, agatangura kurimbura. “Emwe, ata nkeka. Umugabo wanjye ntiyari bwambarire ivyo bintu, ariko ndizera ko u... Yambwiye ngo sinzokore bino, ariko, urazi, urabitomoye neza kendi uravyerekanye neza cane. Ni—nibaza ko vyoba

igitangaza, kuko uriko urabintahuza neza cane.” Murabona, aho niho habereye intambara ya mbere. Kandi, biciye kuri iyo ntambara, vyateje izindi ntambara zose. Kandi uguseseka kw’amaraso kwabaye kwose, icabiteye ni aho nyene muri Edeni. Ntiyizeye Ijambo ry’Imana.

¹²¹ Kandi namba kutizera akanyuguti kamwe k’Ijambo ry’Imana, vyateje izo ngorane zose, twosubira gute, kutizera Ijambo ry’Imana? Ntimwobikora. Nimuzibire ivyo bintu vyose, agatimanama, ukwibuka, muce muvuga . . . ukurimbura, n’ivyo bintu vyose. “Dushingura ukurimbura kwose.” Ntiturimbura kuri ivyo namba, nta na gatoya.

¹²² Twemera gusa Ijambo ry’Imana twishimikije ngo: “Imana Yarabivuze,” hanyuma bigashiraho umugende hagati yanyu n’Imana. Buri muhora wose uca wuguruka hagati yanyu n’Imana rero.

¹²³ Ng’iyo ya ntambara, imwe ya mbere nyene, umurungo w’imbere. Ntidukoreshe inkoho y’umunwa wa 22; reka dufate i—ibombe ruhonyanganda. Dukore igikorwa neza. Reka dufate ibombe ruhonyanganda y’Imana. “Iyo ni iki, ga Mwene Data Branham?” U-k-w-i-z-e-r-a Ijambo ryaYo. Iyo ni yo bombe ruhonyanganda y’Imana. Iraturitsa indwara n’abadayimoni, iburyo n’ibubamfu. I—irabiherengeteza. Itandukanya . . . Oo, ira . . . Irahonya nyene. Igira ubunywenywe ikintu cose kitari ic’Imana. Iyo iyo bombe yo kwizera ikorokeye hano, hamwe n’Ijambo ry’Imana inyuma yayo, ica ituritsa buri dayimoni yose, buri ndwara yose, buri bumuga bwose.

¹²⁴ Muravuga muti: “Ivyo ni vyo, ga Mwene Data Branham? None ni kuki bikora, kuri bamwe, ntibikore ku bandi?”

¹²⁵ Ni kubera uwo muhora. Urashobora kwitegereza hanze ukawubona. Ariko bigusaba kuba uwufise hano *imbere*, uraba muri *ubu* buryo. Atari *hariya* hanze, uraba imbere; utegerezwa kuba uri imbere uraba hanze. Murabona? Ntushobora kuza uciye mu kurimbura. Ntushobora kuza uciye muri ivyo bindi bintu. Utegerezwa kuza uciye neza na neza mu muhora w’Imana wavyo, neza na neza mu mushaha. None ubikora gute? Umuhora wa nyuma ni uyuhe?

¹²⁶ Uzori- . . . gushika aho. Muvuga, inzira nyumviro: “Oo, si—sinshobora kuvyumva. Egome, ni ivyo. Uh-huh. Oo, nda—ndashobora kucimotereza, canke n’ibindi. Ibi bintu biri ng’aho. Ego.” Igikurikira, ni ukurimbura, “Emwe, bisa n’uko yotegerejwe kuba azi ivyo ariko aravuga. Muganga avuga ko ntashobora gukira. Ivyo bitegerezwa kuba ari uko.” Murabona, aho nyene uba—uba ukoze ikosa. Uwo ni umurwanizi ahagaze ng’aho. Uwo ni umurwanizi ariko akwinjizamwo ivyo bintu. Ntuyizere.

¹²⁷ “Haleluya! Ijambo ry’Imana rivuga ko nzo . . . ‘Ikirenze ivyo vyose, nshaka ko uroanirwa ku bijanye n’amagara.’ Ivyo ni vyo.”

Ni gute woshobora kuba umusoda nyawe ng'aho? Murabona, "Nshaka ko uroranirwa ku bijanye n'amagara."

¹²⁸ Ng'iyu, aho nyene, iyo mihora, bibasaba gusa ko muyugurura. Ntimu...

¹²⁹ Muyica ku ruhande gusa, rero iyo Satani ashoboye kwinjirana aho, agaca kuri ako gatimanama n'ivyo bindi bintu vyose, aca rero ashika hariya ku mpera y'umushaha, mu vyiyumviro. Rero, hamwe gusa yoshobora kubashikana... Ntimuzokwigera—ntimuzokwigera muraba ku kintu na kimwe muri ivyo mutabanje kumureka akinjira imbere *hano*. Bisaba ko mumureka akinjira. Hanyuma ashitseyo, aca agenzura. Nona aca akora iki? Aca atangura gukoresha agatimanama. Aca atangura gukoresha *kino*, agatangura gukoresha *uyu* muheha. Ni ibiki? Kubona, guhonja, gukorakora, kumoterwa, kumva; ukwibazabaza, agatimanama, ukwibuka, ukurimbura, ibishika. Aca atangura gukoresha iyo mihora mitomito yose itandukanye, igihe cose ashoboye gushika imbere, hejuru y'*uyu* uri hano. Ategerezwa kuza mu vyiyumviro vyawe, ubwa mbere, nawe utegerezwa kuvyemera. Ashobora... Umvirize. Birashobora kukurwanya, ariko ntibishobora kugushikira kiretse uvyemeye.

¹³⁰ Igihe Satani yaza kuri Eva, akavuga ati: "Urazi, icamwa kirahimbaye," yaciye ahagarara akanya gatoyi. Oo, aho ni ho yakoreye ikosa, igihe yahagarara akanya gatoyi.

¹³¹ Ntuhagarare kubw'ikintu na kimwe. Ufise Ubutumwa. Yesu ni Muzima. Imana Irakiza indwara. Ubwo ni bwo Butumwa. Ntuhagarare kubw'ikintu na kimwe, nta kurimbura nta kindi kintu na kimwe.

¹³² Ariko yarahagaze akanya gatoyi. Aho ni ho Satani yaciye yinjira muri ivyo vyiyumviro. Yavuze ati: "Emwe, bisa n'ivyumvikana." Oo, ntubikore. Fata gusa ivyo Imana Yavuze.

¹³³ Aburahamu, vyari kugenda gute iyo ahagarara kugira arimbura, igihe Yamubwira ko azovyara umwana kuri Sara, kandi Sara yari afise imyaka mirongo itandatu n'itanu na we mirongo irindwi n'itanu? Hanyuma igihe yari afise ijana, Sara nawe a—afise mirongo icenda n'itanu, we, yagumye ya—ya—yatura ko Ijambo ry'Imana ari ukuri. Kandi yise ivyo bintu, bitariho, nk'ibiriho. Murabona? We... Mbere n'ivyizigiro, mbega hariho ivyizigiro? Ntiyanakoresheje ivyizigiro.

¹³⁴ "Emwe", muvuga muti: "Ndizigira ko nshobora gukira. Ndizigiye ko nzokira. Ndizigira ko ndonka Mpwemu Yera. Ndizigira ko ndi Umukristo. Ndizigira ko nkora *kino*." Ivyo ntavyo ushaka.

¹³⁵ Aburahamu ntiyigeze anaraba kuri ivyo. Amen. "Ahatagira n'ivyizigiro, we yagumye yizeye Ijambo ry'Imana." Ukwizera kurengeye ivyizigiro. Ukwizera kuva *hano*, ibwina. Ukwizera kuva *hano*.

136 Ni gute yinjira imbere? Biciye muri ibi vyiyumviro, uyu—uyu muryango, aho niho hari ikibuga c'intambara.

137 Rero, iyo mutonze urugamba! Ubu rero, umurwanizi yicaye neza na neza hampande ya buri mutima, kino gitondo. Yicaye, umutima w'uyu mukobwa muto. Yicaye ku mitima yanyu. Yicaye aho hose. Ariko avuga ati, "Oo, narakubonye ugerageza imbere y'aha. Ivyo naravyumvise imbere y'aha."

138 Muhindire hanze. Nta kindi. Muhindire hanze. None Bibiliya yavuze iki hano, igisomwa cacu? "Muhindire hanze." Ni vyo. "Muhindire hanze." Twaramenyerejwe.

139 Ndibaza: "Ingorane ni iyihe kuri twebwe abavugabutumwa?" Ndibaza ubwoko bw'imyimenyerezo twaronse.

140 Imana Iriko Iramenyereza kubw'iyi ntambara ihambaye. Matayo 24 haravuga hariya, na Daniyeli 12 haravuga ngo: "Hobayeho igihe c'umubabaro, utigeze kubaho kw'isi imbere y'aho." Kandi tubaye muri ico gihe, aho akaranga, n'indero n'ibindi, vyanyoshe Ijambo ry'Imana, bakisanga mu kurimbura n'ibindi. Intambara ni ubu. Ni nde azoshikama? Haleluya! Intambara igiye gutangura. Batanze urugamba. Nimurabe uwo duhanganye ahambaye dufise hariya.

141 Ni nde azoba nka Dawidi? Yavuze ati: "Murahagarara mukareka iyo ntakabwa y'Umufilisitiya agacokora ingabo z'Imana nzima? Jewe ndagenda kumurwanya." Amen. Imana Ishaka abagabo n'abagore kino gitondo bashobora guhaguruka bakavuga bati: "Ndafatira Imana kw'Ijambo ryaYo." Amen. Ntaco bivuze ukunanirwa kwabayeho, aho *iki* na *kiriya*, canke ico *urya* yakoze. Ivyo ntaco bisana. Mwebwe ba Sauli, n'abandi, namba mumutinya, nimusubire inyuma aho mukwiriye. Ariko, ingabo z'Imana zitera zija imbere, amen; abagabo b'abahizi, abagabo ba—ba—b'ukwizera, abagabo b'inkomezi, abagabo bafise ugutahura. Ntibisabwa ko baba abanyabwenge. Ntibisaba ko baba abize. Bategerezwa kuba imihora. Imana Yigarurira utwo duhora dutoduto.

142 Yarahagaze akanya gatoyi, ngo arimbure, ati: "Emwe, ubu, reka turabe." Ego, nk'uko, ni gute iyo . . .

143 Uyu mupfasoni mutoya, iki gitondo, nta nkeka ko umuganga yamubwiye, ko yegereje impera y'ubuzima bwiwe, "Nta kintu na kimwe coshobora gukorwa." Emwe, rero, uwo ni uwo muganga. Sindamucira urubanza. Uyo muntu ni umushakashatsi. Arabona ko iyo ndwara yanesheje umubiri w'uyo mwana. Irarengeye ico ari co cose. Nta muti n'umwe afise woyihagarika.

144 Uko ni ko iyo kanseri yari yanesheje uwo mugore; ata nkeka, urupfu rwari rwanesheje uwo mwana; ariko wa Mugabisha wacu Mukuru, haleluya, w'izi ngabo zihambaye, ni We kuzuka n'Ubugingo. Nta na kimwe gishobora kuMunesha. Haleluya!

145 Ubwonko bw'ingabo buri mu bagabisha bazo, ubwenge. Rommel, mu Budagi, ni we yari ubwonko bw'Ubudagi; ntiyari Hitler. Rommel! Ni vyo. Eisenhower! Abagabo b'abasirikare! Patton! Abo bagabo bari ku rugamba, vyavana n'ukuntu batanze amategeko. Mukurikira umugabisha wanyu, namba ari umujenerari w'ukuri. Namba ari umuntu w'ukuri, namba ari umujenerari w'inyenyeri zine, namba yaremejwe, yaremejwe ko ari uw'ukuri, ni mumukurikire. Nubwo vyoba bisa n'uko atari vyo, kuri wewe, ja ku rugamba. Kora ivyo yakubwiye.

146 Haleluya! Dufise Jenerari w'inyenyeri zitanu, candikwa ngo Y-e-s-u [Mu Congereza ni J-e-s-u-s—Umus.] ashira inyenyeri zitanu kuri twebwe, u-k-w-i-z-e-r-a [Mu Congereza ni f-a-i-t-h.] NtiYigeze Aneshwa urugamba na rumwe. Haleluya! Yanesheje urupfu, kuzimu, n'imva. Kura abadayimoni mu nzira. Ni we Mugabisha Mukuru ahambaye. Rero, umurwanizi nta n'ico avuze.

147 Intambara ihambaye cane yabiciye bigacika, iriteguriwe rero ubu. Ata nkeka iriteguriwe. Oo! Haleluya!

148 Iyo ndavyiyumviriye! Iyo mpagaraye nkihweza ingene We Akora ibintu, nkaraba ingene Ahishura ibintu, ashira ku mugaragaro ibintu, avuga ati: “Bizoba *gutya* na *kuriya*,” ukabona ng'ivyo! Oo, guhindukira *hano*, no kuvuga ngo: “Uwo Mugabisha ahambaye ni nde?” Oo, simpindukira ngo ndabe namba ari Muganga *Naka na naka*. Mbona ivyo wa Mugabisha yavuze. “Ni We Mugabisha w'agakiza kacu.” Haleluya! Agakiza ni iki? Ukubohoka! Ubwiza! “Ni We Mugabisha w'ukubohorwa kwacu.”

149 Ya saha ihambaye yo gutera umwansi iregereje. Haleluya! Musirikare, n'ibirwanisho bica ibibatsi, amabendera ahungabana! Ukwizera n'ugukekeranya birahanganye, muri rino hema, kino gitondo; uguekeranya ku ruhande rumwe, ukwizera ku rundi ruhande. Basirikare, hagarare ku birindiro vyanyu. Haleluya! Umugabisha wacu, ya Nyenyeri yo mu Gaturuturu, ni We Ari imbere. NtiYigera Asubira inyuma. We (na mba) ntazi ijamba gusubira inyuma. Ntabwirizwa gusubira inyuma. Amen. Ata nkeka.

150 Ya ntambara ihambaye cane yigewe kugwanwa, iriko irabandanya ubu nyene hano, egome, mushingantahe, hagati y'ubuzima n'urupfu, hagati y'indwara n'amagara meza, hagati y'ukwizera n'ugukekeranya, oo, bagenzi, hagati y'umwidegemvyo n'ubuza. Intambara iriko irabandanya! Karisha amacumu yanyu, basirikare. Hanagura ibirwanishwa. Imana Iriko Irategura abasoda baYo. Amen. Imana Irasiga amavuta ingabo zaYo.

151 America irambika abasoda bayo mu buryo bwiza bashoboye kubambika: inkofero z'ivyuma, ibigwanishwa, n'ibindi vyose bafise, ibiduga mutamenwa, ivyo bagenderamwo vyose.

152 Imana naYo Irambika abasirikare baYo. Haleluya! Ni ibihe bikoresho dukoresha? Mpwemu w'Inkota, Ijambo ry'Imana! Amen! "Ijambo ry'Imana rikarishe kurusha inkota y'ubugi bubiri," Abaheburayo 4, "rikinjira n'aho ritanya amagufa, riga—rigatanya amagufa n'umusokoro, mbere Risuzuma ivyo umutima wiyumvira ukagabira." Ijambo ry'Imana! Kwizera Ijambo ryaYo, uko niko Imana Yambika ibirwanishwa.

153 Ico nico Yahaye Eva ngo yikingire. Hanyuma aca arasambura ikigwanishwa ciwe. Yabikoze gute? Mu kwugururira ivyiyumviro vyawe ukurimbura. Nturimbura kw'Ijambo ry'Imana. Ntirimbura. U...Ni Ijambo ry'Imana gusa. Nta—nta gukekeranya namba kuri Ryo. Nta kuRirimburako. Ni Ijambo ry'Imana. Ivyo bikuraho impari. Nta kindi. Bikuraho impari burundu.

154 Urabona ico nshaka kuvuga, mukunzi? [Mushikiwacu avuze ati: "Amen."—Umw.] Ni Ijambo ry'Imana. Imana Yarabisezeranije. Imana niko Yavuze.

155 Babwiye Aburahamu bati: "Uzi gute ko uzoronka uwo mwana?"

"Imana niko Yavuze." Ivyo vyakuraho impari.

"Emwe, none ko utamuronka?"

156 "Sinzi aho nzomuronkera, ariko nzomuronka. Imana ni ko Yavuze. Ivyo ntibizompagarika na gato." Yise-...

157 "Kubera iki utosubira iwanyu, iyo wavuye?"

158 "Ndi ingenzi na kavantara muri iki gihugu." Amen!...?... "Imana Yaratanze isezerano. Imana Izompera umwana aha nyene muri iki gihugu aho Yandungitse." Haleluya!

159 Imana Iragukiriza aha nyene muri iki cuka ca Mpwemu Yera, aho Yakurungitse. Imana Irabiguha. Vyizere gusa. Amen. Ugurura imiheha y'umushaha n'umubiri, inzira nyumviro, n'agatimanama, maze ureke gusa Amajambo y'Imana abanze yinjire, afate ivyiyumviro. Aho ni ho hari ikibuga c'intambara.

160 Atari ukuvuga ngo: "Emwe, iyo mba nashobora kuvyumva, iyo mba numva ubwiza bw'Imana bumanuka! Oo!" Ivyo ntaco bisa bisana; nta na kimwe.

161 Ugurura ivyo vyiyumviro. Ni co kibuga c'intambara. Aho ni ho batanze urugamba, aho nyene ku murongo w'imbere w'intambara, ivyiyumviro vyawe. Vyugurure, hanyuma uce uvuga uti: "Jewe...Ugukekeranya kose, ndakekeranya ku gukekeranya kwanje." Amen. "Ndukekeranya ku gukekeranya kwanje ubu. Ndizera Ijambo ry'Imana. Ehe ndaje, Satani." Hari ikintu kizoca gishika. Ata nkeka, kizoshika. Ego, mushingantahe.

162 Isiga abakozi baYo na Mpwemu waYo. Ikabarungikira abamarayika. Abantu bakabitwenga, rimwe na rimwe,

“abamarayika.” Reka—reka nzingurure ahantu hamwe hano be namwe, akanya gatoya gusa. Reka tuzingurure mu Baheburayo, akanya gatoya gusa. Abaheburayo igice ca 4, igice ca 4, kandi reka. . . Nshaka kuvuga, igice ca 1 c’Abaheburayo, duce tuja ku murongo wa 14.

Mbega abo bose si impwemu ziyikorera, zitumwa zivuye. . . zitumwa gukora igikorwa kubwo abazoragwa agakiza?

. . . ni nde wo mu bamarayika yabariye. . . Iti icara wewe iburyo bwanje. . . ?

. . . abamarayika bose b’Imana. . .

¹⁶³ Ubu, hano Bibiliya ica igaruka ikatubwira hano, ko Imana Ituma abamarayika. Icubahiro! Ni ba nde? “Impwemu ziYikorera.” Icubahiro! Impwemu ziYikorera, zirungikwa (zivuye he?) zivuye mu Nyonga z’Imana. Gukora iki? Gushikiriza Ijambo ryaYo. Amen! Si izo gushikiriza teworojiya y’umurwi kanaka w’ikidini, ariko gushikiriza Ijambo ry’Imana. Ni ivyo. “Impwemu zikora igikorwa, zatumwe.”

¹⁶⁴ Tumenya gute ko ari bo? Bibiliya ivuga, yuko: “Ijambo ry’Uhoraho ryaje ku bavugishwa.” Mbega ivyo si vyo? Abo bamarayika bashikiriza Ijambo ryaYo, biciye muri Mpwemu waYo; bashikiriza Ijambo, biciye kuri Mpwemu Yera. Mpwemu n’Ijambo Vyaje ku bavugishwa, kandi abavugishwa bari bafise Ijambo ry’Imana. Ni co gituma bashobora gukora ibitangaza bakoze. Ntiyaba ari uwo muntu; yaba ari Mpwemu w’Imana muri uwo muntu, Mpwemu wa Kristo muri uwo muntu. Kuko Ijambo ry’Imana. . . Yaba yakoze iki? Yaba yasukuye imihora yose. Imana Yaba Yaramutoye, kandi akaba asizwe amavuta na Mpwemu Yera. Kandi ntiyaba ari we. Nta na kimwe yigera akora atabanje kukibona mw’iyerekwa. Eliya yavuze, ku Musozi Karumeli ati: “Ibi vyose nabikoze nk’uko Wabitegetse. None rero, Uhoraho, reka bimenyekane ko ari WeWe Mana.” Oo, icubahiro ku Mana!

¹⁶⁵ Ivyo narabibonye incuro nyinshi cane, iyo ubonye Mpwemu w’Imana Amanutse ahantu, aho hantu hagaca haja muni y’isigwa! Hamwe uno mugwi w’abantu muto kino gitondo, woshobora gusa gufata kino ciyumviro hano, ugakura ugukekeranya kose mu nzira! Ni gute mwosubira gukekeranya kandi, mu gihe mubona abapfuye—abapfuye bazuka, ibimuga bitambuka, impumyi zibona, ibipfamatwi vyumva?

¹⁶⁶ Wa Mumarayika w’Uhoraho, mbere n’ifoto yiWe imanitse hano ku ruhome, yazazaniye ubushakashatsi, ahantu hose. None Akora iki? Agumana n’Ijambo. Amen! Ricagagura buri dayimoni. Egome, Rirabikora. Ni ibiki? “Impwemu ziYikorera, zirungikwa zivuye mu Nyonga h’Imana,” gusiga amavuta abavuga Ijambo, bagumana n’Ijambo. Kandi Yemeza Ijambo

n'ibimenyetso biRikurikira, Azana Yesu Wawundi nyene ejo, uno munsu, no mu bihe bidashira. Ni Uyo.

167 Ni gute twokekeranya, mu gihe We hose mu buryo bw'ubushakashatsi, bw'ibigaragara, n'ubw'impwemu, uburyo bwose bishobora kwemezwa, Yemejwe *hano*?

168 Ni iyihe ngorane? Ni mu vyiyumviro vyacu. Twugururira ivyiyumviro vyacu ikintu kivuga ngo: "Emwe, ubu, sinzi ko vyoba ari vyo canke atari vyo. Kumbure, hamwe nokwiyumva neza ejo." Oo, ivyo nta co bisa bisana na vyo.

169 Nk'uko namye ndabivuga, Aburahamu ashobora kuba yarabwiye Sara... Yari yararengeje imyaka yo—yo kuba umugore. Murazi ico nshatse kuvuga; igihe c'ubuzima, ya minsi mirongo ibiri n'umunani yiwe. Murabona, yari afise imyaka mirongo itandatu n'itanu. Yari yamaze kumbure kurenza ico gihe, hacye nk'imyaka cumi n'itanu, mirongo ibiri. Aca aramubaza, kumbure, imisi mikeyi ikurikira, avuga ati: "Woba wumva hari icahindutse, ga mukundwa?"

"Nta na gato kahindutse."

170 "Ivyo ntaco bisa bisana. Turabandanya, uko biri kwose. Emwe, ubu, hamwe wosubira kuba u—umugore akiri muto, turazi, biciye mur'ayo maraso y'ubuzima, egome, rero, turabona aho ko ari yo azokingira umwana, kandi vyose bizogenda neza. None, hari ubudasa wumva uyu munsu? Haheze ukwezi kuva Ansezeraniye. Hari ubudasa wumva ga mukundwa?"

171 "Nta na gatoyi, Aburahamu. Nta kimenyetso c'ikintu na kimwe. Nda—ndacameze nk'uko na—nari meze mu myaka mikeyi iheze. Nta n'itandukanirwo na ritoya."

"Icubahiro ku Mana! Tuzomuronga, ukwo biri kwose."

172 "Ushaka kuvuga ga Aburahamu, ufati... Itegereze, namba Yaragusezeraniye, ata nkeka Yari kuduha ikimenyetso muri *ubu* buryo. Ata nkeka Yoduhaye ikimenyetso." Huh! Haleluya!

173 "Ab'igihe kibi c'ubuhumbu barondera ibimenyetso." Ni vyo. Yari afise ikimenyetso. Cari ikihe? Ijambo ry'Imana. Ico ni co cari ikimenyetso.

174 Ni gute Imana Yoshobora gukiza uyu mwana? Ijambo ry'Imana ni ko ryavuze; namba niyumva ukuntu canke ntakwiyumva. Namba no... Uko vyogenda kwose, Imana Yarabivuze. Ivyo bikuraho impari.

175 Aburahamu yavuze ati: "Tora udukofero twawe n'ibindi vyose, tugende muri ico gihugu."

"Ugiye hehe?"

176 "Ntaho nzi." Amen. "Ariko, turagenda, uko biri kwose. Turagiye!" Baratekeye baragenda. Haleluya! Iryo ni ryo Jambo nyaryo ry'Imana. Ni igiki cari kimufashe imbere yiwe? Isezerano ry'Imana, Ijambo ry'Imana. "Tuzomuronga."

177 “Sohoka uve mw’ihanga ryawe, Aburhamu. Bari, ikihari, bo ni abakekeranya n’abatizera. Bazohava bakwinjiza muri ivyo nyene. Sohoka. Itandukanye, hanyuma ubeho ku bwaNje.” Ni iki? “Nimusige inyuma yanyu ako gatimanama n’inzira nyumviro zose, nk’uko. Nimwugurure ivyiyumviro vyanyu, kandi mwibuke, ni Jewe. Nimuze, mubane naNje.” Amen.

178 Imana Iriko Irahamagara Uruvyaro rwose rwa Aburhamu, kino gitondo, Iruhamagarira bwa bwoko bw’ubugingo nyene. Intambara ihambaye iriko irabandanya, ubu, kw’isi yose. Imana Ishaka ko abana baYo bitandukanya n’iki? Ukubona, uguhonja, ugukorakora, ukumotera, ukumva; ukwibazabaza, agatimanama, ukwibuka, ukurimbura, ibishika; ibintu vyose. Nibugurure ivyiyumviro vyabo bareke Ijambo ry’Imana ryinjire, maze bagendane n’Ijambo. Uwo ni we musoda nyawe.

179 Uko ni ko inyenyeri zihagaze. Umukorere w’izuba nturahinduka; ya zodiac. Inyenyeri yo mu gaturuturu iseruka iri ku gikorwa cayo, buri gitondo, neza na neza nk’uko yabikora igihe isi yaremwa. Inyenyeri yo ku mugoroba ija mu kibanza cayo; inyenyeri yose. Wa murwi w’inyenyeri bita Idubu Ntoyi, harya nyene mu gihe cazo, uba uri neza na neza aho wategerezwa kuba. Inyenyeri yo mu Buraruko yama iri mu kibanza ntiyigera yunguruza. Haleluya! Vyose bigenda bizunguruka ya Nyeneyri yo mu Buraruko, izisigaye zose, kuko ni yo iri hagati na hagati y’isi.

180 Uwo ni Kristo. Amen. Ahagaze ng’aho, Atanga amategeko ku ngabo ziWe nk’Umugabisha Mukuru.

181 Ni nka Mose kuri wa musozi adugije amaboko, Isirayeli yariko irarwana, yicira inzira, aca aguma aho adugije amaboko. Yagumye aho adugije amaboko gushika izuba rirenze. Bategerezwa kumufata amaboko akaguma hejuru. Uwo yari Mose.

182 Yari ikigereranyo ca Kristo. Kugira ngo Amenye neza ko amaboko yiWe aguma hejuru, amaboko yiWe yateweko imisumari ku musaraba. Haleluya! Kandi Yaduze ibihome vy’Ubwiza, uno muni, n’impuzu ziWe ziriko Amaraso imbere y’Imana, mu kuboko kw’iburyo kwa Nyeninganji Hariya. Kandi intambara, ku musoda wese, azokwicira inzira. Sinitayeho ibishika; hamwe n’Ijambo ry’Imana, azokwicira inzira y’ukwidegemvya. Amen.

183 Ni nk’agaswi mu rigi, vyogenda gute hamwe kotinya kudodagura? Vyogenda gute hamwe kotinya kudodagura irigi? Vyogenda gute hamwe ka gaswi gatoya kari mu rigi, akanyoni gatoyi, kotinya kudoda ikibarara c’irigi? Vyogenda gute hamve kokumva ijwi hanze, rikabwira riti, “Ntudode ku kibarara, wohava wibabaza?” Ariko kamere ubwayo, mu nyoni, ikabwira iti: “Kidodagura! Gicemwo intoboro.”

184 Reka amadini yose ya kera avuge ati: “Igihe c’ibitangaza caraheze. Muhava mwibabaza. Muriko mwinjira mu kaguma.”

185 Dodagura ku kibarara, uko ushoboye. Haleluya! “Satani, mbisa! Ndiko ndasohoka hano.” Ni ivyo. “Sinkiryamye hano, namba. Sincicaye hano, namba. Sinkiri kuri ca kibuga ca kera c’umurwanizi namba. Ndiko ndadodagura ngo nsohoke, kino gitondo. Amen. Ndi inkona.” Amen! Haleluya!

186 Ariko ka gaswi ka kera k’inkona, n’akazosi nk’inyundo kari ng’aho, karadodagura ico kibarara. Uko ico kibarara coba kigumye kwose, karadodagura kagatobora. Igica gishika, rero, karashobora gusanza amababa yako gatoyi. Vyose vyari bimeze neza.

187 Dodagura wicire inzira. Ni vyo. Ubikora gute? Kidodaguze na: “UKU NI KO UHORAHO AVUZE. UKU NI KO UHORAHO AVUZE. UKU NI KO UHORAHO AVUZE.” Amaherezo, uca utangura guhumeka akayaga keza. “UKU NI KO UHORAHO AVUZE.” Umutwe wawe wasohotse. “UKU NI KO UHORAHO AVUZE.” Sunika rwose ubu, uriko urasohoka!

188 Ntikongera gusubira mu kibarara kandi. Amen. Karindegemvya. Oo, bagenzi! Iryo Jambo rimaze gushinga imizi, ryarenganye izo nzira nyumviro zose n’agatimanama n’ibindi, ngo rifate ikibanza *hano*, maze ivyo vyiyumviro bikuguruka bikaRireka. Ewe Mana, tugirire imbabazi! Ntihigera haba ikintu na kimwe gisubira kurigira umuja kandi. Uridegemvya. Uwo Umwana Yahaye kwidegemvya aba avuye mu kibarara. Idini ryawe ntirishobora kugusubizayo. Umurwanizi ntiyokwigera ashobora kukugirira ikintu na kimwe. Arashoboye kuvuza uruhwa agasemerera, ico gihe.

189 Ariko uri muri ya Nzira yagutse, wiruka ku muvuduko munini cane, oo, bagenzi, wiruka uduga muri ya Nzira yagutse y’Umwami, umusoda asizwe amavuta w’umusaraba. Mwebwe mwese inkona, n’ukwizera, nimwamamaze Yesu, Umuco w’isi, nimujane ya Nzira yagutse y’Umwami. Nta nkeka. Ego, mushingantahe!

190 Izo ni zo “mpwemu zikora igikorwa,” zirungikwa zivuye mu Nyonga h’Imana, ngo zibe abakozi, ngo zishikirize (iki?) Ijambo ryaYo; atari teworojiya kanaka, ariko Ijambo ry’Imana. Ni impwemu zikora igikorwa, zitumwa zivuye mu Nyonga h’Imana. Impwemu zikora igikorwa! Oo! Kandi mwibuke, namba zikorera ikindi kintu iruhande y’Ijambo ry’Imana, ntizavuye ku Mana. Kuko, “Ijambo ryawe ryama ryemezwa mw’Ijuru.” Igihe cose mw’Ijuru, Ijambo i- . . . Imana iraRirinda. Kandi Ntizokwigera Irungika impwemu gushikiriza ikindi kintu kitari Ijambo.

191 Ntizokwigera Irungika impwemu ifise indangabumenyi za D.D.D., na Ph.D., n’ikoro yiwe izinze iraba inyuma, ibintu vyose nk’ivyo, bivuga biti: “Emwe, vy’ukuri, iminsi y’ibitangaza

yaraheze. Twese ivyo turabizi.” Oya, oya. Ivyo ntivyavuye ku Mana. Binyuranye n’Ijambo. Amen.

¹⁹² Irungika bamwe bakorera Mpwemu w’Ijambo. Amen.

¹⁹³ Oo, nari mfise nk’ibindi bintu bine canke bitanu, ariko ndageza hano ubu, nzobivuga ku w’yinga uza. Ni vyiza.

Satani n’abadayimoni biwe barasizwe amavuta.

¹⁹⁴ Namba abo bamarayika basizwe amavuta ngo babazanire Ijambo, ngo batume mwizera Ijambo, none mwoshobora kubona aho mwigeze kwumva umuvugishwa, umuvugishwa nyawe w’Imana, ahakana Ijambo ry’Imana? [Ikoraniro rivuze riti: “Oya.”—Umw.] Oya, mushingantahe. Vyagenda gute igihe amadini y’igihe cabo yaba ahagurutse akavuga ngo: “Ubu, nta kuri afise”? Yahagarara Wenylene, agaca aguma ari umwe. Akavuga ati: “Ni ukuri.”

¹⁹⁵ Nimurabe Mikaya hariya wa munsu, wa mweranda yikumbagaza hasi, murabona, mwene Imula. Hariho abasizwe amavuta amajana ane, vyitwa ko basizwe, abavugishwa basizwe amavuta bahagaze hariya, bese bagaburirwa neza, bari ku rutonde, n’indangabumenyi zihambaye, abantu baminuje bize cane kandi b’incabwenge. Bavuga bati: “Duga, mwami wacu w’umwizigirwa. Uhoraho Abane nawe. Aho ni ahacu. Yosuba yarahaduhaye. Kubw’ivyo duga uhigarurire. Ivyo ni vyo neza na neza. Nuduge uhafate. Bi iki. . .” Yavuze ati: “Emwe, Yosub-. . .”

¹⁹⁶ Murazi, Yehoshafati yavuze ati: “Nta wundi muvugishwa, yoba ahantu hanaka?” Emwe, bari bafise amajana ane. Kuki atizeye abo amajana ane? Yavuze ati: “Ariko, ata nkeka murafise uwundi, ahantu hanaka.”

¹⁹⁷ Ati: “Nda—nda. . . Emwe, turamufise. Hariho uwundi, ariko, oo, ndamwanka.” Huh! Murabona?

¹⁹⁸ “Aho—aho, uyo ni we muntu nipfuza kwumviriza, murabona.” Ati: “Nimumuzane. Reka turabe ico aza kuvuga.”

¹⁹⁹ Baca rero baragenda bamubarira, bati: “Ubu rero, umviriza. Utunganye ubutumwa bwawe neza, kino gitondo, kuko uza kubwira ubutumwa umwami. Uriko ubwira ubutumwa u. . . bese a—ishirahamwe ry’abavugabutumwa b’aba n’aba, urabona, bo muri Palestina, ishirahamwe ry’abavugabutumwa ryose. Rero, wibuke, ng’ibi ivyo bavuze. Uze kuvuga uko nyene. Wizere ivyo nyene.” Aka kantu. . .

²⁰⁰ Ya—yari yihenze kuri uwo muntu ng’aho. Uwo mugabo yari yaramaze kwiyambura kwa kurimbura kwa kera. Yari yarasukuye imiheha, murabona, agatimanama kiwe.

²⁰¹ “Kandi, emwe, erega, urazi ico bazokora? Niwavuga uko nyene, ndibaza bazoca bakugira umukurambere w’akarere. Ndukeka ko bazobikora. Bazo—bazokugira umugenduzi mukuru w’akarere ka hano, hamwe wo—wokwemeranya na bo gusa.” Uwo ntiyari umuntu nyawe w’Imana.

202 Erega, imiheha yiwe yari yarasukuwe, agatimanama kiwe n'ibindi vyarejejwe. Ivyiyumviro vyawe vyari vyarugururiwe Ijambo ry'Imana. Kandi Ijambo ry'Imana, ryonyene, ni Ryo yizera. Izo ni impwemu zikora igikorwa. Iyo ni impwemu ikora igikorwa.

203 Yavuze ati, "Sinzi ico mvuga ubu. Ariko, reka ndababwire iki kintu kimwe, nza kuvuga gusa ico Imana Imbwiye kuvuga."

Rero bararindiriye iryo joro. Yararonse iyerekwa.

204 Bukeye mu gatondo, ndashobora kwibaza Mikaya araba mu Vyanditswe agaca avuga ati: "Ubu, reka turabe rero. Mbega iryo yerekwa... Rero, abo bagabo bose, hariho ikintu kitameze neza ahantu hamwe hano, kuko Biranyuranye n'ivyo bo bavuze. None, havugwamwo iki? Reka turabe ico Eliya yavuze hano, umuvugishwa, kuko turazi yuko yari umuvugishwa. Murabona ico... Ijambo ry'Uhoraho ryaje kuri Eliya. Ego. None Ryavuze iki? 'Kandi imbwa zizorigata amaraso yawe. Yezebeli, imbwa zizomurya. Kandi ni kubw' umugororotsi Ahabu... umugororotsi Naboti.'" Yaciye avuga rero... Igihe yabibona, yarabonye ko iyerekwa ryiwe ryari rihuye neza na neza n'Ijambo ry'Imana, rero, ko uwo Ahabu wa kera yari abikwiye.

205 Yaciye asohoka ubwo nyene, avuga ati: "Duga. Ariko nabonye Isirayeli..." Murabona, ntiyagize isoni zo kuvuga iyerekwa ryiwe, kuko ryari Ijambo ry'Uhoraho. Yari azi ko yari ashoboye gufata ico kintu mu buryo butunganye neza. Iki? Yari yarugururiye umutima wiwe, ivyiyumviro vyawe, Ijambo ry'Imana, kandi Ijambo ry'Imana Ryari Ryamuhishuriwe, kubw'ivyo yari azi yuko ivyo vyari Ijambo ry'Imana mu buryo butunganye.

206 Ubu, muravuga muti, "Oo, hamwe nashobora gusa kuba Mikaya!" Woshobora kuba we. Uri we. Na wewe, uri we, mukundwa. Uri Mikaya, umuvugishwa. Wokora iki? Ugurura ivyiyumviro vyawe. Ndiko ngeregeza kuvuga iki kino gitondo? Ijambo ry'Umwami. Marabona? Ugurure ivyiyumviro vyanyu muvuge muti: "Ubu murazi, ndizera ko nashobora gukira." Emwe, none Ni iki, rero? Mbega ni Ijambo ry'Umwami? Ata nkeka, ni Ijambo ry'Umwami.

207 Rero *uyu* muntu hano avuga ati: "Iminsi y'ibitangaza yararenganye. Ntashobora gukora *ibi*. Nawe..." Vyibagire. Shira Imana ubwa mbere.

208 Ng'iryo Ijambo ry'Umwami Riraje, aca araRivuga, kandi vyabaye uko.

209 None, Satani yakozze iki? Satani yari yasize abo bandi amavuta. Rero, Satani arasiga amavuta abakozi biwe. Oo, ata nkeka. Uh-huh. Ata nkeka. Arasiga amavuta abakozi biwe. Abasiga iki? Ukutizera. Satani n'abadayimoni basiga abantu ukutizera Ijambo ry'Imana.

210 Rero, namba mushaka kubironkera icemezo, ni muzingurure mw'Itanguriro 3:4. Reka tuhazingurure twumvirize ibi, akanya gatoyi, hanyuma turabe ko atari bwo buhinga bwiwe bwa mbere. Ni co kintu ca mbere yakoze. Ntiyigera aheba ubwo buhinga nyene. Ni vyo akora igihe cose. Rero, murabe gusa namba a—ari ivyo nyene. Rero, ntiyahakanye Ijambo. Yatumye gusa amera nkuwuRitahura ukutariko gatoyi, murazi, kugira gusa Ryumvikana uko yashaka ko Ryumvikana, ntufate Ijambo ryose. Rero, Itanguriro, ndabifise hano, Itanguriro 3:4. Reka turabe namba ivyo ari vyo yavuze ubu. Ni vyiza.

Iyo nzoka yishura uwo mugore iti: “Haba namba ntimuzopfa:

211 “Haba namba ntimuzopfa.” Murabona ingene yabiciye ku ruhande mu kubisubiramwo? “Oo, twizera ko iminsi y'ibitangaza yaheze. Ntitwizera ko hariho ikintu nk'ico ngo abantu baronka Mpwemu Yera nk'uko baMuronse kuri Pentekoti. Oo, uburyo bwo ubatizwa, ntaco bihindura.” Murabona umurwanizi? Murabona amayeri yiwe? “Emwe, namba muganga yakubwiye ko udashobora gukira, aho vyaheze.”

212 Rero, si ukudaha agaciro, ukutizera umuganga. Umuganga akorera mu bijanye n'ubwenge. Kandi umuganga yakoze ikintu cose ashoboye, ngo arokore ubuzima bw'umuntu, none ntibushobora kurokoka, kuko nta kindi kintu na kimwe azi yokora. Ari kw'iherezaho ry'ubushobozi bwiwe. Uwo muntu ni imvugakuri. Ariko, rero, ca giti c'ubumenyi ni ciza, ariko igihe ushitse aho kigera, ca usimbira kuri ca Giti c'Ubugingo hanyuma uce ubandanya. Amen. Ni ivyo. Kizokora gusa gushika aho. Egome.

213 None, amayeri ya Satani ubu ni ayahe? Aho yavuze iki? Nimurabe ubu umurungo wa 1 n'uwa—n'uwa 2. Rero reka—reka nsome umurungo wa 1 ng'aha, gushika 3.

Inzoka yarusha amayeri ibikoko vyose vyo mu'ishamba UHORAHO Imana yaremye. Ibaza uwo mugore iti: “Mbega ni ivyo ukuri koko yuko Imana yavuze ngo: ‘Ntimurye ku...ku giti na kimwe co muri iri tongo?’”

214 Ni mumwumvirize rero, ingene acika uwushisha, n'ingene a—akuyengeza akagwa kera kuri iryo Jambo. Murabona? Ari... Ni iki ariko agerageza gukora? Kwinjira mu vyiyumviro vyawe. Murabona? Ariko avugana n'uwo mugore, inyuma y'aho Ijambo ryari rimaze gukomezwa ng'aho.

215 Rero, ntureka Satani ngo akomeze ikintu na kimwe. Murabona? Gumiza Ijambo ry'Imana rikomejwe mu mutima wawe. Murabona? Kore gutyo nyene. Ubu rero nimwihweze, mwebwe ba Mikaya.

...uwo mugore yishura iyo nzoka ati: “Ivyama ku biti vyo muri iri tongo turemerewe kubirya; ariko i...

ariko ivyama ku giti kiri hagati (hagati, murabona) mu’itongo, ni vyo Imana...yatubujije, ngo ntitubiryeke canke ngo tunabikoreko, kugira ngo ntidupfe.

216 Murabona, rero, iryo ni ryo Jambo. Uwo mugore ariko aRimusubiriramwo. Nimwihweze rero.

Iyo nzoka yishura uwo mugore iti: “Haba namba ntimuzopfa.”

217 Murabona amayeri? Murabona? Ivyo ariko agerageza gukora? Ico kiremwa muntu ca mbere, ariko agerageza gusiga uwo mugore w’igicro ng’aho, umukobwa w’Imana, amusiga ukutizera Ijambo ry’Imana. Ivyo ni vyo neza na neza ariko agerageza kumukoresha.

218 Ivyo ni vyo agerageza kugukoresha, mukundwa. Ivyo ni vyo agerageza gukoresha umwe wese muri mwebwe, hariya, kubasiga. Kandi ikintu conyene mutegerezwa gukora ubu...Uri umuntu afise uburenganzi bwo guhitamwo. Ubu urashobora kuvyakira namba ushaka. Ariko nimubisohore. Iyo Eva adahagarara ako kanya, ngo yumvirize! Ntuhagarare kubw’ikintu na kimwe. Ntuhagarare.

219 Igihe—igihe Eliya yabwira Gehazi, ati: “Fata inkoni yanje, genda uyirambike kuri uyo mwana yapfuye. Nihagira umuntu n’umwe akuvugisha, ntumwishure. Nihagira uwugera gusa kuguhagarika, wibandaniye.”

220 Itegereze uwo mugore igihe yahamagara umusuku wiwe. Yavuze ati: “Nshirira amatandiko ku nyumbu hanyuma ugende, ntuhagarare na gato kiretse ndakubwiye.” Ni ivyo.

221 Iyo uronse ubutumwa, ca ubandanya ugenda. Amen. Uvuga uti: “Sinshobora gutambuka. Ego ndabishoboye! Ubu, oo, inguvu ziriko zirahera.” Bandanya gusa, ntuhagarare. Shira vyose ku ruhande, bandanya gusa wicira inzira, mwene Data, ufise inkota mu kuboko, bandanya gusa utemagura.

222 Naragiye mu kibuga c’umupira, igihe kimwe, nari ngiye kuvuga ubutumwa. Nca mpagarara ku muryango nunamura amaso ndaba hejuru, hariya. Havuga ngo: “Ighimbaye mu rugamba si uko imbwa ingana. Ni uko urugamba rungana mu mbwa.” Ico ni co gitsinda urugamba. Murabona?

223 Muvuga muti, “Emwe, itegereze. Rabe ayo mashengero yose ahambaye agwanya Ibi.”

224 Ntaco bintwaye uko angana. Ni uko urugamba rungana mu mbwa, ni co ghimbaye. Ni ukwizera kuri mu muntu. Namba uri ikijora, subira kwinyegeza mu mwobo wawe. Ariko mwene Data, namba uri umusoda, hagarara ng’aho. Hariho intambara iriko irabandanya. Iciza n’ikibi birahanganye. Reka tugwane.

225 Kumwe kwa Peter Cartwright, yagiye mu gisagara, akavuga ati: “Umwami yambariye ku—kuza hano ngo ntanguze umuvyuro.” Yakose ikizu c’ububiko ca kera, arinjira aca atangura kuhategura.

226 Hanyuma umusinzi w’ikigatanya wo mu gisagara, n’ibasitora kw’itako, aca arashika. Ku miryango...Bamwe muri bo, barike bavuga bati: “Urya mugabo ariko arakora iki hariya?”

227 Bavuga bati. “Ni umuvugabutumwa. Avuga ko ashaka gukoresha igikorane.”

228 “Emwe,” avuga ati: “nibaza ko mpava manuka hariya ndamuterere hanze mw’ibarabara, ndamwirukane ave hano. Nta kindi. Nta bikorane dushaka hano iwacu.”

229 N’uko aca aramanukayo, arahondagura umuryango. Peter Cartwright yari yambaye ikoti yiwe, murazi, yariko yoza amadirisha nyene n’impome. Umugabo mutoyi, murazi.

230 Umuvugabutumwa wa kera yari yamutwenze, murazi, kuko yarisha inkoko amaboko; ikaba ariyo nyifato uno munsu, murazi.

231 Rero yariko yoza gusa amadirisha, atunganya iruhande. Wa musinzi w’ikigatanya aregera, yambura ikoti yiwe, ibasitora yenena kw’itako, avuga ati, “Uriko ukora iki?”

232 “Oo,” avuga ati: “Ndiko noza amadirisha.” Aca abandanya yiyogereza amadirisha, murazi. Yari afise intumbero imwe. Imana Yari Yamubwiye gukoresha ibikorane vy’umuvyuro. Aca abandanya yoza amadirisha.

Aca avuga ati: “Aha hantu ntitwemera ibikorane vy’imivuyuro.”

233 Aca avuga ati: “Oo, ariko Umwami ni We Yambariye gu—gukoresha iki gikorane c’ umuvyuro.” Murabona? Aca arabandanya, ari ku gikorwa ciwe. Murabona? Murabona?

234 “Emwe,” avuga ati, “hari ikintu kimwe u—utegerezwa gutahura.” Ati: “Ni jewe nganza muri kino gisagara.”

235 Aca avuga ati, “Oo, vy’ukuri?” Aca abandanya yiyogereza amadirisha, murazi.

236 Avuga ati, “Imbere y’uko ukoresha igikorane c’ umuvyuro, utegerezwa kubanza kunkubita ukanesha.”

Aca avuga ati, “Oo, kumbe nico binsaba? Neza, ni co gikurikira ngomba nce nkora rero.”

237 Yaciye akura ikoti. Aca aregera ng’aho, amufatira kw’ikoro, amunaga hasi, amusimbira hejuru. Avuga ati: “Ntegerezwa kurwana, namba ntegerezwa kuganza. Nyongerereza ubwira, Mwami.” Aca aramubundagura bikwiye.

Aca avuga ati: “Wakwije?”

238 Nawe ati: “Ego.” Aca arahaguruka amuha ukuboko. Yaciye akizwa uwo mugoroba, mw’ishengero.

239 N’ivyo. Murabona? Ni, fate Ijambo ry’Imana hanyuma wicire inzira mu gukekeranya kwose. Murabibona? Ata nkeka, ni ivyo. Nimba ico ari co gikorwa gikurikira, reka tugikore. Ni vyo. Igikurikira ntegerezwa gukora ni ugutandukana n’ugukekeranya kwanje, ndagutemagure. Ico ni co gikorwa canje gikurikira, ni ukwitandukanya n’ibimpungabanya vyose. Inzira nyumviro zanje zimbariye ziti: “Emwe, wiyumva nabi,” igikurikira ni ugucacura ico kintu nkacikurako. Ivyo ni vyo.

240 Uvuga uti: “Emwe, u...Bambariye ko...Urazi, agatimanama kanje kambarira, Mwene Data Branham, ko ndi...” Emwe, na co nyene wogicacura ukagikura mu nzira. Ntuzoshika kure kurusha aho. Kora gusa igikorwa gikurikira. Kura ikoti yawe hanyuma uje ku gikorwa. Bandanya gusa. Intumbero ni imwe, “Ndaza kunesha.” Amen. “Sinshobora kuneshwa. Ndaza kunesha.” Amen.

241 Satani arasiga amavuta. Murabona? Amayeri yiwe ya mbere ni ayahe? Ikibanza ca mbere yaronse ni ikihe? Ivyiyumviro. Yarahagaze akanya gato, kugira ngo yumvirize ivyo yavuze. “Oo, ntumbarire?”

242 Aho ni ho abagore bato benshi bakoreye amakosa, n’abagabo bato benshi bakoreye amakosa; ni vyo, barahagaze akanya gatoyi, bahagaze gusa akanya gatoyi. Ni incuro zingahe nabonye abahukana n’ibindi bishika, kubw’ivyo.

243 “Emwe, ndakubwire ga Mwene Data Branham, yarasifuye nk’uku ngo ‘siii-sii’, murazi, nca ndahagarara, kandi, vy’ukuri, si—sivyo nashaka.” Uh-huh. Ng’ivyo.

244 “Oo, we, nari nicaye ku meza turabana. Ya—yari afise amaso meza cane ya mbere abaho!” Murabona? Uh-huh. Murabibona? Ni ivyo.

245 Umurwanizi na we akora uko nyene. “Oo, muganga yambariye ko ntashobora gukira, rero nda...” Ng’ivyo, ca kindi nyene, murabona, ya ntambara ihambaye cane yigeze kugwanwa.

246 “Emwe, bambwira... Narabonye *Naka na naka* bemeza ko bafise Mpwemu Yera.” Egome, mwaravye indyadya ya kera kanaka. Ni gute kuri abo baMuronse vy’ukuri? Uh-huh. Egome. Umurwanizi azokwereka icambo kanaka ca kera c’igikona, ariko ntazokwereka inuma nyayo. Uh-huh. Ivyo ni vyo. Ntazokwereka ivyo, azotuma uguma uri impumyi kuri ivyo.

247 Oo, ni umurwany, na we nyene, muvyibuke. Ariko uwuhambaye ni uwacu... “Uwuri muri mwebwe, Aruta uwuri mu b’isi.” Ariko mushikame kw’Ijambo ry’Imana; muRyizere, mwebwe bagabisha b’ingabo muri hano. Hagararira ikirindiro cawe, mwene Data. Ni vyo, guma ku gikorwa cawe.

248 Rero, nari mfise umukobwa mutoya hano, igihe kimwe. Uwo mupfasoni ashobora kuba yicaye hano ubu. Izina ryiwe yitwa Nellie Sanders. Ni mu ncuro za mbere nari mbonye abadayimoni birukanwa. Twaba, rero, hamwe nashobora gutora aho hantu; hari nk'amabarabara atatu uvuye hano, urenganye itongo ry'abapfuye. Ni ho nari nkiba umuvugabutumwa, kandi nariko mvugira ubutumwa aha nyene kw'ikorosi, mu gikorane co mw' ihema.

249 Kandi uwo mukobwa muto yari umwe mu batamvyi ba mbere. Yaragiye mu mashure yisumbuye hariya, we na Lee Horn. Benshi muri mwebwe hano mu gisagara murazi Lee Horn, hano, afise inzu bakiniramwo biyari. Rero bo, we na Lee Horn, bari abatamvyi ba mbere bariho mu gihugu. Ni Umugatolika ubwiwe. Koko, kuri bo ivyo gusenga nta co vyari bibabwiye, rero... Nellie na bo. Rero yari umutamvyi akomeye, hamwe na we nyene. Bari bafise iyi ntambo hano bita "black bottom" na "jitterbugs" n'izindi nk'izo. Yari uwa... Abo babiri ni bo bari aba mbere mu gihugu.

250 Umunsi umwe, yaje adandabagirana hano, umugoroba umwe, mu gikorane. Aca agwa hasi aho, kuri rutari, Nellie muto. Umutima wiwe uhezagirwe. Yararambaraye ngaho kuri arutari. Arunamura umutwe. Aca atangura kurira, amosozi atemba ku matama yiwe. Avuga ati: "Billy..." Yari anzi. Aca avuga ati: "Ndipfuza cane rwose gukizwa."

251 Nca mvuga nti, "Nellie, urashobora gukizwa. Yesu Yaramaze kugukiza, mukobwa. Bisaba ko uvyemera ubu wishimikije Ijambo ryiWe."

252 Aca aguma ng'aho. Maze ararira, arasenga, aca abwira Imana ko atazokwigera asubira kumviriza ibintu vy'isi kandi. Ubwo nyene, amahoro meza ariyoshe aca aza mu mushaha wiwe. Yahagurutse ng'aho, asemerera atazira Imana, aninahaza Imana.

253 Haheze nk'amezi atandatu canke umunani inyuma y'ivyo, yariko amanukana Ibarabara Spring, umugoroba umwe.

254 Rero, umukobwa akiri muto gusa, yari akiri umuyabaga nyene, afise nk'imyaka cumi n'umunani. Hanyuma aca aza kundaba, aca avuga ati: "Hope..." Uwo yari umugore wanjye, umwe yitaba Imana. Avuga ati: "Nari nipfuza gusa na Hope na Irene." Avuga ati: "Urazi, ntibigeze baja mw'isi." Ati, "Isi iragushirako iharama." Aca avuga ati: "Nsa n'inkazi." Ati: "Ubu, narahevyeye ivyo kwisiga amarangi n'ibindi, ariko nsa n'inkazi gose. Mbere n'uko meze, mu maso," ati "nsa n'inkazi." Avuga ati, "Bo basa n'abatagira ikibagiriza kandi b'igikundiro." Ati, "Nokwipfuye kuba ntigeze nkora ivyo."

255 Nca mvuga nti, "Nellie, Amaraso ya Yesu Kristo yoza ivyaha vyose, mukunzi. Bandanya, uvyizere."

256 Wayne Bledsoe, benshi muri mwebwe muramuzi, umugenzi wanjye somambike, imyaka n'imyaka. Yari umunywi w'inzoga.

Yahora azanana na murumuna wanjye, Edward. Yari yaborewe mw'ibarabara hano, hanyuma ndamutora, kuko abapolisi bari kumufata. Nca ndamuzana hano. Nari umuvugabutumwa kandi naba aho, kwa data na mama, hari imbere y'uko ndongora. Nca ndamufata, ndamushira mu gitanda hariya. Ndyama... naryama ku gatanda kazingwa k'abantu babiri. Hari umugwi munini w'aba Branham, murabizi, twari icumi. Kandi rero twari dufise nk'ivyumba bine, rero vyasaba ko mu buryo kanaka turarana babiri babiri, gatoyi. Rero, nari mfise igitanda c'abantu babiri kizingwa naryamako. Nca ndakizingurura *gutya*, nca—nca ndyamika Wayne hamwe nanje. Yaborewe, nategerezwa kumuterura nkamujana mu nzu nkamuryamika.

257 Nari ndyamye ng'aho. Ndavuga nti: “Wayne, ntasoni wumva, umeze gutyo?”

258 Aca avuga ati: “Aha, Billy, reka kubarira gutyo.”

Nca ndamurambikako ikiganza. Mvuga nti: “Ngomba ndagusengere Wayne. Imana Iguhezagire.” Kandi nari maze hafi, oo, ndibaza nka, kumbure umwaka, nkijijwe.

259 Hanyuma rero, bukwi na bukwi, numva i—itagisi, umuryango ukubise hanze, umuntu umwe aca aradodora cane rwose. “Mwene Data Bill! Mwene Data Bill!” [Mwene Data Branham adodoye ahavugirwa ubutumwa—Umw.]

260 Nca ndibaza nti: “Mana Yanje, hariho umuntu ategerezwa kuba ariko aracikana.” Nca ndasimba, nja ku muryango; mpitana ikintu canje gishaje ng'aho, ndakizungurutse ku mpuzu yanje yo kuryamana, nk'*uku*, nca ndafuka Wayne, niruka ku muryango.

261 Ryasa n'ijwi ry'umugore. Naruguruye umuryango, uwo mukobwa akiri muto yari ku muryango. Aca avuga ati: “Oo, noshobora kwinjira?”

Nca mvuga nti, “Injira.” Nca ndatsa amatara.

262 Rero yariko ararira gutyo, aca avuga ati: “Oo, Billy, ka—ka—karambanye! Karambanye!”

263 Nca mvuga nti: “Ufise ikibazo giki, Nellie? Wagize i—wagize ikibazo c'umutima?”

264 Aca avuga ati: “Oya.” Ati: “Mwene Data Bill, nariko manukana ibarabara Spring.” Ati: “Mvugishije ukuri, Mwen Data Bill! Mvugishije ukuri, Mwene Data Bill, sinashaka gukora ikibi. Sinashaka gukora ikibi.”

265 Ndavuga nti: “Ni ikihe kibazo?” Nca ndiyumvira nti: “Mbega ndamugenze gute ubu?” Sinari nzi ico nokora. Jewe, umuhungu akiri muto. Nca nda...

266 Avuga ati: “Oo, Mwene Data Bill,” ati: “Na—na—nataye umutwe.”

Nca mvuga nti, “Ubu rero, tekana, mushikanje. Mbarira vyose.”

267 Aca avuga ati: “Emwe,” ati: “Nariko manukana ibarabara, hanyuma ya ngoro Redman...” Kandi bahora bahagirira intambo kuwa gatandatu mw’ijoro hariya. Aca avuga ati: “Nari mfise ibintu, ivyo nari ntwaye muhira gushonamwo ikanzu.” Aca avuga ati: “Nca numva uwo umuziki.” Aca avuga ati: “Urazi,” ati: “nahagaze akanya gatoya gusa.” Aca avuga ati: “Watera uryoha. Rero nca ndiyumvira nti: ‘Urazi, ntaco vyonona hamwe nohagarara ng’aha gusa.’”

268 Aho ni ho yakoreye ikosa, guhagarara gatoya. Yarumvirije gusa.

269 Aca avuga ati: “Rero, ngiye kwiyumvira.” Ati: “Ewe Mwami, Urazi ko ndaGukunda, yamara.” Ati: “Urazi ko ndaGukunda, Mwami. Ariko ndashobora kwibuka neza igihe aho jewe na Lee twahora dutsindira i—ibikombe vyose, n’ibindi.” Ati: “Mugenzi, ndibuka ingene iyo miziki ya kera yahora inkwegu. Ubu ntikinkwegu.”

270 Uh-oh, uh-oh! Uriko wiyumvira gusa ko itakigukwegu. Yamaze kugufata, aho nyene. Ni ivyo nyene gusa ashaka, aho nyene. Murabona?

271 Ni bangahe bigeze kumenya Nellie Sanders? Emwe, nibaza ko ari benshi muri mwebwe. Egome. Ata nkeka. Rero ba—bari—bari...

272 Avuga, avuga ati: “Emwe, uzi n’inkuru?” Ati: “Kumbure hamwe noduga izo ngazi ng’aho,” ati: “kumbure noshobora gushingira intahe bamwe muri bo.”

273 Oo! Urabona, uza uri ku rubuga rw’umurwanizi. Guma kure yaho. “Hunge n’igisa n’ikibi cose.”

274 Ariko yaraduze, ashika hejuru ku ngazi, aca ahagarara ng’aho akanya gatoyi. Ubwo nyene, yisanze mu maboko y’umuhungu umwe, ariko aratamba.

275 Hanyuma aca aratora ubwenge. Rero yari ahagaze ng’aho, ariko ararira n’ibindi, aravuga ati: “Oo, ubu natakaye, ubutakivayo. Na...”

276 Nca niyumvira nti: “Rero, sinzi vyinshi cane kuri Bibiliya, ariko ndizera ko Yesu Yavuze Ati: ‘Bazosenda abadayimoni mw’Izina ryanje.’” Jewe...

277 Wayne yari yatoye ubwenge, gatoyi, yari yicaye ng’aho, yitegereza. Murabona? Rero nca mvuga nti, “Ubu rero, dayimoni, sinzi uwo uri we, ariko ndakubwiye aka kanya, uyu ni mushikanje, kandi nta burenganzira ufise bwo kumugumya. Ntiyabikoze abishaka. Yahagaze akanya gatoyi gusa.” Aho ni ho yakoreye ikosa, yamara. Mvuga nti: “Ariko utegerezwa kumuvamwo. Uranyumva?”

278 Kandi rero mfasha, Mana, ku munsu w'Urubanza, bizomenyekana. Umuryango waciye utangura kwiugurura wongera wiugura. "Bum, bum," aho ku muryango. "Pap, pap, pap." Nariyumviriye.

Aca avuga ati: "Bill, raba hariya. Raba hariya."

Nca mvuga nti: "Egome. Ico ni igiki?"

Aca avuga ati, "Ntavyo nzi."

Nanje nti, "Na jewe sindabizi."

279 Hanyuma umuryango ubandanya "pap-pap, pap," wiugura gutyo. Nca ndiyumvira nti, "Ni ikihe kibazo kiri hano? Ni ikihe kibazo?"

280 Ndongera nditegereza, nk'uku. Nca mvuga nti: "Muveko Satani! Mw'Izina rya Yesu, sohoka muvemwo!"

281 Mvuze ivyo, hasohotse inyuma yiwe, ikintu kimeze nk'igihungarema kinini, cari gifise uburebure nk'ubu, n'ubwoya burebure burereta ku mababa no ku maguru yaco, nk'uku. Caguruka ngo "Oooooo." Gica kiza kintumbereye, kiza kinyaruka rwose.

282 Nca mvuga nti, "Ewe Mwami Imana, Amaraso ya Yesu Kristo andinde ivyo."

283 Maze Wayne aca arasimba mu gitanda, aritegereza. Cari ng'aho, nk'igitutu kinini, kigenda kizunguruka, gica kigurukira hejuru congera kiranuka kija inyuma y'igitanda. Wayne aca ava mu gitanda, yiruka aja mu kindi cumba yihuta uko ashoboye. N'uko du. . .

284 Naciye mfata Nellie ndamujana muhira iwabo. Nca ndagaruka, kandi sinashobora. . .

285 Mama yarinjiye ng'aho arakunkumura amashuka n'ibindi. Nta na kimwe cari muri ico gitanda. Vyari ibiki? Idayimoni yari yamusohotsemwo. Habaye iki? Yahagaze akanya gatoyi. Ico gusa.

286 Ntuhagarare, na gato. Iyo Imana Yibije Ijambo ryaYo mu mutima wawe, fata iyo Nkota gusa hanyuma utangure gutemagura ucagagura. Haleluya!

287 "Nta mwanya mfise wo kurindira icari co cose kindi. Mpejeje kujabuka, nta n'akanya mfise ko kwicara hasi."

288 Yavuze ati: "Emwe, fata inkoni yanje uyirambike kuri uwo mwana. Nihagira umuntu akuvugisha, ntunamwishure."

289 Umurwanizi niyavuga ati: "Ewe, urazi uko wiyumva?" Ntunamuvugishye. Wewe bandanya gusa.

290 Umurwanizi, murazi, umurwanizi avuga ati: "Mbega mwari muzi? Murazi, *Naka na naka*, igihe baronka Mpwemu Yera, muribuka ko ba—bahatswe gutakaza ubwenge." Ntunamuvugishye. Bandanya gusa. *Naka na naka* ntuzi ivyabo.

291 Ni wewe n’Imana. Ni vyo. Gumya Imana. Irasiga amavuta abakozi baYo. Bisaba ko nihuta. Imana Irasiga amavuta abakozi baYo. Murabona?

292 Ubu rero ntegerezwa kureka ivyo nanditse bikeya hano, ariko nashaka kuvuga bino. Hano, nimwumvirize ubu, neza.

293 Mukobwa muto, umviriza neza ubu.

294 Aha turabona amayeri y’umurwanizi. None dukora gute? Rero, mfise Ivyanditswe vyinshi ng’aha, vy’abavugishwa n’ibindi, aho yaje kuri bo, n’abantu batandukanye muri Bibiliya, agakora vya bintu nyene. Iminsi yose ni yo mayeri yiwe, ni ukugerageza gutuma abantu batizera Ijambo ry’Imana. Mwumvirize, mwebwe basoda b’umusaraba. Iyo mutizeye rimwe mw’Ijambo rya Bibiliya yanditswe y’Imana, uba watswe ibirwanisho.

295 Ivyo uravyizera ga mukundwa?

296 Uba watswe ibirwanisho. Wayamanitse, wa fi ireremba we. Ambara ibirwanisho vyose vy’Imana. Amen. Turi mu ntambara. Ivyo Imana Yavuze ni ukuri. “Ijambo ryose ry’umuntu ni ikinyoma.” Murabona? Ariko ukimara ku... abateza kumviriza ikintu kimwe gusa, ayo ni yo mayeri yiwe, uba watswe ibirwanisho.

297 Ni ibintu bingahe Eva yumvirije? Kimwe. Yaciye yakwa ibirwanisho ako kanya nyene. Satani yakoze iki? Yinyegeje aciye mu vyiyumviro vyawe, aja mu mpwemu, ni aho yaciye yononekarira. Si vyo? Yononekaye ako kanya nyene akimara kwakwa ibirwanisho, igihe atizera Ijambo ry’Imana. Neza. Hano turabona amayeri yiwe.

298 Abasoda b’Imana bategekwa “Kwambara ibigwanisho vyose Imana Itanga.” Si vyo? Namba mushaka kwandika ico Canditswe, biri mu Banyefeso 6:10 na 13. Murabona? Twabisomye mu kanya gaheze. Ni co cigwa cacu. Ni vyiza. Mwihweze. “Mwambare ibirwanisho vyose Imana Itanga.” Reka... Mwoba mufise akanya gatoya? [Ikoraniro rivuze riti, “Amen.”—Umw.] Reka dusubire aha inyuma akanya gatoya gusa. Reka turabe ibirwanisho vyose vy’Imana ivyo ari vyo. Ni vyiza. Dutangurire ku murongo wa 10. Rero, mwumvirize neza rero. Reka turabe ibirwanisho vyose Imana Itanga. “Ibisigaye, bene Data...” Rero, ndazi ko ngiye... Ndi...

299 Ni isaha zitandatu zibura, ubu nyene, iminota mirongo ibiri hafi. Si—sinda... sinashaka kubigisha umwanya muremure cane, uno muni, ariko bi—bishoboka ko noba mfise hafi Ubutumwa bundi bumwe gusa imbere y’uko mfata zimwe mu ngendo zanje zo mucu, murabona.

300 None murazi? Murazi igituma ndiko nkora ibi? Ndabibabwira. Ejo bundi nararose indoto. Sinashaka kuyivuga,

ariko iri mu vyiyumviro vyanje. Vyoba vyiza ndayivuze, ko Umwami yampaye insobanuro.

³⁰¹ Narose ndiko nitegurira kujabuka uruzi runini, ngiye mu gikorwa c'ivugabutumwa. Kandi rero, ubwa mbere, nari kumwe n'umugore wanjye hariya . . .

³⁰² Ni bangahe bigeze kumenya George Smith, Smith w'amasegonda atandatu, hano mu gisagara? George Smith, umuhungu wiwe ari mu rwego rw'igipolisi hano. We, umugogwa George, rero we ni imborerwa. Ariko yahoze ari umwe mu bagwanyi beza cane. Ni we yahora amenyereza, imbere yuko ndanajya muri Y.M.C.A. n'ahandi hose. Yahora atumenyereza. Kandi yari abangutse, abangutse vy'ukuri. Yari afise ibiro bigereranye gusa, ibiro mirongo itandatu n'umunani. Kandi yaramenyereza. Yakunda guhagarara ngaho, agapfunga ingumu, *gutya*, akankubita neza neza mu nda, akanterura negamiye ku ruhome, murabona, ariko, ntaco vyantwara. Yari yaramenyereje cane, yari imyimenyerezo gusa.

³⁰³ Hanyuma rero na—narose, ejo bundi mw'ijoro, mbona Smith w'amasegonda atandatu. Rero, ntiriyari iyerekwa. Yari indoto. Nabonye six-second Smith, haza abasore guhangana nawe, mu mukino wo guhotorana no gutekana imyereka. Hanyuma we, nya mutama, afise, oo, ndibaza . . . mfise imyaka mirongo itanu n'ibiri. We afise nk'imyaka mirongo itanu n'umunani, mirongo itandatu. Nta n'umwe muri abo basore yashobora kumukorako, mu buryo na bumwe. Yabafatira hamwe nyene, *gutya*, akabatura hasi akabafatira hasi n'ukuboko kwiwe.

³⁰⁴ Nca niyumvira nti: “Ivyo biratangaje.” Nibwira yuko nari kumwe n'umugore wanjye, nca mvuga nti: “Ivyo biratangaje.” Nca mvuga nti: “Urazi ga Meda? Yahora ari umumenyereza wanjye.”

Aca avuga ati: “Nda—ndavyibuka, ubimbarira.”

³⁰⁵ Nca mvuga nti: “Ego, mushingantahe. Kubera imyimenyerezo yiwe myiza, natsinze inkino cumi na zitanu z'abahinga, nca nda—ndaheba uwo mwuga; nja kuvuga Ubutumwa Bwiza.”

³⁰⁶ Ako kanya bica birahinduka, nca ntangura kujabuka a—amazi. Ariko ndiko ndagenda, nari mu bwato butwagwa n'imoteri. Nitegereje, nca mbona babiri muri bene Data bicaye ng'aho, mu bwato buto bwo gusoza, biteguye ngo tujane. Nca mvuga nti: “Ntimubikore, bene Data. Huh-uh. Ntegerezwa kugenda jenyene.”

³⁰⁷ Haca haza uwugendesha ubwato, aca avuga ati: “Ehe ubwato bwawe,” ubwato bwera vy'ukuri basozwa bwa parasitike.

Nca mvuga nti: “Oya. Uuh-uh. Si ubwo.”

308 Aca avuga ati: “Emwe, urashobora kugenda wihuta muri uru ruhande hamwe na bwo, ibirometero mirongo umunani kw’isaha.”

Nca mvuga nti: “Ariko ntegerezwa kujabuka nerekeza *hariya*.” Murabona?

“Neza,” avuga ati: “Ni mujane *n’abo* bagabo.”

309 Nca mvuga nti: “Si abatwara ubwato. Nta bumenyi buhagije bafise muri vyo. Batwawe n’ibishikashika. Ntibashobora kujabuka aho. Bompi baraza gusoma nturi. Ntibabishobora namba.”

Aca avuga ati: “Uri . . . urashobora kwizigira . . . ?”

310 Nca mvuga nti: “Umviriza, nda—ndazi vyinshi ku bijanye n’amato kurusha ivyo bazi, sinonagerageza kujabukana n’ubwo, n’igikoresho nk’ico nyene gusa.” Mvuga nti: “Bisaba ubwato bw’imoteri kugira ujabuke aho.” Mvuga nti: “Bisaba ikintu gifise inguvu kurusha ubwo.”

311 Nca mbona ahindukiye, abaza umwe muri abo bene Data, avuga ati: “Uri uwutwara ubwato?”

Abo bene Data baca bavuga bati: “Ego.” Murabona?

Nanje nti: “Ivyo si vyo.”

312 Uwo agendesha ubwato aca aragaruka. Avuga ati: “Ndakubwire ico ukora.” Ati, “Baragukunda. Barakwizeye. Ariko,” ati: “Niwagerageza kujabuka mu bwato bw’imoteri, baraza kugerageza kugukurikira bari muri burya bwato buto basoza. Bompi barapfa, urabona.” Avuga ati: “Ntibashobora kugukurikira.”

Nca mvuga nti: “None, nkore iki?”

313 Maze uwo atwara ubwato ahagaze inyuma ku bwato, aca avuga ati: “Subira inyuma *hariya*.” Ati: “Hariho akazu gatoyi kamwe gusa k’ububiko muri iki gihugu cose, akazu gatoyi k’ububiko. Ca wegeranirizamwo gusa ibifungurwa vyinshi,” ati: “bazoca baguma ng’aha. Ba—bazoguma ng’aha mu gihe uzo—uzoba wagiye. Ariko,” ati, “bisaba ko ushirayo ibifungurwa.”

314 Nca ngura ubwoko bwose bw’amashu, na beterave, na figiri, n’ibindi, ndabirunda ng’aho nk’uko. Hanyuma nca ndikangura.

315 Sinarinzi ivyo ari vyo, ariko ubu ndabizi. Murabona, turiko turabika ibifungurwa bene Data. Buno ni ubuzima aho utegerezwa kugenda wenyene.

316 Leo, uribuka ya ndoto wagira ca gihe waza ng’aha ubwa mbere? [Mwene Data Leo Mercier avuze ati: “Amen.”—Umw.] Ku bijanye na ya piramide, ukibaza ko wari gushobora kuduga gushika hejuru. Navuze nti: “Leo, nta muntu aduga gushika hano. Ni Imana itegerezwa kugushikanaho. Waraduze urashika aho bishoboka ko umuntu ashika.” Ndavuye nti: “Ntushobora

gushika hano, Leo. Urabona? Subira inyuma. Ubwire abantu gusa ko ibi biva ku Mana.” Murabona? Murabona?

317 Ni ikintu u—udashobora kwishimikiza, bene Data na bashiki bacu uko boba beza kose, ishengero ryanje n’ibindi, uko ayandi mashengero yoba meza kose, na bene Data, ahantu hose.

318 Rero, sinshobora kuguma kure y’ishengero iyo hanze. Umuntu umwe yavuze ati: “Kubera iki ugendana n’abo bantu, abo Banyabutatu, bose *bano*, *barya* n’*abandi*, n’Abanyabumwe, ab’Izina rya Yesu, n’ivyo bindi bintu vyose ng’aho? Kuki wivanga n’abo bose, na gato?” Ni abanje. Ico bakoze ntaco bitwaye, ni abanje. Ni ho hantu hanje ho kuvugira ubutumwa.

319 Igihe Isirayeli yari yakoze ibibi cane, gushika n’aho Imana Ibarira Mose, Iti: “Itandukanye nabo ubwawe. Nzotanguza u—umuryango mushasha hamwe na wewe.”

320 Mose yaciye yitambika hagati, avuga ati: “Imbere yuko Ubakuraho, nUnkureho jewe.”

321 Ivyo boba barakoze vyose ntaco bivuze, ni bo natumweko. Yarungitse Umuco, atari kugira wakire ahari Umuco. Ahari umwijima, ni ho umuco ukenerwa. Kandi utegerezwa kugenda ugashikira abantu. Utegerezwa kuja ku ruhande rwabo, uko bigenda kose, utegerezwa, naho boba bari mu makosa.

322 Isirayeli yari mu makosa uko bishoboka. Bari bakoze amakosa gushika n’aho Imana Ibaheba. Ariko, Mose, namye nibaza iminsi yose ukuntu ivyo vyanashitse, ariko Mpwemu wa Kristo Yari muri Mose. Murabona?

323 Murabona, twese turi abanyamakosa. Yaraduhagarariye twese igihe twari mu makosa.

324 Uko boba bari mu makosa kose, ntidukureho isangira canke ngo twitandukanye n’ico ari co cose. Igihe cose tugishoboye kugarura umushaha, reka tugendane “ubwenge nk’inzoka, ugutekereza nk’inuma,” murabona, tugerageze kugarura umushaha wose dushoboye.

325 Rero, iki ni co ndiko mvuga kino gitondo, ni ukubika Imfungurwa. Kubika Imfungurwa, kugira ngo muzoronke Ikintu mufungura, kugira ngo muzoronke Ikintu mugirirako umunsi mukuru. Nimubishire ku ma bande. Mubibike ahapfute mu cumba. Kumbure, igihe nzoba ntakiriho, muzoguma mwibuka ko bino bintu ari ukuri. Muze mwicare mu cumba mwumvirize. Murabona? Izi ni zo Mfungurwa, zibitse, mu nzu y’ububiko. Sinzi aho urugendo rukanisha, ariko, aho ruja hose, Arazi aho Andongorera; jewe ntaho nzi, ndakurikira gusa.

326 None, yavuze iki hano? Mwumvirize neza.

Ibisigaye, bene Data, muremesherezwe mu Mwami wacu no mu bushobozi bwiwe bwinshi.

...kandi nimwaheza vyose, mugahagarara
mushikamye.

Mushikame...

332 Amen. Murabitahura? Urabona, mukundwa? Mumaze
gukora ivyo mushobora vyose, mugahagarara mushikamye, rero
mushikame. Ntimunyiganyige.

Nuko rero mushikame, mukenyeye...

333 Umviriza ibi. Umviriza ng'aha, ivyo ari vyo. "Mu
rukenyerero rwawe." Ico ni igihimba c'umubiri wawe co
hagati, hano, murabona.

...mukenyeje ukuri,...

334 Ukuri ni iki? Ijambo ry'Imana. Ni vyo. "Ijambo ryaWe ni ryo
Kuri." Neza cane.

...mwambaye ukugororoka nk'icuma gikingira
igikiriza;

335 Ni ukuvuga: "Gukora ibigororotse." Ufise Ijambo ry'Imana
muri wewe, ukora ibigororotse. "Icuma gikingira igikiriza
c'ubugorotsi."

*Mwambaye ibirato, ari kwo kwitegurira kuvuga
ubutumwa bwiza bw'amahoro;*

336 Mugende hose, ahantu hose, igihe cose, mwambaye ibirato
vy'Ubutumwa Bwiza. Murabona? Kandi murabe:

*Hejuru ya vyose, hejuru ya vyose, mwakire inkinzo
y'ukwizera,...*

337 Iyo ni yo izibira imyampi, murabona, "Inkinzo y'ukwizera."

...ni yo mushobora kuzimisha imyampi ya wa Mubi
yose yaka umuriro.

Mwakire inkofero y'agakiza,...

338 Uwo ni umushaha...Ivyiyumviro—ivyiyumviro, imbere
hano, umutwe; bipfuka umutwe.

...hamwe n'i—n'inkota ya Mpwemu, ni yo Jambo
ry'Imana:

339 Iyi nkofero uyikoresha iki, ikora iki? Ni igikingira.
Inkofero ikozwe muki? Umuringa. Umuringa ntushobora
no gushongeshwa; urakomeye, urakomeye kurusha icuma.
Inkofero y'umuringa, (igiki?) agakiza, ubumenyi bwo kumenya
ibi, "Kandi ugukira kwanje guturuka ku Mana. Agakiza kanje
gaturuka ku Mana. Ivyo nacishijwemwo bihuye n'Ijambo ryaYo,
atari icyumviro c'amashengero; Ijambo!" Amen. Ng'ivyo.
Wifutse, n'igikingira, inkofero y'agakiza, ukubohoka. Fata
bino, hanyuma utambuke uja imbere. Oo, rero, rero ivyo ni vyo
twategerezwa gukora. Ingabo za Satani...

340 Rero nimwitegereze, ubu, tu...Ntegerezwa nyene kwihuta,
ariko nte—ntegerezwa gushiramwo kino.

341 Ingabo za Satani zizana indwara. Ico ni co Satani ari, ni uwusambura. Satani, ubwami bwa Satani bwose, ni umubabaro, urupfu, amaganya, uguhungabana, uguhagarika umutima, vyose biri kuri Satani.

Imana ni Ubugingo, ukwizera, umunezero, amahoro, *hano*. Murabona?

342 Rero, izo ni zo nkomezi zibiri zihambaye zihanganye kano kanya. Ziriko zirarwana. Ziriko zirarwanira aha nyene muri iyi nyubakwa ubu nyene. Zirarwana, umunsi ku munsi, na mwebwe, buri nkomezi yose.

343 Satani, aguma abakurikira, umwe Goliyati, w'ikigatanya, munini, w'igihagararo nk'umwami, nk'umuherezi agerageza kubicisha ubwoba. Aravyemerewe, ariko Imana . . .

344 Mwarakomejwe, amen, n'Ubutumwa Bwiza, n'Ijambo ry'Ukuri mu gikenyerero. Ubwiza! Muvugabutumwa, ico ni co biri. Inkofero y'agakiza; inkizo y'ukwizera; n'Inkota, uYizungagiza mu kuboko kwawe! "Satani, ndaje duhure. Uje kundwanya mw'izina ry'ubushakashatsi. Uje kundwanya mw'izina rya—ry'akaranga. Uje kundwanya mw'izina ry'idini. Uje kundwanya mw'izina ry'iki, *kirya* canke *ikindi*. Ariko jeho nje mw'Izina ry'Uhoraho Imana ya Isirayeli. Ndaje kukurwanya. Va mu nzira!" N'urupfu ubwarwo ntirushobora guhagarara ng'aho. Icire icanzo ng'aho. Ni vyo.

345 Ingabo za Satani zizana indwara, ingabo z'Imana na zo zahawe igikorwa co kuzirukana. Amen. Ng'ivyo. Igihe cose Satani atereye n'imwe, ayigutayeko, ingabo z'Imana ziramwirukana. Amen. Ziramwirukana!

346 Ubwo ni bwo buhinga nyene Imana Yakoresheje. Satani yakoresheje ingabo z'uguhonya, zo kutizera Ijambo ry'Imana, aca yishiriraho ubwami bwiza kurusha ubwo Mikaheli yari afise, Imana ica iramwirukana.

347 Uburyo bw'Imana, ni, ukwirukana umurwanizi. Kwirukana ukurimbura. Kwirukana ibintazi. Terera hasi amaganya. Terera hasi indwara. Terera hasi icaha. Amen. Uri hejuru yavyo, wazukiye muri Kristo Yesu, wicaye ahantu ho mw'Ijuru, n'abadayimoni bose munsi y'ibirenge vyawe. Niyatangura kuvyivangamwo, ni . . .

348 Urazi, warapfuye. Ubugingo bwawe buranyegejwe. *Gupfa* ni iki? Warapfuye ku nzira nyumviro zawe. Warapfuye ku gatimanama kawe. Ubugombe bwawe bw'umuntu bwovuga buti: "Ego, ndakeka ndi. . ." Warapfuye ku kurimbura kwawe. Warapfuye kuri ivyo bintu vyose. Kandi wahambwe mw'Izina rya Yesu Kristo; uca uzukana na We. Aho Ari hose, nawe niho uri.

349 None vyagenze gute igihe bo, umwe muri abo bakekeranya, yashika mw'Ijuru? Imana Yaciye Imwirukana. None Yabwiye iki

abasoda bazutse muri Kristo? “Idayimoni niyaza, muyisohore. Muyirukane.” Igihe Yesu Yamenyereza ingabo ziWe, Akaziha igikorwa gushika ku mpera y’isi, “Mugende muje mu mahanga yose, mubwire abaremwe bose Ubutumwa Bwiza. Uwizera akabatizwa azokizwa; utizera azotsindwa n’urubanza. Kandi ng’ibi ibimenyetso bizokurikira abizera, abasoda baNje. Bazosenda abadayimoni mw’Izina ryanJe; bazovuga indimi nshasha; bazofata inzoka, canke ni banywa ikintu cica, nta co kizobagira na gatoya; bazorambika ibiganza ku barwaye, bakire.”

Jimbere basoda ba Kristo!
Mutambuke muja mu ntambara,
N’umusaraba wa Yesu
Utugendera imbere.

³⁵⁰ “Nabambanywe na We, ariko ndiho; si jewe nkiriho, ariko ni Uwuba muri jewe.” Ijambo Ritugendera imbere, Imana Iducira inzira, na ya Nkota yaYo y’ubugi bubiri.

³⁵¹ Rero, ntibitangaje ko, igihe Grant yigarurira Richmond, maze wa mugore mutoyi wo mu bumanuko abonye Grant yinjiye, yaciye afatwa n’ihumekerwa. Aca avuga ati:

Amaso yanje yabonye ubwiza bw’ukuza
kw’Umwami;
Ariko ariko aganisha ibirenge mu bwato ahari
za nzabibu z’uburake;
Yarekuye wa muravyo w’injanamuntu n’Inkota
yiWe inyaruka iteye ubwoba;
Ingabo ziWe ziriko ziratera zija imbere.

³⁵² Amen. None Grant yigaruriye Richmond gute? Akimara kuhashika. Amen. Uko ni ko yigaruriye Richmond.

³⁵³ Uko niko abasoda b’Imana bigarurira icaha, indwara; bakimara gushikaho. Amen. Uko ni ko banesha ugukekeranya kwabo, ubwoba, n’ibindi. Iyo hagize igihaguruka, baca bagitemagura. “Ve mu nzira!” Oo, bagenzi! Ni vyo. Imana Ibiterera hanze, nk’uko Yabikoze mw’Ijuru. Umugabisha Wacu w’ingabo Mukuru Yaratweretse uko vyakozwe. Amen.

³⁵⁴ Roy Roberson na Mwene Data Funk, benshi muri mwebwe abatama barurwanye hano, murazi umugabisha w’ingabo nyakuri ico ari co.

³⁵⁵ Igihe kimwe na...Ca gisata gito c’abazimya umuriro c’i Jeffersonville hano. Ku kibanza ca Pfau harafashwe n’umuriro. Kandi aho ca gisata c’abazimya umuriro c’i Jeffersonville bari ng’aho, umukuru wabo azunguruka, avuga ati: “Sukire amazi makeyi hano hejuru.” “Shii-shii-shii-shii,” nk’akaringoti ko kuvomera. Ehe ng’aho ab’i Clarksville baraje, “Sukire amazi makeyi ngaha.” “Shii-shii-shii.” Inyubakwa ya Pfau yarahiye iratokombera.

356 Baca bahamagara Louisville. Ng'abo abagabo bamenyerejwe baraje. Oo, ingene inkengeri zasirana ng'aho!

357 Kandi aho abo bakuru bari ngaho, b'ivyo bisata vy'abazimya umuriro, bavuga bati: "Sukira amazi makeyi *hano* hejuru. Sukira amazi makeyi *hano* hasi." Abagabo batamenyerejwe.

358 Bene Data, imoteri yapfuye guhagarara, ni nde yari ageze hejuru ku ngazi? Umukuru wabo. Igihe ingazi yaduga hejuru, yaduganye na yo. Igihe yamena idirisha, ntiyari bwanashikire iryo dirisha. Yafashe ishoka arayitera mw'idirisha, aca avuga ati: "Nimuze bahungu." Umuriro wari uzimye mu kanya gatoyi. Umugabisha!

359 Si umugabisha, avuga ngo: "Sukira amazi makeyi *hano*. Gerageza makeyi *hano*."

360 Ariko avuga ati: "Nimuze, bahungu!" Amen. Ni we yaciye inzira. Yatweretse ingene bikorwa.

361 Naciye niyumvira nti: "Ico gisata c'abazimya umuriro camenyerejwe neza, uwo muriro bawuzimije mu mwanya mutoya." Kubera iki? Bari bafise umugabisha ng'aho yari azi ico akora.

362 Mwene Data, vuga ivya tewolojiya yawe vyose ushaka. Amashengero yanyu yashizweho n'abantu, amadini yanyu: Ni mubikinisha.

Jewe mfise Umugabisha Mukuru Yambariye uko bikorwa.

Muvuga ngo: "Emwe, namba nshobora kubimotera, kubikorakora." Oo, ivyo ntibigira umutwe n'amaguru!

363 *Ehe* uburyo wa Mugabisha Mukuru Yavuze ko bikorwa, ni muri Luka igice ka 4. Simfise umwanya wo kubisoma. Nimubisome, mwebwe nyene. Ni vyiza. Luka igice ca 4, uhereye ku murongo wa 1.

364 NtiYigeze Avuga ngo: "Reka ndababwire. Muze mugende *hariya* mugire ishirahamwe rihambaye. Muzotore abagenduzi, abadiyakoni, hanyuma, nako mwironkere aba karidinari, abasenyeri, mwironkere *ibi*." Ivyo ntiYigeze Abivuga.

365 Igihe Satani yahura naWe, yavuze ati: "Ubu urashonje. Hindura aya mabuye imikate."

Yavuze Ati, "Handitswe ngo. . ."

366 Avuga Ati: "Hano hejuru, turagutwara hano hejuru tukwereke ikintu kimwe."

"Ariko handitswe ngo. . ."

"Ndakora *iki*, niWabikora."

"Handitswe ngo. . ."

367 Uko ni ko wa Mugabisha Mukuru Yavuze ko vyakozwe. Vyakozwe gute, ga mushikiwacu? "Handitswe ngo: 'Ni barambika ibiganza ku barwaye, bazokira.'" "Handitswe

ngo: ‘Mw’izina ryanje bazosenda abadayimoni.’” Amen. Ni igiki? “Handitswe ngo!” Ayo ni yo mategeko ya wa Mugabisha. “Handitswe ngo, ‘Uwumva Amajambo YaNje akizera UwaNtumye, afise Ubugingo Budashira.’ Handitswe ngo! Handitswe ngo! Handitswe ngo!” Ayo ni—ayo ni yo mategeko. Uwo ni we musoda. Iyo ni yo nzira. Iyo ni yo muzinga dushira imbere.

³⁶⁸ Yakoze iki? Yagiye hariya nyene, kuri Goliyati umwe. Yarerekanye i . . . Ni gute Dawidi yeretse ingabo ingene bikorwa? Ni gute Dawidi yeretse Isirayeli ingene bikorwa? *Dawidi* bisobanura “umukundwa, umukiza.” Murabona? None Dawidi yabikoze gute? Yavuze ati: “Uku ni ko bikorwa. Izigire Ijambo ry’Uhoraho.”

³⁶⁹ Goliyati arasohoka ng’aho, avuga ati: “Urazi? Ndagutungira kuri iri cumu, ndakugaburire inyoni.”

³⁷⁰ Aca avuga ati: “Uje kundwanya nk’idini. Uje kundwanya nk’umunyabwenge wa none. Uje kundwanya n’inkota yawe y’imetro zine. Uje kundwanya n’inkofero y’umuringa, n’inkizo ntoshobora no guterura ngo nkure hasi. Uje kundwanya nk’umurwanyu yamenyerejwe. Uje kundwanya n’indangabumenyi ya Ph.D., na L.L.D, na L zibiri D. Uje kundwanya muri ivyo bintu vyose. Ariko jewe nje mw’izina ry’Uhoraho Imana ya Isirayeli, kandi uyu muni ndaguca umutwe.” Amen. Ako gahungu gatoyi gaturutse ng’aho ngo gahangane n’ico kigatanya, ariko yari azi aho ahagaze.

Isirayeli, bari ng’aho gusa bajugumira bati: “Oo, ako gahungu gatoyi.”

Goliyati aca avuga ati: “Ndakwereka ivyo nza gukora.” Aca araza.

³⁷¹ Yari afise u-k-w-i-z-e-r-a [mu Congreza: f-a-i-t-h—Umus.], murabona, muri Y-e-s-u [mu Congreza: J-e-s-u-s], ibitandara bitanu, amabuye atanu. Ibuye rimwe ritoyi muri yo, mu gutangura. Yararizunguriye nk’uko, Mpwemu Yera Aca Arafata iryo buye, na ryo rica riragenda. Goliyati aca arundukira hasi. Uko ni ko bikorwa.

³⁷² Uko niko Yesu Yavuze, ni vyo Yavuze. “Rero, namba mwebwe bene Data muja hiyo mu gikorwa, namba mushaka kumenya uburyo bwo kunesha abo badadayimoni, ndabereka uko bigenda.”

³⁷³ Satani yavuze ati: “Ndahura nawe.” Goliyati ati: “Ndakwereka ico nshoboye gukora. Urashonje. Nimba uri Umwana w’Imana, ndaguhinyuza. Uvuga ko Uri Umwana w’Imana. Ndaguhinyuza. Namba Uri Umwana w’Imana, hindura ano mabuye abe imikate. Urye; Urashonje. Kandi namba Uri Umwana w’Imana, Ufise ubushobozi bwo kubikora.”

374 Na We Ati: “Ariko handitswe ngo: ‘Umuntu ntatungwa n’umutsima gusa.’” Oo, uko ni ko wa Mugabisha Mukuru Yabikoze.

YaMuduganye ku gasongero k’urusengero. Avuga ati: “Niwikororera hasi,” ati: “Urazi ko vyongeye handitswe. . .”

375 Na We Ati, “Ego.” Ati, “Vyongeye kandi handitswe ngo: ‘Ntukagerageze Uhoraho Imana yawe.’” Mubona ico Yiyise? “Uhoraho Imana yawe.” Uh-huh. “‘Ntukagerageze Uhoraho Imana yawe,’ vyongeye handitswe kandi, nk’uko.” Murabona? Oo, bagenzi!

376 Yakoze iki? Yaramutsinze, Yisunze Ijambo ry’Imana. Amayeri y’umurwanizi ni ukuguteza kutizera Ijambo ry’Imana. Kandi wa Mugabisha Mukuru Yavuze Ati: “Mufate Ijambo ry’Imana kandi muRikore. Mw’Izina ryaNje bazosenda abadayimoni.”

377 Oo, Satani, umugabisha mukuru wabo, oo, egome, murazi, amwe muri ayo madini agerageza kubatuma mwizera ko afise ibinono vyigonze, murazi, n’umurizo usatuye, n’ivyo bintu vyose. Ntimuvyizere. Ntameze uko. Oya, mushingantahe, mwene Data. Ni umunyaruyeri cane. Ntimwizere ko afise ivyo. Ivyo babigira gusa ngo babatere ubwoba. Uwo si we murwanizi. Umurwanizi nta kinono afise, ubwa mbere hoho; ndabikekerenyako cane. We ni impwemu gusa. Umurwanizi ni impwemu. Ntafise ibinono vyigonze n’ibindi, nk’uko mugerageza kumwiyumvira. Oya, oya.

378 Ariko, ni umunyabwenge. Mwene Data, ni umunyabwenge vy’ukuri, yarize cane, igihe cose, yamye ari mu bwenge bw’isi. Oo, egome. Asa neza. Yatunganiye ingabo ziwe n’ubwenge bw’isi, gushika aho, mwene Data, ntugerageze—ntugerageze kuzana amajambo yawe. Vyokubera vyiza umenye neza ivyo uriko uravuga iyo uhuye n’umwe muri abo bagabo, bavuga ngo: “Imisi y’ibitanganza yararenganye.” Oya, ntabwo afise—ntabwo afise ikinono gisatuye. Ni, oo, ni—ni—ni uwugisohotse neza iseminari. Yarateguwe, mwene Data. Nshaka kuvuga, araciye ubwenge, afise indangabumenyi za Ph.D., L.L.D., Q.U.S.T., n’ibindi vyose. Murabona? Vyose birimwo ng’aho, ni umunyabwenge uko ashoboye. Umunyabwenge, ata nkeka, ni inzoka, umunyaruyeri kuruta ibindi vyose. Umushatsi umeze neza, mwene Data, nshaka kuvuga yambaye ikoti, itagirako agapfunyunyu na gato. Umunyabwenge, afise ubwenge kandi umunyaruyeri uko ashoboye. Ni vyo.

379 Ntumukinishe kiretse uzi ivyo uriko uravuga. Ni vyo. Oo, ariko turazi amayeri yiwe ya—ya kera. Turazi ico ariko agerageza gukora: kudushikana ku kutizera Ijambo ry’Imana.

380 Nta binono vyigonze afise. Oya, oya, oya. Rero, turabonye ko adafise ibinono vyigonze, rero ategerezwa kuba ari ikindi kintu. Ni umunyaruyeri. Ni umunyabwenge, yarize, yaritunganiye. Mwene Data, na we nyene arafise ingabo ziwe.

³⁸¹ Raba, igihe kimwe, hariya mu Busuwisi. Sinshobora gusa kubona aho nohagarikira, bagenzi. Hariho i—i...Hariya mu Busuwisi, haraje izo ngabo z'Abadagi, bata-...hamwe n'abo banyamahanga bariko barinjira. Emwe, wamengo ni uruhome rw'amatafari; umuntu wese yaramenyerejwe, amacumu yose abanguye nk'*uku*, imetero zibiri canke zitatu imbere. Baca batera Abasuwisi batoyi bagogwa hariya, bari bafise iki? Bari bitwaje u—ubugi bw'imihoro yabo, inkoni n'amabuye, bahagaze ng'aho. Bari babasubije inyuma. Ku rundi ruhande rw'agatumba ni ho hari imihana yabo. Ng'izo ingabo z'Abasuwisi zigiye guhura nabo. Ntaco bari babagize. Baraje gusa bigarurira igihugu cabo.

³⁸² None uyu mwana ga yemwe yakozze iki, umwana gusa? Satani uko ni ko ari, yomutwara ubuzima iyaba yobishobora. Nta nkeka. Uwo ni ko ari; igihe kitaragera. Murabona?

³⁸³ Abo Basuwisi ntaco bari bakoze. Bari abantu beza. Bariko bagerageza kugwanira ingo zabo, ariko bari bahagaze aho kugira birwanire. Haheze akanya, hariho umuntu yitwa Arnold Von Winkelried. Ehe ngizo za ngabo. Bari bakikujwe hose. Bavuga bati: "None dukore iki?"

³⁸⁴ Hose, hari amasinzi y'abagabo, bamenyerejwe neza. Uko ni ko Satani abikora. Bamenyerejwe neza, amacumu yabo abanguriye neza imbere, umuntu wese ku ntambuko: rimwe, kabiri; rimwe, kabiri; berekeza kuri izo ngabo nkeyi. Babandanya gusa—gusa batambuka, ivyo ni vyo vyonyene bategerezwa gukora, hanyuma bakabatobekeranya n'inkota, bose. Amacumu agaca abatobekeranya. Iryo ni ryo ryari kuba ribaye iherezo ry'izo ngabo z'Abasuwisi. Vyari kuba biheze. Hirya y'ako gasozi ni ho hari ingo zabo n'abakundwa babo. Abagore babo bari guca babatwara bakabafata ku nguvu, n'abakobwa babo bakiri bato, abana babo bakabica, inzu zabo bakaziturira, n'ibindi, indya bagatwara, ibitungwa n'ibindi, bikagenda. Ng'aho aho bari.

³⁸⁵ Vyagenze gute? Ihumekerwa ryaciye ricakira umuntu yitwa Arnold von Winkelried. Avuga ati: "Bagabo b'Ubusuwisi, uyu muni ndapfira Ubusuwisi." Amen. "Uyu musi ndapfira Ubusuwisi."

Baravuga bati: "Uza gukora iki?"

³⁸⁶ Aca avuga ati: "Ni munkurikire gusa murwanishe ivyo mufise vyose." Yahagaze aho; aca aterera icumu ryiwe hasi, agakoni gatoyi yari afise mu kuboko, nk'*uku*. Aca arasemerera, adugije ibiganza hejuru, nk'*uku*, aca yiruka aja iyo bari, asemerera cane ati: "Nimubise umwidedgemvyo!" Yiruka cane uko ashoboye, atumbereye izo ngabo. Hanyuma, amaze kubikora, aca afata amacumu yose ashoboye, ayicumita mu gikiriza *gutya*, aca aracikana.

387 Yari yababwiye, imbere yuko agenda. Ati: “Hariho inzu ntoya hariya, umugore n’abana nsize, inzu ntoyi naheruka kugura.” Arongera ati: “Nda—ndabakunda, ariko, uyu muni ndapfira Ubusuwisi. Aratanga intuze yanje...” Avuga ati: “Ndatanze ubuzima bwanje kugira nkize igihugu.” Uwo yari intwari. Kuva ico gihe nta ntambara basubiye kugira. Ivyo, ivyo vyarayihejeje.

388 Vyaciye vyirukana izo ngabo, kuri ubwo butwari bwagaragajwe gose, gushika aho hatabaye... Izo—izo ngabo zarazazaniwe cane. Abasuwiye baca babatembagarizako ibitandara, barabirukana mu gihugu; kandi ntibasubiye kugaruka kuva ico gihe. Aho haheze imyaka amajana. Murabona? Kuber’iki? Ico cari igikorwa gihambaye.

389 Ariko, oo, mwene Data, umunsi umwe, igihe ukutamenya, amangengete, ugukekeranya, uguhungabana, n’ubwoba, vyari bizigirije ihanga ry’Imana, hariho Umwe Yitwa Yesu Kristo, “Uyu muni ndapfira abantu.” Ni vyo.

390 Yabwiye iki ingabo ziwe? “Nimunkurikire murwanishe ivyo mufise vyose. Namba ufise ubuhiri, rwanisha ubuhiri. Ntutinye. Ufise inkoni, rwanisha inkoni. Ufise ibuye, rwanisha ibuye, ico ufise cose.”

391 Ivyo nivyo wa Mugabisha wacu Mukuru avuga uyu muni. “Nafashe Ijambo ry’Imana, ntsinda Satani n’ububasha bwiwe.” Yaramuciye ubunywenywe, amen, akoresheje iryo Jambo. Rero, ico ufise cose, namba ufise Ijambo rimwe gusa, “Uhoraho Imana yawe Agukiza,” mutemagure. Kurikire. Amen. Kurikire Umugabisha wacu Mukuru. Ego, mushingantahe. Yaramutemaguye.

392 Satani, na bwa bwami bwiwe bwiza bunini, n’ubwiza burenze, n’ibindi vyose, bishizwe ku gihe. Ivyo ntaco bihuriyeko natwe. Ni vyo. Aracari wa munyaruyeri kurusha ibikoko vyose vyo mw’itungo. Ego, mushingantahe. Yesu Yavuze ko abana b’iyi si bafise ubwenge kurusha abana b’Ubwami bw’Imana.

393 Rero, uko kutumvikana kubiri gukomeye. Turiko... ndafise... ntegerezwa kurangiza. Uko kutumvikana kubiri gukomeye kurahanganye kano kanya nyene. Ubu nyene ni igihe c’aho indwara n’ibindi vyahushuye isi, gushika naho ubushashatsi bw’abaganga bwabuze ico bufata n’ico bureka, n’ibindi vyose vyabuze ico bifata n’ico bireka. Ntakihari, kandi—kandi tuzo... Kandi ingabo, za ngabo nkeyi z’Imana ziriko zirazigirizwa n’ibindi. Mwene Data, harageze ko turonka uwundi Arnold Von Winkelried. Harageze, harageze ko turonka uwundi muntu w’Imana ahaguruka. Harageze ko uwundi Eliya aseruka. Harageze ko haba ikintu gikoreka.

394 Ngabo z’Imana, ugare ivyiyumviro vyanyu. Ntimuhagarare n’akanya na gatoyi, ngo mwiyumvire ikintu na kimwe

umurwanizi yobaha biciye mu nzira nyumviro zanyu. Ariko mwibuke, Ijambo Ry’Imana Ntirishobora kunanirwa na rimwe.

³⁹⁵ Ivyo bisirikare bibiri bihambaye! Iyo umwansi aje nk’uruzi rusendanisha, nk’uko aza uyu muni, Imana Yavuze ko Yociye Ikora iki? “Mpwemu w’Imana Yociye Aduza ibendera ryo kumurwanya.” Mbega uri umwe muri bo? Ego, mushingantahe.

³⁹⁶ Twigishwa muri Yakobo 4:7, nta mwanya mfise wo kubisoma Yakobo 4:7, ku, “Murwanya satani, nawe,” ntazotambuka agenda gusa, ariko, “azobahunga.” “Murwanye satani.” Ni gute murwanya satani? Kwa kundi nyene wa Mugabisha wacu Mukuru Yatubwiye ko dukora. Nimufate Ijambo ry’Imana. Uko ni ko murwanya satani, ni ugukoresha Ijambo ry’Imana. Wa Mugabisha Mukuru Yaratubwiye uko vyakoretse. Ni vyiza.

³⁹⁷ Ubu rero, mu guheza, nashaka kuvuga ibi. Urya satani wa kera, ubu, mwiyumvira ko hari uwo atinya. Mwibaza ko azotera umwana? Atera ikintu icyo ari cyo cose. Yateye na Yesu Kristo. Yarahe kuri We, n’ibitero bitatu vy’ubunyamaswa. Mwari mubizi? Satani ntatera rimwe gusa. Azogutera mu ndwara, hanyuma aho ace agaruka agutere, akubwire ati, “Igihe c’ibitangaza caraheze. Ntiwakize indwara. Ivyo nta kirimwo.” Murazi ko ivyo ari ukuri?

³⁹⁸ Yateye Yesu incuro zitatu. Ibitero vy’ubunyamaswa, yitaye kuri Yesu na kwa kutizera Ijambo ry’Imana kwiwe. Yesu Yari Ijambo. Nta nkeka, ntiyavyizera. “Namba Uri... Namba Uri...” Ng’uyo araje, ibitero vy’ubunyamaswa, nk’uko abikora rimwe na rimwe umwansi uyu musi. Ng’abo baraje, bavuga bati: “Nimba Uri Umwana w’Imana, nyereka igitangaza. Ndakibone gikoreka.” Mwene Data, ibitero bitatu vy’ubunyamaswa yajemwo, “Nimba U... Nimba Uri...”

³⁹⁹ Rero, ni igiki Yesu Yakoze? Yesu Yari Ijambo ry’Imana. Yari Ijambo. Yateye Ijambo. Ubwiza! Nta—ntanguye gusa ku... niyumva neza cane, ku buryo novuga ubutumwa rero ubu, ndababwije ukuri. Ni vyo. Yesu ni Ijambo. “Mu ntango Jambo Yariho, kandi Jambo Yahoranye n’Imana, kandi uwo Jambo Yari Imana. Kandi Uwo Jambo Yabanye, Yihaye umubiri, maze Abana...” Yesu Yari Ijambo. None Yakoze iki? Yamuciye ubunywenywe. Oo, bagenzi! Ngiye guhagarika. None Yesu Yakoze iki? We Yari Ijambo. Rero, Akoresheje Ijambo, Yatemaguye Satani mu gitero ciwe c’ubunyamaswa. Yamujeko nk’umugwi w’abasoda bako-, nk’abasoda bagavye igitero, canke ikindi kintu nk’ico, yagurukiye kuri Yesu, Ijambo, gutyo. Hanyuma Yesu Aca afata iryo Jambo Amutemagura uduhimbahimba. Haleluya! Nta nkeka, Yamutemaguyemwo uduhimbahimba, Amuneshesha Ijambo.

⁴⁰⁰ Murabona igitero ciwe? Mwihweze, mwumvirize neza bino, ndahejeje. Igitero ciwe ni iki? Ukutizera Ijambo ry’Imana, icyo ni co gitero ciwe. Ng’aho, murashobora kubona ya ntambara

ihambaye cane yigeze kugwanwa? Hariho gusa inkomezi zibiri: ni Satani hamwe n'Imana. None ni ikihe kirwanisho Satani afise co kukurwanya? Ni ukugerageza kugushikana ku kutizera Ikigwanisho cawe. Akwaka ibigwanisho. Ni—nimwumvirize mutekereje cane rero. Umvirize. Iyo ashoboye kugushikana ku kutizera Ikigwanisho cawe ni co kimwe, agushikanye aho wizera ko Ikigwanisho cawe kidakomeye bihagije, aba yakwatse ibigwanisho.

⁴⁰¹ Oo, Mwene Data Neville, nizigiye ko tutazokwigera twizera ivyo.

⁴⁰² Nimwitegereze, aba akwatse ibigwanisho iyo agushikanye ku kutizera ico Kigwanisho. Iyo uGishize hasi, ivyo biba bihejeje urugamba rwawe, kaba kakubanye. Gumya ico Kigwanishwo, ntuGishire hasi. Turabona ukutizera kwiwe. Reka...

Ikindi kintu nshaka kuvuga ubu, mu kanya gatoya.

⁴⁰³ Uburusiya. Nshaka kuvuga ibi kubw'inyungu y'abarugwanye, n'ibindi, hano, na mwebwe abiga Bibiliya. Kubera iki mwimena umutwe musemerera ku bijanye n'Uburusiya? Huh! Ntimunyumva ndababwira ivyo kwubaka aho kwikinga amabombe, si vyo? Kuki mwimena umutwe ku bijanye n'Uburusiya? Uburusiya ntaco buri. Nta ntambara buzotsinda. Ntibuzokwigarurira isi. Ubukomunista ntibuzokwigarurira isi. Abantu bafise ingorane nyabaki? Mbega Ijambo ry'Imana Ryonanirwa?

⁴⁰⁴ Umviriza, biri kuri bande ubu, isi ni yo ndiko ndabarira, canke ahandi hose izi bande zishobora kuja. Na mwebwe bantu muri hano, ntaco bitwaye ivyonshikira vyose, ibi muravyizera.

⁴⁰⁵ Uburusiya, ubukomunista, nta na kimwe bizokwigarurira. Ijambo ry'Imana ntirishobora kwihenda. Ivy'Ikiroma ni vyo bizokwigarurira isi.

⁴⁰⁶ Reka dufate iyerekwa rya Daniyeli. Iryo ni Ijambo ry'Imana. "Wewe, Ewe Daniyeli. . ." "Wewe, Ewe Mwami Nubukadineza, ni wewe uwo mutwe w'inzhabu," Babuloni. "Ubundi bwami buzogukurikira, bukazoba ari ifeza," Murabona, bwari Abamedi n'Abaperesi. Ubundi bwari ubw'Abagiriki, Alexandre Ahambaye. Hanyuma, haje Roma. Aho nta na kimwe cavuzwe ku bijanye n'ubukomunista. Roma yarigaruriye isi.

⁴⁰⁷ Yesu Yavukiye mu bwami bw'Abaroma, Aratotezwa, ubwa mbere Yaza hano, n'ubwami bw'Abaroma. No mu Kuza kwiWe kwa kabiri, Ariko araza, Ubutumwa bwiWe buriko buratotezwa n'amadini y'Abaroma, akaba ari we nyina wa yose. Kandi igihe Azogarukira, Azogaruka gusangangura ubwo bwami bw'Abaroma, uko ni ko Abayuda bari baMwiteze ko Azoza Agasangangura ubwami bw'Abaroma.

⁴⁰⁸ Inzego za Gatolika hamwe n'amadini yose yo mw'isi, ubu nyene biriko bija hamwe nk'ishirahamwe, ishirahamwe

ry'amashengero yitunganirije hamwe. Si Uburusiya. Ni Roma. UKO NI KO UHORAHO AVUZE. Ego. Nyereka Icanditswe aho ubukomunista, canke ikindi kintu uretse Roma, bizoganza.

⁴⁰⁹ Mbega Abamedi n'Abaperesi ntibasubiriye Nebukadineza? Nta nkeka. Mbega Abagiriki barabasubiriye? Egome. Mbega Roma ntiyafashe ubutegetsu, kuva aho? Mbega ntiyigabuyemwo ubutware cumi bw'aba Otomane nk'uko bihari ubu?

⁴¹⁰ Mbega *Eisenhower*, bisigura "icuma" *Khrushchev* bisigura "ibumba," Mbega ntibagiriye inama aha nyene? Hanyuma Khrushchev agakura ikirato ciwe, [Mwene Data Branham akubise ku gicaniro—Umw.] ngo abitomore, ikintu kiboneka neza, agakubita ku meza nk'uko, kugira yereke abantu. [Mwene Data Branham akubise ku gicaniro.]

⁴¹¹ None abantu bafise ingorane nyabaki uno muni? Ukwizera kugeze he? None, ntimwizera ko Ijambo ry'Imana ari Ukuri? Ko ico kintu kitari *Hano*. Ni ingorane nki ku bavugabutumwa uno muni? "Ubukomunista!" Umuvugabutumwa wese ari aho agerageza kurwanya ubukomunista. Ubukomunista, ntaco buri!

⁴¹² Ikihari, ni uko umurwanizi ariko arabizungagiriza aho nyene imbere yawe, nawe ukaba atavyo uzi; ni ivy'Ikiroma, ivy'ikidini. Kandi Roma ni yo nyina w'amadini. Bibiliya Ivuga ngo: "Yari maraya, n'abakobwa biwe bari abamaraya," arwanya Imana, arwanya Ijambo ryaYo.

⁴¹³ Basoda, nimutore Ijambo. Bamarayika b'imbabazi, nimugumane n'iryo Jambo. Umunsi umwe nzopfa, ariko iri Jambo ntiRishobora gupfa. Namwe bantu bakiri bato, nibitashika mu runganwe rwanje, muzobona. Ico ni co kintu.

⁴¹⁴ Mbega mwumvirije amakuru mu gitondo? Umupfasoni Kennedy yagiye, kubonana na papa, be n'ico papa yavuze? Murabona, amadini yose yo kw'isi! Oo! Emwe, kumbure tuzobona ibindi vyinshi gatoya kuri ivyo, ku w'iyinga uza.

⁴¹⁵ Murabona, ntimuhagarikwe umutima n'Uburusiya. Uburusiya ni akabuye gatoyi kari ku nkengera y'ikiyaga. Ntimuhagarikwe umutima n'ivy'ubukomunista. Ni Murabe ivy'Ikiroma mu gihe biriko vyifatanya n'amashengero. Nta na kimwe canditswe mu Vyanditswe ku bijanye n'uko ubukomunista buzoganza isi.

⁴¹⁶ Jewe nishimikiza Ijambo, ntitayeho uko ibindi vyose bigenda. Ijambo ni Ryo nizera. Ivy'Ikiroma ni vyo bifata isi. Kandi ivy'Ikiroma ni vyo nyina w'amadini yitunganije. Nta dini rytunganije ryari bwabeho gushika kuri Roma, kandi rimwe ryose muri yo ryasohotse muri ryo. Kandi Bibiliya Ivuga uko, ngo: "Yari nyina wa ba maraya." Nshobora kubimarako igice c'umunsi, kandi, ariko nibaza ko notera intambwe.

⁴¹⁷ Iyo umwansi aduteye, rero, "Oo, ndakubwire, wategerezwa kuza kwifatanya n'intuze yacu..." Uzoca ukora iki, gusubira

inyuma, imyumvikano? Uwo si umusoda nyakuri, ntiyobikora. Oya, mushingantahe.

418 None duca dukora iki? Ivyiyumviro: “Reka vya vyiyumviro vyari muri Kristo...” Mbega ni vyo Bibiliya ivuga? “Ivyiyumviro vyari muri Kristo, bibe muri mwebwe.” Yari Afise ivyiyumviro bimeze gute? Kugumana n’Ijambo. Ni vyo. Yagumana n’Ijambo, Ijambo rya Data, hanyuma Atsinda umwansi igihe cose. Rero iyo umwansi ateye akagerageza kukubwira ngo ukore *iki* na *kirya*, uzoca ukora iki? Gumana n’Ijambo. Ni vyo.

419 None mukeneye gukora iki rero? Kuronka Ijambo. Ijambo ni iki? Bibiliya Yarabivuze hano. Duhejeje kubisoma. Kuko Mpwemu, kandi w’Imana, ni Ijambo. Murabona? Rabe hano. “Kandi Mufate inkofero y’agakiza, be n’Inkota, Inkota ya Mpwemu.” Inkota ya Mpwemu! Iki? Mpwemu Aza aciye mu vyiyumviro vyawe Akinjira muri wewe, kandi Inkota y’uwo Mpwemu ni Ijambo ry’Imana.

420 None uwo Mpwemu agwanisha iki? Mbega Mpwemu Yera agwanisha iki? Ibishikashika? Ukwiyumva ukuntu? Ijambo; umutima! Hwii! Ubwiza! Agwanisha iki? Inyiyumvo? Ijambo! Ijambo! Reka tubivuge, Ijambo! Ijambo! Ijambo ry’Imana ni ryo Mpwemu Arwanisha.

421 Mpwemu w’Imana Aragenda neza na neza imbere y’umurwanizi, Akavuga Ati, “Handitswe ngo!” Amen! “Handitswe ngo!” Umurwanizi agaca ava mu nzira.

422 None dukore iki? Fate Inkota, akaba ari Ijambo ry’Imana, tuyisokorana (iki?) ukuboko k’ukwizera, ukuboko gukomeye k’ukwizera, Inkota ifise ubugi impande zompi. Bibiliya Ivuga, mu Baheburayo 4 Iti: “Ni—Ni inkota ifise ubugi impande zompi,” itema impande zompi mu kugenda no mu gusubira inyuma.

423 Mwene Data, akora iki? Fata Ijambo. Fata Mpwemu, reka Mpwemu Yinjire mu mutima wawe. Ugurura ivyiyumviro vyawe, uvuge uti: “Ijambo ryaWe ni ukuri.” N’uko, gira gutya mushikanje. “Ijambo ryaWe ni Ukuri.”

424 “Mwami, sinza kwitaho na gato uko niyumva, ico uwo ari we wese, na jewe yovuga. Ndugaye, ndakubuye inzira zanje zose, uguhungabana kose, n’ugukekeranya kose, n’ukutizera kose nigeze kugira. Uko nigeze kwiyumva kwose, ukwiyumva nabi kose nigeze kugira, n’ibindi vyose nigeze kugira, ndabitereye hanze. Ivyo vyose ndabirenganye. Ndaje ntumbereye impwemu yanje. O Mwami, ni Wururuke. Wavuze ko Wangize uwihitiramwo.”

“Niko uri, mwana waNje.”

425 “Neza cane, nduguruye umutima wanje n’ivyiyumviro vyanje. Niwinjire, Mwami Yesu.”

426 Uce ufata Ukwizera, iyo Nkota ya Mpwemu, NIKO UHORAHO AVUZE. Semerera uti: “Haleluya!” Amen. Hanyuma utemagure buri mwansi ari imbere yawe. Amen. Ni ivyo. Temagura buri mwansi. Nimba hariho i—impwemu ya kera y’igihume ituma wumva vyose...Tema ico kintu kiveho, ukoresheje Ijambo ry’Uhoraho.

Ariko inkomezi zacu, ni: “Umunezero w’Uhoraho ni zo nkomezi zanje.”

427 “Mva iruhande.” Paah! Mutemeshe Inkota. Yaba idayimoni, yaba umwansi, kwaba ukwiyumva nabi, yaba indwara, ico ari co cose, fata iryo Jambo uRisokorane Inkota. Hamwe wobikubita ubwa mbere, bigasa n’aho bitanyiganga, subira ukubite wihanukiriye, wongere ubikubite, wongere ubikubite. Ukubite gushika uciyemwo igitoboro, kumwe kw’agaswi kadodagura kagasohoka; canke inkona, ku co wewe uri. Dodagura wewe nyene usohoke muri ico kibarara ca kera c’indwara. Icire inzira yo gusohoka, maze uvuge uti: “Haleluya! Uwukurikira ari he?” Amen. Ng’iyo ya ntambara. Ng’uwo umusoda. Uwo ni we musoda w’umusaraba. Ego, mushingantahe. Kuraho umwansi wese.

428 Kuki? Kuki? Twebwe, turi Uruvyaro rwa Cami rwa Aburahamu, rwatoranijwe. Igihe Aburahamu yahakana ibintu vyose vyari binyuranye n’Ijambo ry’Imana, yaratemaguye aricira inzira muri buri ntambamyi yose yaje imbere yiwe. Bavuze bati: “Umugore wawe arashaje cane.” Yaciye atemagura gusa ico kintu aragikura mu nzira. Umurwanizi yavuze ati: “Ntushobora gukora *ibi*. Ntushobora gukora *birya*.” Aburahamu yarabitemaguye arabikura mu nzira. Yaragihushuye, arongerera aragihushura, gushika agiciyemwo inzira.

“Ahakurikira nja ni he, ga Mwami?”

429 “Imurira ihema ryawe *hariya*.” Aca araduga aYubakira igicaniro hariya.

430 Ashitse ng’aho, Satani aca araza avuga ati: “Rero ndakubwire, iki si co kibanza nyaco.”

“Nzoguma hano nyene. Mvira mu karere.” Avuga ati: “Haleluya!”

431 Loti yamubwiye ati: “Vyoba vyiza umanutse ino. Ino turiko tugira ibihe vyiza. Twese turafise ishirahamwe ryacu ino. Urazi, umugore wanje ni we atwara ishirahamwe ry’ivy’indimi hamwe n’ibindi vyose, mu gisagara. Ndakubwiye, wategerezwa kumanuka ino.”

Sara aca avuga ati: “Aburahamu. . .”

432 “Cereza, Sara.” Haleluya! “Guma ng’aha nyene. Aha ni ho Imana Yanshize. Aha nyene ni ho nguma.”

433 Aha niho Imana Yanshize:

Bose bashime ubushobozi bw'Izina rya Yesu!
 Abamarayika ni bapfukame;
 Bazane igitsibo c'ubwami,
 MuMwambike igitsibo Umwami wa bose.

Kuri Kristo, ca Gitandara gikomeye, niho
 mpagaze;
 Ahandi hose ni umusenyi unyika,
 Ahandi hose ni umusenyi unyika.

⁴³⁴ N'urupfu ubwarwo, ikindi kintu cose, ni umusenyi unyika.
 Kuri Kristo, Igitandara gikomeye, niho mpagaze.

⁴³⁵ "Uruvyaro rwa cami rwa Aburahamu." Uruvyaro rwa cami! Itegereze, igisoda karuhariwe c'Ubwongereza, kigizwe n'abava mu nda y'ingoma y'Ubwongereza, amaraso ya cami, n'ibindi. Uruvyaro rwa cami rwa Kristo ni Ishengero ryuzuye Mpwemu Yera, ryuzuye Mpwemu Yera. Iki? Uruvyaro rwa cami, kubw'isezerano, atari kubw'ibishikashika. Ariko, kubw'isezerano ry'Imana, bahagaze kw'Ijambo ry'Imana, bagatema bicira inzira basemerera bati: "Haleluya!"

N'urupfu ruraza rukavuga ngo: "Yiteguriye kugutwara."

⁴³⁶ Vuga uti: "Mbisa, Yorodani. Ndiko ndajabuka." Icire inzira muri ivyo, uja mu Gihugu c'isezerano. Amen.

⁴³⁷ Haba iki iyo intambara irangiye? Ndiko ndaheza ubu, ata nkeka. Intambara niyarangira, abera bakaza batambuka baja i Muhira, nshaka ndababaze ikintu kimwe, habaye iki?

⁴³⁸ Habaye iki igihe Hitler yinjira mu Bufaransa? Emwe, bavuga ko utashobora no kubona ikirere, mu kanya kanaka, kubera indege. Intambuko z'imbata z'Abadagi. [Mwene Data Branham yiganye intambuko z'imbata—Umw.] Murabona, bari bahagaze, barengana, bigina intsinzi.

⁴³⁹ Igihe Staline yaza avuye mu Burusiya, ku birometero vyinshi kure, ibiduga vya mutamenwa bitonze kimwe inyuma y'ikindi, yateye amabombe i Berlin gushika aho ata kintu na kimwe gisigara mu gisagara. Nta kindi. Kandi igihe bagenda, hanyuma abo Badagi. . . Abo basoda b'Abarusiya bigina intsinzi, barinjiye bagira ivyo, murazi, ka kantu bagira gatwengeje. Narabonye ireresi, igihe kimwe i Londres, ingene binjiye, ireresi nyayo y'ivyo bintu aho, ivyabaye, aho binjira bigina intsinzi. Oo, bagenzi!

⁴⁴⁰ Igihe twumva ko iyo ntambara iheze, twarasemereye, turavuzza amafirimbiri. Igihe intwari zagaruka, twabasanganiye hariya. Barasemereye. Baravuzza induru. Nari mfise muvyaranje yari hariya, yavuze ko, igihe yagaruka, abatama bose. . . Abarugwanye bari barakomeretse cane rwose, ku buryo batashobora kuva ku gitanda, rero baciye babatembagariza hejuru ku bwato igihe binjira, kugira barabe ca Cibutso c'Umwidagemevyo gihagaze. Yavuze ati: "Abo bagabo banini b'ibihangane bahagaze aho, bararira gusa, bagaca bagwa

hasi nyene *gutyo*, igihe babona Icibutso c'Umwidegemvyo." Bari bamaze imyaka ine kure yo muhira, bagwana, intambara zibahamamurira, n'ibindi vyose. Ariko bari bazi ko umugore, umukundwa, na nyina, na se, n'abana, n'abo bose bakunda, bari aho nyene inyuma y'ico Cibutso c'Umwidengemvyo. Vyerekana ico bari baragwaniye. Oo, amafirimbiri yaravuze, igisagara ca New York kija mu karuru, n'ivyo gusa, igihe intwari zabo zari mw'idefire ziriko zinjira. Ivyo bizoba ari ikintu gito cane.

⁴⁴¹ Igihe kimwe Kayisari, inyuma y'urugamba rukomeye, yavuze ati: "Nshaka ko umurwanyu wanje rutura kurusha abandi bose yicara iruhande yanje mur'uku guhimba intsinzi ikomeye ku bansi bacu." Maze umwe wese mu ntwarengabo arasongora amoya ku nkofero barahanagura inkizo zabo, hanyuma bagira idefire, murazi, gutya nk'a—nk'abasoda nyabo nk'uko. Haheze akanya, umutuma umwe mutoyi ararengana, afise inkovu. Bagenzi! Yabaye nk'uwunamuye umutwe gusa, aca arabandanya, nk'uku. Kayisari aca avugaga ati: "Rindira gato. Rindira gato. Wewe," ntiyari anambaye nk'i—nk'intwarengabo, ati: "ingo hano." Ati: "Izo nkovu wazikuye hehe?"

Nawe ati: "Hariya ku rugamba."

⁴⁴² Aca avugaga ati: "Urira hano. Ni we muntu nashaka ko yicara iruhande yanje." Kubera iki? Yarerekanye ko yabaye ku rugamba.

⁴⁴³ O Mana, girira imbabazi umuntu ashobora kwikomeretsa n'igikopo c'isaradine ariko ahabwe ugukezwaga. Nshaka kugira inkovu z'intambara. Nk'uko Paulo yavuze ati: "Mfise mu mubiri inkovu za Yesu Kristo." Ni co gituma nshaka kugwanira ku rubuga.

⁴⁴⁴ Umunsi umwe, igihe wa Mugabisha Wacu Mukuru Azozira, Umwe Yaduha ibigwanisho, Umwe Yaduha ibigwanisho vy'Imana, Mpwemu Yera, Aduha Ijambo ryiWe ngo turigwanishe, duhagarare ng'aho; igihe wa Mugabisha Wacu Mukuru Azozira ari kw'ifarasi, nshaka kuzokurira ku mukogote njane na We Imuhira, weho ntubishaka? Rero igihe nzoba mfashe ukuboko umugore wanje muto ashaje, nkitegereza aho nkabona bene Data n'abagore babo, n'abana babo, igihe tuzatangura kugendagenda muri izo paradizo z'Imana, n'Abamarayika bujuje ikirere indirimbo, hejuru gutya, muvugaga ngo umunsi mukuru wo kwigina!

⁴⁴⁵ Igihe intambara izoba irangiye, tuzokwambara ibitsibo. Oo, bagenzi! Oo, basoda b'umusaraba, kino gitondo, sokora uko kuboko ko kwizera, hanyuma ufate kino Kigwanisho.

⁴⁴⁶ Ubivugako iki, ga mushikanje, uriteguye? Sokora ico Kigwanisho, uvuye uti: "Mana, sinitayeho i—ivyo umurwanizi yambariye, ivyo uwundi wese yavuze uko bingana, kino gitondo, ndizeye, ndizeye."

447 Nk'uko navuze ejo bundi, gatoyi. . . ndibaza haraheze iminsi y'yinga mikeyi, hariho umuntu umwe yarose indoto. Yarose ko umurwanizi kari akantu gatoyi ka magoyagi, kaje kiruka kamugana. Gaca kavuga ngo: "Buu!" Na we aca asimba asubira inyuma, hanyuma umurwanizi aca aba munini kuruta. "Buu!" Aca asimba aja inyuma, hanyuma umurwanizi atera aba munini. Mu nyuma, umurwanizi yarabaye munini kungana nawe, mbere yari agiye kumusumba. Yaciye atahura ko ategerezwa kurwanisha ikintu kinaka, n'uko aca araba hirya no hino. Ntiyashoboye kuronka ico agwanisha. Yaciye atora Bibiliya gusa. Hanyuma umurwanizi avuga ngo: "Buu!" Na we aca avuga ngo: "Buu!" amwishura, hanyuma umurwanizi aca atangura kugabanuka, agabanuka, agabanuka. Maze, mu nyuma, aca aramukubita aramwica akoresheje Ijambo.

448 Uri umusoda, sivyo, ga mushikanje? Fata iryo Jambo uvuge uti: "Handitswe ngo." Amen. "Sinzopfa. Nzobaho. Nzokwicara aha nyene muri iri hema maze nshime Imana kubwo ukugira neza kwaYo, ndi kumwe n'abandi."

449 Ivyo muravyizera, mwa bera mwe? Amen.

Reka twunamike imitwe yacu.

450 O Mwami Imana, Muremyi w'amajuru n'isi, reka bimenyekane uyu musu yuko Ukiri Imana. Uko novuga ubutumwa kwose, ivyo novuga uko vyongana, Mwami, Ijambo rimwe rivuye kuri Wewe riheza impari.

451 Ibi bitambara biri hano, biserukira abantu barwaye. Ndasenze, Data wo mw'Ijuru, ngo imihezagiro n'inkomezi vyaWe bibe kuri kimwe cose muri vyo, mu gihe ndabirambitseko ibiganza. Mana, mw'Izina rya Yesu Kristo, ndasenze ngo usige bino bitanmabara Ukubaho kwaWe kwera, kuko vyanditswe mw'Ijambo. Si ikintu kigwanya Ijambo. Ariko havugwa mw'Ijambo, yuko: "Batwara ibitambara, n'impuzu vyakoze ku mubiri wa Paulo. Impwemu zihumanye zarava mu bantu, bagakira indwara zitandukanye." Rero, ntituri Paulo Mweranda, ariko Uracari Imana, Kandi Uracari umwe Mpwemu Yera nyene. Ndambitse ibiganza vyanje kuri bino bitambara, mw'Izina ry'Umwami Yesu, nsaba ngo Uhezagire kandi Ukize umuntu wese muri bo.

452 Kandi, Mana, uyu aryamye hano mu gitanda, yagumye aryamye ng'aha, nta kindi ari atari umwana, umukobwa mutoya mwiza gusa. Ntashobora kubaho, Mwami. Satani yamukoreye ikibi. Abaganga bakundwa b'iyi si baragerageje cane, nta nkeka, kugira ngo batabare uyu mwana. Gusa ntibashobora kubikora. Bari kw'iherezo ry'aho bageza kwiyumvira. Nta kindi bazi bokora. Ariko, Mwami, ndanezerewe cane ko hariho ikindi kigabane canditswe. Turashobora kuzingurura urundi rupapuro, kuri urwo rupapuro tukabona wa Muganga

Ahambaye Aseruka. Turiko tuMusaba ngo Adusuzume kino gitondo.

⁴⁵³ None, Mwami, mbega ntivyanditswe hano mw'Ijambo ryaWe, yuko: "Ibi bimenyetso bizokurikira abizera"? Mwami, namba ntari uwizera, Ngira uwizera ubu. Namba uyu mukobwa muto atari uwizera, Mugire uwizera ubu. "Ibi ibimenyetso bizokurikira abizera; ni barambika ibiganza ku bagwaye, bazokira." Handitswe kandi ngo: "Mw'Izina ryaNje bazosenda abadayimoni." Mwami, ayo—ayo ni Amajambo yaWe. Ni ayaWe. Ni Ijambo ryaWe. None rero nk'umukozi waWe. . .

⁴⁵⁴ Nk'uko wabivuze ngo: "Babiri canke batatu nibakoranira hamwe, Nzoba ndi hagati yanyu; kandi nimwahuza, mugahuriza ku kintu kimwe, mukagisaba, muzokironka."

⁴⁵⁵ Mana, uyu mwana ata gukeka niwe muntu agwaye kurusha abandi muri iyi nyubakwa kino gitondo, kuko ntagishoboye kubaho ataGufise, igihe kirekire, kandi niwe agwaye kurusha abandi. Rero, twese, turahuriye hamwe, nk'abasoda twese duhagaze hano. Kandi muri uyu mugwi hahagaze rwa Ruvyaro rwa cami rwa Aburahamu.

⁴⁵⁶ Turiko twerekeza kuri Satani ubu. Ni witegurire kugenda, Satani, kuko ibirwanisho vyacu biriko biraca ibibatsi, ibendera iriko irahungabana; abagore n'abagabo bafashe Inkota, baza bakugana, kubera uyu mukobwa mutoya. Sohoka muri we, Satani. Va kuri uwo mwana. Nk'ingabo z'Imana Nzima, turaguhinyuje. Muveko, mw'Izina rya Yesu Kristo.

⁴⁵⁷ Ngiye kumurambikako ibiganza. Kandi, Satani, waraboshe uyu mwana, waramukoreye ikibi. Ndazi ko ukomeye cane imbere y'ikiremwa muntu, ariko ntukomeye imbere y'Umwami wanjye, rero nje mw'Izina ryiWe. Mureke, wewe mpwemu y'umurwanizi. Wewe dayimoni y'indwara, sohoka muri uyu mwana, yidegemvyeye, uhareye uyu munsu. Ndabivuze, mw'Izina rya Yesu Kristo.

⁴⁵⁸ Rero, Mwami Mana, Wewe Wazuye abapfuye Ukemeza ko Uri Imana, Ongera uhe amagara meza n'inguvu uyu mugore muto, kugira azohagarare muri iyi nyubakwa hano. Satani yamuvuyemwo!...?...Araza kumukiza. Aze abeho kubw'ubwiza n'icubahiro vy'Imana.

Vya—vyavuzwe, reka bikoreke.

⁴⁵⁹ Mbega hari abandi ngaha bashaka kuduza ibiganza, mukavuga muti: "Ndashaka ko bansengera. Ndarwaye. Ndakeneye Imana"? Sinzi umwanya dufise uko ungana. Turafise umwanya uhagije wo kureka abantu bagaca hano. Ndiyumva neza vy'ukuri kino gitondo. Ego. Ego. Ndashaka ko uza hano, Billy, hanyuma ufate kumbure uyu muce uri hano, kuri *uru* ruhande hano, bonyene. Mureke uyu muce ubanze uze, hanyuma duca dufata umuce uri inyuma munyuma, gushika kuri *ako* kayira ng'aho. Rero turaza gufata abo gutyo, rero ntiba. . .

460 Ubu rero ndashaka ko Mwene Data Neville na bamwe muri bene Data b'abavugabutumwa bahagarara hano hafi yanje, ng'aha nyene, gutyo murashobora guca mwongera kubamanukana mu kayira kandi. Ni vyiza. Ni vyiza. Rero nda...

461 Ni bangahe muri mwebwe bambaye ibirwanisho vyabo?

462 (Biraza guhinduka ubu. Taha, umererwe neza rero, ukire.)

463 Amen. Oo, bagenzi! Mwebwe mwese abasoda, sokore Inkota. Sokore Inkota, basoda b'umusaraba, mutambuke muja imbere, mutambuke muja imbere.

Kuri Kristo, Igitandara gikomeye, niho
mpagaze.

Ahandi hose ni umusenya unyika.

464 Ni vyiza, muze ng'aha nyene, hano kuri uru ruhande nyene. Ubu rero mwese musenge, mu gihe bazoba bariko bararengana.

Mw'Izina rya Yesu, kiza uyu mugore. Amen.

Sokora Inkota yawe. Guma mu kibanza cawe, usemerera.

465 [Mwene Data Branham arabandanije gusengera abantu, amajambo yiwe menshi ntiyumvikana—Umw.]...?...

Nimuje imbere basoda b'Abakristo!
Mutambuke nk'abaja mu ntambara
N'umusaraba wa Yesu
Utugendera imbere.

466 Va mu nzira, Satani! Ni iyihe ngorane, ga basoda? Ntimwibza ko dushobora kunesha? Yaramaze kunesha. Turi abarushirije kuba abaneshi muri Kristo Yesu! Adayimoni bose barirukanywe, ibintu vyose. Amen.

Ngw'ino hano, mwene Data!...?...

Ndasenze ngo ukize...?...

Kiza mwene Data, Doc; mukize, Data, mw'Izina rya Yesu.

Mw'Izina rya Yesu Kristo, kiza uyu mupfasoni. Ingo...?...

467 None, yafashe...Nategerezwa kubaza bene Data bari inyuma. Hose, Umwami...?...

468 O Mwami Imana, Muremyi w'amajuru n'isi! O Mana, Urazi ikiri mu mutima wiwe. Urazi ibivyerereye vyose. Ndasengeye bompi mama na papa. Mw'Izina rya Yesu Kristo, ndaguhereje...?...

Mw'Izina rya Yesu Kristo, nda...?...

Mw'Izina rya Yesu Kristo, nda...?...

469 Mana, Ubane na mushikanje. Turazi, imyaka iratanguye kugwira bigatuma urupfu rushaka kwigarurira umubiri w'uwo mugore. Ubu, mw'Izina rya Yesu...?...

470 Mw'Izina rya Yesu Kristo, hezagira uyu mukobwa muto, Mwami. Intambara zacu kw'ishure hariya, ndazi ivyo acamwo. Ndasenze ngo Umuhezagire. Ese yosokora iyo Nkota, kino gitondo, akagenda aja imbere!...?...Hezagira aka gahungu gatoyi, Mwami; kariko karaza, kambaza Izina ryaWe, muri iki gitondo; Ndasenga ngo Uzojane na...?...?

471 Mana, hezagira mwene Data, Umuhe ico yasavye. Mw'Izina ry'Umwami Wacu Yesu, ndabivuze!...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo, dusenze rino sengesho.

Mw'Izina rya Yesu Kristo, dusenze rino sengesho.

Mw'Izina rya Yesu Kristo, dusenze rino sengesho.

Mw'Izina rya Yesu Kristo, du...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo, dusenze rino sengesho.

Mw'Izina rya Yesu Kristo...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo, kiza mwene Data.

Mw'Izina rya Yesu Kristo...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo!

Mw'Izina rya Yesu Kristo!

Mw'Izina rya Yesu Kristo!

Mw'Izina rya Yesu Kristo!

Mw'Izina rya Yesu Kristo!

472 [Umuntu umwe avuze ati: "Data yapfuye."—Umw.] Mana, mufashe, mw'Izina rya Yesu.

Mana, mw'Izina rya Yesu Kristo, du...?...?

Mana, mw'Izina rya Yesu!

Mw'Izina rya Yesu Kristo...?...?

Mw'Izina rya Yesu Kristo, kiza mwene Data.

Mw'Izina rya Yesu...?...?

Ubu muratahura?

O Mana, bino bigende kure...?...?

473 Mw'Izina rya Yesu Kristo, dusenze!...?...Nuhe mushikiwacu...?...?

474 O Mana, mugihe tuzi ko uyu muvyeyi muto w'igiciro ariko aca muri izi ngorane zose, ndasenze, Mana, ngo U...?...kuri we.

Sokora ya Nkota, Ed, hanyuma uje imbere, mw'Izina rya Yesu.

475 O Mana, kiza uyu mugore. Umuhe ico yasavye. Afate Inkota imbere yiwe, mu gihe c'ibigoye.

O Mana...?...kino gitondo. Ndasenze ngo Uze...?...?

476 Mana Data, ndasenze ngo Ukize mwene Data Umusubize amagara meza. Kandi mw'Izina rya Yesu Kristo...?...

477 Mana, ndasenze ngo Ukize mushikiwacu, Umusubize amagara meza, mw'Izina rya Yesu Kristo.

478 Mana Data, ndasenga ngo U—Ukize mwene Data.

Ukize mushikiwacu, Mwami!...?...

Data, mw'Izina rya Yesu, Kiza uyu, mushikiwacu, Data.

479 Data,...?...turasenze mw'Izina rya Yesu. Mana, kiza uyu mugore.

O Mana, ndasenze ngo U...?...

480 O Mana, Umuhezagire, Data!...?...Ese ingene dukunda abo bantu ba kera, Mwami. Kandi ndasenze ngo Umuhe ico yasavye!...?...

481 Data Wa twese Uri mw'Ijuru, ndasenze kugira ngo mwene Data...?...O Mana,...?...we, O Mana...?...umusoda w'umugaraba. Asokore ya Nkota, kino gitondo, atambuke aja imbere.

Mana, tu...?...Umuhe ico, O Mwami, ico yasavye.

482 Imana, Iguhezagire mwene Data...?...Ndasenze ngo Umukize, Mwami!...?...Umuhe icipfuzo c'umutima wiwe, mw'Izina rya Yesu Kristo.

483 O Data Uri mw'Ijuru, uyu mukozi w'Ubutumwa Bwiza akiri muto, umuhogo wiwe...?...Aho yogeje inkono...?...Mana, ndasenze ngo Uzo...?...Kandi mu gihe za ngabo zihambaye z'Imana ziriko zitera zija imbere, zifise Inkota zidugijwe, Umuhe intsinzi, Mwami. Umugabo wiwe akiri muto ari hano, Mwami, yakuwe ku gitanda c'uwurwaye kanseri aho yari aryanye, ariko yicwa na kanseri, kandi abaganga bari bamuhevye, yariko aracicana. None ari hano, iki gitondo, umusoda mutoya w'umugaraba. Umukomeze, Mwami, kubw'igikorwa caWe, turasavye, mw'Izina rya Yesu.

484 Nshaka urya mupfasoni mutoya...Hariho ikindi kintu kijanye n'uyu muvugabutumwa mutoya. Ingo hano, Mwene Data Kidd. Uyu mugabo yarungitswe muhira avuye mu bitaro, ubu vuba, ari ku mpfiro, kanseri yaramubozoye. [Mushikiwacu Kidd avuze ati: "Haciye umwaka."—Umw.] Haciye umwaka. ["Ibiri."] Haciye imyaka ibiri, arwaye uruhago. Abaganga bamuha iminsi mikeyi yo kubaho. Hanyuma igitondo kimwe, twaragiyeyo, hakiri kare, turamusengera, nk'uko nyene duhejeje kubikora kuri wewe, hanyuma ntibashobona no kubona n'agasigarira kayo. Yarakize. Amen. Ya—ya...["Bategerejwe kuvyemera."] Ubu aravyibushye cane kuruta uko yavyigeze. We n'umugore wiwe bari ku rubuga rw'Ubutumwa Bwiza, kumbure imbere y'uko mvuka. Ari ng'aha ubu...[Mwene Data Kidd avuze ati: "Imyaka mirongo itanu n'itanu."] Imyaka mirongo itanu n'itanu.

Imbere yuko nza no kw'isi, baza bigisha Ubutumwa Bwiza. None ng'uyu hano, yarakize, ku myaka hafi mirongo irindwi n'itanu, canke ["mirongo umunani n'umwe."] mirongo umunani n'umwe. ["Twaragira umuvyuro, igikorane c'indwi zibiri, nkavuga ubutumwa buri mugoroba."] Igikorane c'umuvyuro c'indwi zibiri, gukoresha igikorane c'umuvyuro c'indwi zibiri, kandi akavuga ubutumwa buri mugoroba. Afise imyaka mirongo umunani n'umwe, yarakize kanseri, igihe yari ashaje.

⁴⁸⁵ Ni vyiza, mushikanje, ni igihe cawe ubu. Urizera? *Jimbere Basoda b'Abakristo*. Ni vyiza, mushikanje. Mwebwe, kuri mwebwe mwese, muza gukora iki? UKU NI KO UHORAHO AVUZE. Dukore iki, tugume hano?

⁴⁸⁶ Satan, waratsinzwe. Turaje ubu. Turiko dutambuka tuja mu Gihugu c'isezerano. Ivyo ni ibiki? "Uyu musozi ni iki imbere ya Zorubabeli? Uwo ni nde, ahagaze ng'aho imbere? Uzocika ikiyaya." Kuki? Dukoresheje Inkota ifise ubugi impande zompi, Tuzomutemagurira hasi. Ni vyo. Ni vyiza.

Jimbere, basoda b'Abakristo!
Mugenda nk'abaja mu ntambara,
N'umugaraba wa Yesu
Uturi imbere;
Kristo, Databuja W'ubwami,
Aturongorera kurwanya umwansi; (N'Ijambo ryiWe.)
Atugiy'imbere mu rugamba,
Ehe, ibendera yiWe!
Jimbere, basoda b'Abakristo!
Mugenda nk'abagiye mu ntambara,
N'umugaraba wa Yesu
Uturi imbere.

⁴⁸⁷ Haleluya! Bakoze iki? Ni iki caza imbere mu ntambara, kuri Isirayeli, ni igiki caba ica mbere? Abaririmvyi ni bo baja imbere, ubwa mbere. Hakurikira iki? Isandugu. Hanyuma intambara. Ni vyiza. Ivyo uravyizera ubu? Turiko turirimba *Jimbere Basoda b'Abakristo*. Turiko dukuraho ugukekeranya kose. Turahagaze ubu, tuja ku rugamba.

Reka duhaguruke ubu, twese.

Jimbere Basoda b'Abakristo!
Mugenda nk'abagiye mu ntambara,
N'umugaraba wa Yesu
Uturi imbere;
Kristo, Databuja W'ubwami,
Aturongorera kurwanya umwansi;

Ni gute tumutsinda? Dukoresheje Ijambo.

Atugiy'imbere mu rugamba,
Ehe, ibendera yiWe!

Jimbere Basoda b'Abakristo!
Mugenda nk'abagiye mu ntambara,
N'umugaraba wa Yesu
Uturi imbere.

Ntidutandukanye,
Turi umubiri umwe twese;
Umwe mu vyizigiro n'Inyigisho,
Umwe mu rukundo.

⁴⁸⁸ Abizeye mwese ubu, muvuge muti: "Amen." [Ikoraniryo rivuze riti: "Amen."—Umw.] Haleluya! Muravyizera? Turi abaneshi. Abansi bese bari he? Muni y'ibirenge vyacu. Turi iki uno muni? Abazutse muri Kristo!

⁴⁸⁹ Ubu vyazeze, mushikiwacu. Uravyizera? Taha muhira ubu. Wiyumva neza? Avuze ko yiyumva neza ubu. Vyose bimeze neza.

⁴⁹⁰ Ni bangahe hariya biyumva neza? Igihe bakoma akaruru, uruhomwe rwacye rusenyuka, amen, baba barahafata. Amen. Bafashe igisagara. Amen! Amen! MuraMwizera?

⁴⁹¹ Rero, ntumwibagire igikorane co kumugoroba. Mwene Data Neville aza kuba ari hano ku mugoroba, atuzaniye ubutumwa bwiza. No kuw'iyinga, kuw'iyinga uza, Umwami Abishatse, nzoba ndi hano.

⁴⁹² Ubu rero reka tugende, uko dusohoka. Kandi rero, turiko turava muri iyi nyubakwa, reka tugende, turirimba, *Jimbere Basoda b'Abakristo*. Kandi kuva uyu muni, no kubandanya, ntumuzosubize iyo Nkota mu rwubati na rimwe. Yisokore. Reka tuneshe. "Bagenda nk'abaneshi, ngo baneshe." Ni vyiza, dusubire, kuri icyo gitero ca mbere.

Jimbere Basoda b'Abakristo!
Mugenda nk'abagiye mu ntambara,
N'umugaraba wa Yesu
Uturi imbere. 

62-0311 Intambara Ihambaye Cane Yigeze Kugwanwa
Ihema rya Branham
Jeffersonville, Indiana Leta Zunze Ubumwe za Amerika

KIRUNDI

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Itangazo rijanye n'Uburenganzira

Uburenganzira bwose burarinzwe. Iki gitabu kirashobora gusohorwa ku mashini yo muhira kugirango umuntu agikoreshe canke gitangwe, ku buntu, nk'igikoreshe co gukwiragiza Ubutumwa Bwiza bwa Yesu Kristo. Iki gitabu ntigishobora kugurishwa, gusubirwamwo ku rugero runini, gushirwa ku rubuga, kubikwa mu buryo bwo kurondera amakuru, guhindurwa mu zindi ndimi, canke gukoreshwa mu gusaba amahera ata ruhusha rwanditse rwa Voice Of God Recordings®

Ushaka kumenya vyinshi canke ushaka kuronka ibindi bikoreshe bihari, ushobora kwandikira:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org